



MODUL
PENGEMBANGAN KEPROFESIAN
BERKELANJUTAN
TERINTEGRASI PENGUATAN PENDIDIKAN KARAKTER

MAPEL BAHASA SUNDA SMA/SMK
KELOMPOK KOMPETENSI A

PEDAGOGIK:

Ngaronjatkeun Diajar Basa Sunda

PROFESIONAL:

Ragam Basa Sunda, Kawih, Jeung Mantra

Penulis

Drs. Undang Chaerudin, M.Si.; 085295956844; chaerudinundang@gmail.com

Tim Perevisi

Prof. Dr. H. Yayat Sudaryat, M.Hum.; 08122168925; yayat.sudaryat@upi.edu
Ranu Sudarmansyah, S.Pd; 085603182717;

Penelaah

Prof. Dr. H. Iskandarwassid.,M.Pd

Ilustrator

Yayan Yanuar Rahman, S.Pd., M.Ed.; yyanuar_r@yahoo.co.id; 081221813873

Cetakan Pertama, 2016

Cetakan Kedua, 2017

Copyright© 2017

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Bidang Taman Kanak-kanak & Pendidikan Luar Biasa, Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan.

Hak cipta dilindungi Undang-undang

Dilarang mengcopy sebagian atau keseluruhan isi buku ini untuk kepentingan komersial tanpa izin tertulis dari Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan.



KATA SAMBUTAN

Peran guru profesional dalam proses pembelajaran sangat penting sebagai kunci keberhasilan belajar siswa. Guru profesional adalah guru yang kompeten membangun proses pembelajaran yang baik sehingga dapat menghasilkan pendidikan yang berkualitas dan berkarakter prima. Hal tersebut menjadikan guru sebagai komponen yang menjadi fokus perhatian Pemerintah maupun pemerintah daerah dalam peningkatan mutu pendidikan terutama menyangkut kompetensi guru.

Pengembangan profesionalitas guru melalui Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan merupakan upaya Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan melalui Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan dalam upaya peningkatan kompetensi guru. Sejalan dengan hal tersebut, pemetaan kompetensi guru telah dilakukan melalui Uji Kompetensi Guru (UKG) untuk kompetensi pedagogik dan profesional pada akhir tahun 2015. Peta profil hasil UKG menunjukkan kekuatan dan kelemahan kompetensi guru dalam penguasaan pengetahuan pedagogik dan profesional. Peta kompetensi guru tersebut dikelompokkan menjadi 10 (sepuluh) kelompok kompetensi. Tindak lanjut pelaksanaan UKG diwujudkan dalam bentuk pelatihan guru paska UKG pada tahun 2016 dan akan dilanjutkan pada tahun 2017 ini dengan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan bagi Guru. Tujuannya adalah untuk meningkatkan kompetensi guru sebagai agen perubahan dan sumber belajar utama bagi peserta didik. Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan bagi Guru dilaksanakan melalui tiga moda, yaitu: 1) Moda Tatap Muka, 2) Moda Daring Murni (online), dan 3) Moda Daring Kombinasi (kombinasi antara tatap muka dengan daring).

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan (PPPPTK), Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Kelautan Perikanan Teknologi Informasi dan Komunikasi (LP3TK KPTK) dan Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Kepala Sekolah (LP2KS) merupakan Unit Pelaksana Teknis di lingkungan Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan yang bertanggung jawab dalam mengembangkan perangkat dan melaksanakan peningkatan kompetensi guru sesuai bidangnya. Adapun perangkat pembelajaran yang dikembangkan tersebut adalah modul Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan bagi Guru moda tatap muka dan moda daring untuk semua mata pelajaran dan kelompok kompetensi. Dengan modul ini diharapkan program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan memberikan sumbangan yang sangat besar dalam peningkatan kualitas kompetensi guru.

Mari kita sukseskan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan ini untuk mewujudkan Guru Mulia Karena Karya.

Jakarta, April 2017



Direktur Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan,

Sumarna Surapranata, Ph.D.


NIP 195908011985031002

KATA PENGANTAR

Kebijakan Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan dalam meningkatkan kompetensi guru secara berkelanjutan, diawali dengan pelaksanaan Uji Kompetensi Guru dan ditindaklanjuti dengan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan. Untuk memenuhi kebutuhan bahan ajar kegiatan tersebut, Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Taman Kanak-Kanak dan Pendidikan Luar Biasa (PPPPTK TK dan PLB), telah mengembangkan Modul Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Mata Pelajaran Bahasa Sunda jenjang SD, SMP, SLB, SMA dan SMK yang terintegrasi Penguatan Pendidikan Karakter dan merujuk pada Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomor 16 Tahun 2007 tentang Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru, Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013 tentang Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah, serta Permendikbud No. 79 Tahun 2014 tentang Muatan Lokal Kurikulum 2013.

Kedalaman materi dan pemetaan kompetensi dalam modul ini disusun menjadi sepuluh kelompok kompetensi. Setiap modul meliputi pengembangan materi kompetensi pedagogik dan profesional bagi guru Bahasa Sunda. Subtansi modul ini diharapkan dapat memberikan referensi, motivasi, dan inspirasi bagi peserta dalam mengeksplorasi dan mendalami kompetensi pedagogik dan profesional guru Bahasa Sunda.

Kami berharap modul yang disusun ini dapat menjadi bahan rujukan utama dalam pelaksanaan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Mata Pelajaran Bahasa Sunda. Untuk pengayaan materi, peserta diklat disarankan untuk menggunakan referensi lain yang relevan. Kami mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah berperan aktif dalam penyusunan modul ini.

Bandung, April 2017
Kepala,

Drs. Sam Yhon, M.M.
NIP. 195812061980031003





DAPTAR EUSI

KATA SAMBUTAN	iii
KATA PENGANTAR.....	v
DAPTAR EUSI	vii
DAPTAR TABEL	xi
DAPTAR GAMBAR	xiii
DAPTAR BAGAN	xv
BUBUKA	1
A. Kasang Tukang.....	1
B. Tujuan	3
C. Peta Kompeténsi	5
D. Ambahan Matéri	6
D. Cara Ngagunakeun Modul.....	6
KOMPETENSI PEDAGOGIK:	7
KAGIATAN DIAJAR 1 MIKAWANOH KARAKTERISTIK, KAMAMPUH AWAL, JEUNG BANGBALUH SISWA SMA DINA DIAJAR BASA SUNDA	9
A. Tujuan	9
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	9
C. Pedaran Matéri	10
D. Kagiatan Diajar	30
E. Latihan.....	30
F. Tingkesan.....	31
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	34
Réfleksi jeung Lajuning Laku	34
No.	35
Tujuan Pangajaran.....	35
Kahontal	35
Can Kahontal.....	35

Lajuning Laku:.....	35
KAGIATAN DIAJAR 2 NGARONJATKEUN POTENSI, PRÉSTASI JEUNG KREATIVITAS SISWA DINA DIAJAR BASA SUNDA.....	37
A. Tujuan	37
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	37
C. Pedaran Matéri	37
1. Ngaronjatkeun Potensi Siswa dina Diajar Basa Sunda	37
D. Kagiatan Diajar	55
E. Latihan.....	56
F. Tingkesan.....	56
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	58
Réfleksi jeung Lajuning Laku	59
Tujuan Pangajaran.....	59
Kahontal	59
Can Kahontal.....	59
Lajuning Laku:.....	59
KOMPETENSI PROFESIONAL:	61
KAGIATAN DIAJAR 3 HAKEKAT JEUNG CIRI KHAS BASA SUNDA	63
A. Tujuan	63
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	63
C. Pedaran Matéri	63
D. Kagiatan Diajar	95
E. Latihan.....	96
F. Tingkesan.....	97
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	99
Réfleksi jeung Lajuning Laku	100
No.	100
Tujuan Pangajaran.....	100
Kahontal	100
Can Kahontal.....	100

Lajuning Laku:.....	100
KAGIATAN DIAJAR 4 KAWIH, KAKAWIHAN, JEUNG MANTRA.....	101
A. Tujuan	101
B. Indikator Kahontalna Kompetensi	101
C. Pedaran Matéri	101
1. Wangun jeung Rumpaka Kakawihan.....	101
D. Kegiatan Diajar	120
E. Latihan.....	121
F. Tingkesan.....	122
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	124
Réfleksi jeung Lajuning Laku	124
No.	125
Tujuan Pangajaran.....	125
Kahontal	125
Can Kahontal.....	125
Lajuning Laku:.....	125
KONCI JAWABAN	127
ÉVALUASI	137
PANUTUP	147
GLOSARIUM.....	151



DAPTAR TABEL

Tabél 1.1 Conto Ragam Loma jeung Ragam Hormat.....	20
Tabél 3.1 Tahapan Diajar Basa	84
Tabél 3.2 Kamekaran Kabeungharan Kecap pikeun Budak.....	85
Tabél 3.3 Kamekaran Basa Budak	89
Tabel 4. 1 Sastra Lagu.....	109

DAPTAR GAMBAR

Gambar 2. 1 Salah sahiji adegan kahirupan masarakat Sunda di pilemburan keur ngayakeun gempungan nyawalakeun pangwangunan masjid swadaya murni.....	38
Gambar 2. 2 Adegan Nomoman Sunda ngabagéakeun ka tatamu nu umurna leuwih kolot ti manéhna ku budi basa nu soméah dibarung ku rengkuh nu hadé	39
Gambar 2. 3 Situasi Diajar nu Lalugina Pikaresepeun jeung Pikabetaheun	45
Gambar 2.4 Adegan situasi prosés diajar ngajar partisipatif	48
Gambar 2.5 Adegan situasi prosés diajar ngajar nu aktif	49
Gambar 2.6 Adegan situasi prosés diajar ngajar nu kréatif	50
Gambar 2.7 Adegan situasi diajar ngajar nu éfektif	52

DAPTAR BAGAN

Bagan 4.1 Struktur Rumpaka Tembang	114
--	-----

BUBUKA

A. Kasang Tukang

Dumasar kana Kompeténsi Inti jeung Kompeténsi Dasar (KIKD) pangajaran Basa jeung Sastra Sunda anu nyoko kana Palanggeran Pamaréntah Provinsi Jawa Barat No. 5 taun 2003 anu patalina jeung mulasara Basa, Sastra katut Aksara Sunda, kudu diajarkeun di Sakola Dasar di wewengkon Jawa Barat. Éta kawijakan téh luyu jeung UU No 22 taun 1999 ngeunaan Pamaréntahan Daerah jeung UU No 20 taun 2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional, nyoko kana UUD 1945 anu aya patalina jeung masalah atikan katut kabudayaan. Jaba ti éta, Palanggeran Pamaréntah Republik Indonesia No. 19 taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan, Bab III pasal 7 ayat 3 -8 anu nétélakeun yén ti mimiti SD/MI/SDLB, SMP/MTs/SMPLB, SMA/MA/SMALB jeung SMK/MAK dibéré pangajaran muatan lokal (mulok) anu luyu jeung rékoméndasi UNESCO taun 1999 ngeunaan *“pemeliharaan bahasa-bahasa ibu di dunia”*.

Patali jeung éta kawijakan pamaréntah anu kaunggél di luhur, sawadina masarakat Jawa Barat milu aub ngarojong sangkan basa, sastra katut budaya Sunda tetep nanjeur, sawawa, satahapan jeung basa-basa liana anu hirup hurip di nusantara ieu. Salah sahiji cara rumujongna kana éta kawijakan pamaréntah téh nya éta ngaliwatan atikan di sakola-sakola (ti mimiti SD nepi ka SMA).

Sakumaha anu géus disebutkeun di luhur, aya hal anu kudu dihontal ku paraguru di sakola, boh SD/MI, boh SMP/MTs, boh di SMA/MA, kitu deui di SMK/MAK téh nya éta kamampuh inti katut kamampuh dasar barudak enggoning ngagunakeun basa Sunda. Ieu pisan anu jadi mataholang pasualan pangajaran basa katut sastra Sunda di sakola téh. Kawasna baé paraguru kudu parigél jeung rancagé ngolo nyombo ka barudak sangkan léah haténa daraék nyarita ku basa Sunda. Lantaran, enas-enasna diajar basa téh nya éta mibanda kaparigelan nyarita ku basa anu diajarkeunana.

Dina prosés diajar ngajar, tangtuna waé guru kudu parigel ngaluluguan jeung nyontokeun kumaha makéna basa anu bener tur merenah. Jaba ti kitu, nu méh kapopohokeun téh

nyaéta ngatik ngadidik ka parasiswa ngeunaan tatakrama, boh tatakrama nyarita boh tatakrama anu patali jeung rengkuh (sopan santun tur handap asor).

Aya sababaraha komponén anu teu bisa dipisah-pisah, kayaning: bahan ajar, tujuan pangajaran, kurikulum, guru jeung siswa, métode pangajaran, média jeung sumber diajar, katut évaluasi pangajaran. Tina sajumlah komponén nu ditataan bieu, komponén bahan ajar anu bakal jadi bahan pedaran téh.

Bahan ajar dina pangajaran basa jeung sastra Sunda gurat badagna ngawéngku bahan ajar basa Sunda jeung bahan ajar sastra Sunda. Boh bahan ajar basa boh bahan ajar sastra, wengkuanana lega pisan, ku kituna kudu dipilih jeung dipilah diluyukeun jeung pamaredih kurikulum.

Ieu modul diwangun ku sababaraha matéri, kayaning: kumaha cara mikawanoh karakteristik (tatakrama) siswa enggoning diajar basa Sunda; kumaha cara ngamalirkeun poténsi siswa enggoning diajar basa Sunda; kumaha cara mikawanoh kamampuh awal siswa dina diajar basa Sunda, kumaha cara ngungkulan héséna siswa diajar basa Sunda; kumaha cara ngaronjatkeun préstasi jeung kréativitas siswa dina diajar basa Sunda; kumaha hakékat basa Sunda téh, naon waé anu jadi ciri has basa Sunda, naon waé anu jadi ciri basa budak, kumaha wangun jeung rumpaka kakawihan téh, jeung kaparigelan ngagunakeun basa.

Ieu modul téh ngadumaniskeun antara tiori-tiori pedagogik jeung kaprofésionalan jeung konsép penguatan pendidikan karakter anu ngawengku 5 niléy dasar nya éta réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas. Niléy réligi bisa katingali tina paripolah ngalaksanakeun ibadah jeung kataatan kana ajaran agama nu dicepengna, ngajénan kana rupaning agama, tur ngariksa kana sakumna ciptaan Mantenna. Niléy nasionalis katitén tina cara mikir jeung paripolah anu satia, *peduli*, tur ngajén kana bédana basa, lingkungan fisik, sosial, budaya, ekonomi, sarta pulitik. Cindekna, kapentingan balaréa jadi hal anu kudu diheulakeun. Niléy mandiri bisa katitén tina sikep anu teu gumantung ka nu séjén jeung daék mikir tur bajoang pikeun ngahontal harepan jeung angen-angen. Niléy gotong royong ébréh tina paripolah anu daék gawé bareng, rempug jukung sauyunan dian nyanghareupan pasualan, resep nyarita jeung teu kurung batokeun, jeung daék nulung ka nu butuh nalang ka nu susah. Panungtung, niléy

integritas mangrupa niléy anu ngadadasaran hiji jalma dina ngalaksanakeun pagawéan sangkan bisa dipercaya, boga komitmen jeung tuhu kana niléy kamanusaan jeung moral.

Lima niléy di luhur ngajanggélék dina proses pangajaran nu aya dina ieu modul. Sanggeus medar ieu modul, guru dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuhna tur nerapkeun niléy-niléy PPK dina hirup kumbuh sapopoé, boh keur dirina sorangan boh népakeun ka nu séjén.

B. Tujuan

Tujuan anu baris dihontal ieu matéri Modul Diklat Pembinaan Karir Guru basa Sunda Kelompok Kompetensi A, diwincik dina Kompetensi Inti (KI), Standar Kompetensi Guru (SKG), jeung Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK), kalawan dibarung jeung ajén atikan karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

Kompetensi Inti (KI)

1. Menguasai karakteristik peserta didik dari aspek fisik, moral, spiritual, sosial, kultural, emosional, dan intelektual.
2. Memfasilitasi pengembangan potensi peserta didik untuk mengaktualisasikan berbagai
3. Menguasai materi, struktur, konsep, dan pola pikir keilmuan yang mendukung mata pelajaran yang diampu

Standar Kompetensi Guru (SKG)

- 1.1 Memahami karakteristik peserta didik yang berkaitan dengan aspek fisik, intelektual, sosio-emosional, moral, spiritual, dan latar belakang sosial-budaya.
- 1.2 Mengidentifikasi potensi peserta didik dalam mata pelajaran yang diampu.
- 1.3 Mengidentifikasi bekal-ajar awal peserta didik dalam mata pelajaran yang diampu.

- 1.4 Mengidentifikasi kesulitan belajar peserta didik dalam mata pelajaran yang diampu.
- 2.1 Menyediakan berbagai kegiatan pembelajaran untuk mendorong peserta didik mencapai prestasi secara optimal.
- 2.2 Menyediakan berbagai kegiatan pembelajaran untuk mengaktualisasikan potensi peserta didik, termasuk kreativitasnya.
- 3.1 Memahami hakikat bahasa dan pemerolehan bahasa Sunda.
- 3.2 Mampu mengapresiasi karya sastra Sunda, secara reseptif dan produktif.

Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK)

- 1.1.1 Mengidentifikasi kemampuan berbahasa Sunda peserta didik berdasarkan latar belakang sosial budaya.
- 1.1.2 Menemukan potensi peserta didik dalam pembelajaran bahasa Sunda.
- 1.1.3 Mengorganisir bekal ajar awal peserta didik dalam pembelajaran bahasa Sunda.
- 1.1.4 Merinci kesulitan belajar peserta didik dalam pembelajaran bahasa Sunda.
- 2.1.1 Merancang suatu kegiatan pembelajaran untuk mendorong peserta didik mencapai prestasi secara optimal.
- 2.2.1 Merancang kegiatan pemberian tugas guna mengaktualisasikan potensi dan kreativitas peserta didik dalam pemecahan masalah.
- 3.1.1 Menentukan hakikat (ciri internal) bahasa Sunda
- 3.1.2 Mengidentifikasi ciri khas bahasa Sunda
- 3.1.3 Mengidentifikasi ciri-ciri bahasa anak
- 3.1.4 Menentukan identitas (ciri eksternal) bahasa Sunda


Sacara husus, dipiharep paraguru SMA/SMK mibanda kamampuh pikeun

1. maham karakteristik, poténsi, jeung kamampuh awal murid dina diajar basa Sunda; ngungkulan bangbaluk murid dina diajar basa Sunda jeung ngaronjatkeun préstasi katut kréativitas murid dina diajar basa Sunda;
2. ngawasa hakékat basa, ciri has basa Sunda, ciri has basa budak, jeung kawih katut kakawihan minangkan dadasar ngajarkeun basa jeung sastra Sunda di SMA/SMK.

Dua tujuan anu ditembrakkeun di luhur mudahan-mudah bisa kahontal kalawan nyugemakeun ngaliwatan paripolah kagiatan diajar ku cara ngagunakeun média modul ieu.

Prosés diajar nu dijalankeun ku parapamilon Diklat bakal méré warna kana hasil nu dipiharep. Lamun sikep katut paripolah diajarna parapamilon Diklat hadé tur daria, gedé kamungkinan naon anu dipiharep bakal kacumponan kalawan hasil nu nyugemakeun; tapi sabalikna, lamun parapamilon sikep katut paripolah diajarna kurang daria jeung kurang sosen-sosen, pamohalan tujuan nu ditatangtukeun dina ieu modul téh bisa kahontal. Ku kituna, sakali deui pikeun parapamilon usahakeun dina nyanghareupan ieu tugas diajar ngaliwatan modul téh kudu dilaksanakeun kalawan daria tur sosen-sosen.

C. Peta Kompeténsi



Gambar 1 Peta Kompeténsi Kagiatan Diajar Diklat PKB Guru Basa Sunda

D. Ambahan Matéri

Bahan anu dipidangkeun dina ieu modul nyoko kana wengkuan bahan ajar basa jeung sastra Sunda, nya éta kaédah basa (ciri-ciri khas basa Sunda, ciri basa budak jeung kaparigelan ngagunakeun basa), sarta tiori jeung génre sastra (kawih, kakawihan, jeung mantra) katut aprésiasina. Luyu jeung ambahan matéri, pidanganana diwangun ku opat kagiatan diajar saperti ieu di handap.

Kagiatan Diajar 1: Mikawanoh karakteristik, kamampuh awal, jeung bangbaluh siswa dina diajar basa sunda dina diajar basa Sunda dibarung ku rasa percaya diri jeung kerja keras;

Kagiatan Diajar 2: Ngaronjatkeun poténsi, préstasi jeung kréativitas siswa dina diajar basa sunda sacara Profesional jeung tanggung jawab;

Kagiatan Diajar 3: Mikawanoh Hakekat jeung ciri has basa sunda dibarung ku gawé bareng jeung jeung kréatif; jeung

Kagiatan Diajar 4: Ngajéntrékeun Kawih, kakawihan, jeung mantra dibarung ku rasa resep, wantar jeung kréatif.

D. Cara Ngagunakeun Modul

Kamampuh atawa kompetensi Sadérék dina ngawasa bahan Kagiatan Diajar baris dipeunteun ku hasil tés jeung laporan pancén pribadi, anu ngawéngku (1) bahan ajar basa jeung sastra Sunda, (2) kaédah basa (ciri-ciri has basa Sunda, ciri has basa budak), (3) tiori jeung génre sastra (kawih, kakawihan jeung mantra), jeung (4) kaparigelan ngagunakeun basa Sunda.

Dina ngulik éta bahan kagiatan diajar téh, Sadérék kudu maca jeung ngajawab latihan dina Kagiatan Diajar kalawan ngaruntuy jeung taat kana aturan. Ari sababna, bahan dina Kagiatan Diajar I jadi dasar pikeun bahan dina Kagiatan Diajar II, bahan kagiatan diajar II bakal jadi bahan pikeun kagiatan diajar III, jst. Lamun manggihan bangbaluh dina nyangkem bahan jeung ngajawab latihan atawa soal, Sadérék bisa nyawalakeun (ngadiskusikeun) jeung kancamitra séjénna atawa nanyakeun ka instruktur.

KOMPETENSI PEDAGOGIK:

NGARONJATKEUN DIAJAR BASA SUNDA

KAGIATAN DIAJAR 1

MIKAWANOH KARAKTERISTIK, KAMAMPUH AWAL, JEUNG BANGBALUH SISWA SMA DINA DIAJAR BASA SUNDA

A. Tujuan

Saréngséna diajar matéri kahiji ngeunaan karakteristik, kamampuh awal, jeung bangbaluh siswa dina diajar Basa Sunda, dipiharep Sadérék meunang kamampuh ngeunaan karakteristik, kamampuh awal jeung bangbaluh siswa SMA kalawan meunang ajén atikan karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

Kompetensi Inti (KI)

1. Menguasai karakteristik peserta didik dari aspek fisik, moral, spiritual, sosial, kultural, emosional, dan intelektual.

Standar Kompetensi Guru (SKG)

- 1.1 Memahami karakteristik peserta didik yang berkaitan dengan aspek fisik, intelektual, sosio-emosional, moral, spiritual, dan latar belakang sosial-budaya.
- 1.2 Mengidentifikasi potensi peserta didik dalam mata pelajaran yang diampu.
- 1.3 Mengidentifikasi bekal-ajar awal peserta didik dalam mata pelajaran yang diampu.
- 1.4 Mengidentifikasi kesulitan belajar peserta didik dalam mata pelajaran yang diampu.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

- 1.1.1 Mengidentifikasi kemampuan berbahasa Sunda peserta didik berdasarkan latar belakang sosial budaya.
- 1.1.2 Menemukan potesi peserta didik dalam pembelajaran bahasa Sunda.

1.1.3 Mengorganisir bekal ajar awal peserta didik dalam pembelajaran bahasa Sunda.

1.1.4 Merinci kesulitan belajar peserta didik dalam pembelajaran bahasa Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Karakteristik Siswa SMA dina Diajar Basa Sunda

a. Karakteristik Siswa SMA

Mangsa SMA mangrupa mangsa peralihan tina budak ka rumaja. Dina ieu mangsa, ilaharna barudak leuwih resep nyobaan hal anyar anu bisa ngahudang kawanina. Kajaba ti éta gé mangsa-mangsa SMA téh gedé pangaruhna pikeun nangtukeun kahareupna.

Karakteristik siswa SMA mangrupa sipat has siswa anu luyu jeung watek nu tangtu katut umur nu dipibanda ku siswa SMA. Siswa (pamilon atikan) anu diajar dina jenjang nu tangtu mibanda karakteristik mandiri mun dibandingkeun jeung siswa anu diajar dina jenjang atikan anu béda. Karakteristik siswa SMA béda dengan siswa SMP. Dina prosés pangajaran, pamilon atikan mangrupa komponén masukan anu mibanda kalungguhan puseur (séntral). Teu mungkin prosés pangajaran lumangsung tanpa ayana pamilon atikan, anu disebut siswa. Sangkan bisa ngalaksanakeun pancénna kalawan hadé, guru perlu nyangkem karakteristik siswana. Waktu prosés pangajaran di sakola, siswa mibanda kasang tukang anu béda. Guru kudu bisa nyangreb (ngaakomodasi) tiap bébédaan ti siswana sangkan suasana pangajaran kondusif.

Patali jeung pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMA, karakteristik jeung kamekaran jiwa siswa bisa disawang tina aspék kognitif, psikomotor, jeung aféktif.

Kamekaran Aspék Kognitif

Siswa SMA aya dina umur 15 – 18 taun kaasup kana mangsa robahna karakter ti budak ka rumaja. Luyu jeung tiori kamekaran, mangsa rumaja mangrupa mangsa

anu pinuh ku parobahan-parobahan nu kawilang térah kahontalna boh dina kognitif boh emosi katut sosialna (Fagan: 2006)

Ceuk Érikson mah masa rumaja téh mangrupa mangsa lumangsungna krisis jatidiri atawa néangan jatidiri. Balukarna muncul pasualan dina dirina sorangan.

Karakteristik anu nyongcolang dina mangsa rumaja diantarana:

1. Ayana kateusarimbangan antara jangkung jeung beurat awak. Balukarna bisa nyieun budak éra.
2. Mimiti ayana ciri-ciri sekunder;
3. Aya kereteg pikeun ngagunakeun basa deungeun;
4. Pagedrugna antara kahayang nyorangan, campur gaul jeung batur tur kahayang bébas tina dominasi kolot;
5. Resep ngabandingkeun kaédah, ajén-inajén, étika jeung kaayaan nu disanghareupanana;
6. Mimiti tumanya ngeunaan éksisténsina;
7. Réspon jeung amarahna masih kénéh turun naék;
8. Paripolahna mimiti mola tapi tacan sagemblengna; jeung
9. Minat tur pilihanana geus mimiti aya kelemengna.

Implikasi tina katerangan bieu, hususna pikeun ngungkulan poin nomer tilu, pangajaran bakal gedé hartina lamun input jeung matéri pangajaran diluyukeun kana karep, minat, jeung bakat siswa. Matéri ajar ditataharkeun luyu jeung kamampuh katut karakteristik siswa nepi ka motivasi diajar maranéhna aya dina tahapan nu optimal.

Dina umur sakitu mekar ogé kacerdasan siswa, anu dipikawanoh ku sesebutan *Multiple Intelligences* (Gadner, 1983), nyaéta kacerdasan (1) linguistik (kamampuh maké basa kalawan fungsional), (2) logis-matematis (kamampuh nalar), (3) musikal (kamampuh nyanggap jeung ngébréhkeun titi laras jeung wirahma), (4) spasial (kamampuh ngawangun imaji méntal ngeunaan réalitas-tata rohangan), (5) kinétik ragawi (kamampuh ngahasilkeun gerakan motorik kalawan lemes), (6) intrapribadi (kamampuh mikawanoh diri sorangan jeung mekarkeun rasa jatidiri), jeung (7) antarpribadi (kamampuh nyangkem ayana jalma lian). Sakabéh aspék kacerdasan téh bisa mekar kalawan hadé lamun dimangpaatkeun ku guru nepi ka bisa mantuan siswa ngawasa tur parigel basa Sunda.

Kamekaran Aspék Psikomotor

Kamekaran aspék psikomotor kaasup aspék anu kawilang penting dina pangajaran basa jeung sastra Sunda. Ku kituna, guru kudu wanoh kana aspék psikomotor siswa SMA, anu ngawengku tilu tahap, nyaéta tahap kognitif, tahap asosiatif, jeung tahap otonomi.

Tahap Kognitif

Dina tahap kognitif dicirian ku ayana gerakan-gerakan anu kaku jeung kendor. Ieu téh muncul lantaran siswa masih dina tahap diajar pikeun ngadalikeun tur ngatur gerakan-gerakanana. Maranéhna kudu mikir saméméh milampah hiji gerakan. Dina ieu tahap siswa mindeng milampah kasalahan, malah mindeng ngamuncul rasa frustrasi.

Tahap Asosiatif

Dina ieu tahap, siswa teu kudu lila pikeun mikiran gerakan-gerakan anu rék dipilampahna. Maranéhna mimiti ngaasosiasikeun gerakan anu keur diulikna jeung gerakan anu geus dipikawanohna. Ieu tahap téh kaasup kana tahap panengah dina kamekaran psikomotor mah. Ku kituna, gerakan-gerakan dina ieu tahap can mangrupa gerakan nu sipatna langsung tur otomatis. Najan kitu, dina ieu tahap maranéhna masih maké kénéh akal (rasio)na pikeun rada mikir ti batan dina tahap kognitif. Jaba ti éta, lantaran waktu keur mikirna leuwih singget, atuh gerakan-gerakanana geus mimiti teu kaku deui.

Tahap Otonomi

Dina ieu tahap siswa geus ngahontal otonomi tahap luhur. Prosés pangajaran geus méh lengkep, najan tetep bisa kéneh ngoméan gerakan-gerakan anu diulikna. Ieu tahap disebut minangka tahap otonomi lantaran siswa geus teu merlukeun deui hadirna pihak séjén pikeun milampah gerakan-gerakan. Dina ieu tahap gerakan-gerakan geus dipilampah kalawan spontanitas nepi ka gerakan-gerakan nu dipilampahna geus teu kudu dipikiran deui.

Kamekaran Aspek Aféktif

Hasil henteuna pangajaran basa jeung sastra Sunda ditangtukeun lain ku kamekaran kognitif jeung psikomotor wungkul, tapi ogé ditangtukeun ku kamekaran afektif siswa. Dina dasarna ranah afektif nyoko kana rupaning émosi jeung rasa anu dipibanda ku unggal jalma.

Bloom dina Brown (2000) ngabagi ranah aféktif jadi lima tataran, nyaéta (1) sadar kana situasi, fénoména, masarakat, jeung obyék sabudeureun; (2) tanggap atawa résponsif kana sakur rangsangan anu aya di sabudeureun maranéhna; (3) bisa meunteun atawa ngajén hadé goréngna hiji perkara; (4) geus bisa ngaorganisasikeun ajén-inajén ngeunaan hiji sistim, tur bisa nangtukeun patalina di antara ajén-inajén anu nyampak; jeung (5) geus mimiti boga karakteristik tur wanoh kana karakteristikna dina wangun ajén-inajén.

Ku ayana panyangkem ti guru SMA kana tilu tahap kamekaran jiwa barudak, dipiharep guru-guru bisa nempatkeun pangajaran basa jeung sastra Sunda anu merenah. Anu satuuyna guru-guru bisa mekarkeun kaparigelan atawa kamampuh basa Sunda siswa, boh kamampuh éksprésif (nyarita jeung nulis) boh kamampuh réséptif (ngaregepkeun jeung maca). Ku cara kitu, dipharep kamampuh jeung kaparigelan siswa dina ngagunakeun basa Sunda jeung aprésiasi sastra Sunda bisa enya-nya mekar kalawan optimal.

b. Nu Mangaruhan Karakteristik Siswa

Nunurutkeun Depdikbud (1997), karakteristik siswa téh dipangaruhan ku umur, wanda jinis (jenis kelamin), pangalaman prasakola, kamampuh sosial ékonomi, tingkat kacerdasan, kréativitas, bakat jeung minat, pangaweruh dasar jeung préstasi saméméhna, motivasi diajar, jeung sikép diajar.

1) Umur jeung Wanda Jinis

Dina diajar, umur kaasup faktor penting nu kudu ditimbang-timbang lantaran raket patalina jeung kamekaran katut *kematangan*.

2) Pengalaman Prasekolah

Pangalaman nu dipibanda ku siswa saméméh asup sakola bakal mangaruhan kamampuh siswa dina diajar di sakolana. Saméméh asup SMA, umumna siswa geus kungsi milu atikan di SMP.

3) Kamampuh Sosial Ékonomi

Indikator kasang tukang sosial ékonomi nyaéta atikan kolotna, kasab kolotna, pangasilan kolotna, jeung tempat dumukna. Siswa anu kolotna boga atikan luhur, ilaharna kasabna leuwih alus, pangasilanana leuwih luhur, tur tempat

dumukna rélatif leuwih alus. Kitu deui sabalikna, siswa nu kolotna boga atikan handap, ilaharna kasab, pangasilan, jeung tempat dumukna rélatif sederhana. Kasang tukang sosial ékonomi kulawarga kudu jadi bahan tinimbangan dina prosés pangajaran lantaran bakal mangaruhan hasil henteuna diajar siswa di sakola. Panitén guru pangpangna ditujukeun ka siswa anu asalna ti kulawarga nu kurang untung, upamana waé, lantaran miskin, katalangsara, tur mencil.

Nurutkeun Depdikbud (1997), “kamiskinan ékonomi bisa ngabalukarkeun kamiskinan kamekaran fisik, inteléktual, sosial, jeung émosional”. Tina jihat waruga (fisik) budak miskin geringan, kurang sumangat, jeung nundutan. Tina jihat sosial maranéhna kurang nyobat, agrésif atawa sabalikna éraan, kedul, *rendah diri*. Tina jihat émosional maranéhna labil jeung kurang eungeuh kana kapentingan batur. Tina jihat kognitif maranéhna héngkér, kamampuh diajarna kendor, karepna kurang, jeung hésé konséntrasi. Kaayaan maranéhna béda jeung barudak ti kalangan strata sosial ékonomi panengah jeung luhur. Di kulawarga maranéhna meunang panitén anu hadé, kadaharan nu gijian, jeung iklim kulawarga nu haneuteun.

4) Tingkat Kecerdasan

Nurutkeun Depdikbud (1997), tingkat kacerdasan atawa inteligénsi mangrupa kamampuh dasar anu dipibanda ku unggal jalma. Sawaréh jalma percaya yén tingkat inteligénsi sipatna angger, hartina teu bisa dirobah-robah, boh ditambahan boh dikurangan. Tapi sawaréh deui nyebutkeun yén tingkat inteligénsi hiji jalma bisa mekar ngaliwatan prosés diajar.

Siswa di SMA mungkin aya nu kaasup budak nu pohara cerdasna, cerdas, biasa-biasa waé, jeung kurang cerdas. Dina kagiatan diajar sapopoé, tingkat kacerdasan siswa bisa dititénan tina kamampuh diajarna, nyaéta gancang, keuna, jeung akurat. Aya siswa anu sakilat bisa ngaréngsékeun soal kalawan bener, aya ogé nu sabalikna hésé béléké.

Ku lantaran tingkat kacerdasan siswa téh béda-béda, guru diperedih sangkan daék niténan. Siswa-siswa anu kendor diajarna kudu diperhatikeun sangkan teu kababayut ku siswa séjén, sok sanajan ari ahirna mah bakal némbongkeun préstasi diajar siswa.

5) Kréativitas

Depdikbud (1997) nétélakeun yén “kréativitas téh nyaéta kamampuh hii jalma dina ngahasilkeun hiji hal nu anyar dumasar kana hal-hal nu geus aya”. Kréativitas siswa katémbong dina waktu nepikeun gagasan nu rélatif anyar, upamana waé, hiji masalah diungkulan ku cara nu béda ti ilaharna, medar hiji perkara ku istilah atawa basa nu rinéka.

Kréativitas, anu sok disebut karancagéan, katémbong waktu siswa bisa mindahkeun hiji pasualan kana pasualan séjén bari teu nganyerikeun batur. Di sakola unggal budak mibanda tingkat kréativitas anu béda. Siswa anu leuwih cerdas ilaharna mibanda tingkat kréativitas anu luhur, sok sanajan aya ogé siswa nu tingkat kacerdasanana biasa-biasa waé, tapi mibanda kréativitas nu luhur, kitu deui sabalikna.

6) Bakat jeung Minat

Siswa SMA bakatna rupa-rupa, anu ébréh dina minat diajarna. Najan bakat jeung minat téh mangrupa dua hal anu béda, tapi émprona mah hésé dibédakeun. Aya siswa anu resep kana basa, aya nu resep kana ngitung atawa ngagambar. Najan kitu, aya ogé siswa anu bakat jeung minatna rata dina unggal mata pelajaran. Ku kituna, guru kudu eungeuh tur nyangreb tur nyangkem bédana bakat jeung minat siswa sangkan bisa rata dina sakabéh matéri pangajaran.

7) Pangaweruh Dasar jeung Préstasi saméméhna

Diajar téh dina enas-enas mah mangrupa prosés tumuluy. Hasil diajar saméméhna bakal ngadadasaran prosés diajar satuluyna. Ku kituna, guru nyaho nepi ka mana kanyaho siswana saméméh dibéré matéri anyar. Nurutkeun Depdikbud (1997), “tina hasil panalungtikan kapanggih yén siswa anu mibanda kaweruh dasar nu kuat saméméhna bakal ngahontal préstasi nu leuwih alus dina prosés diajar satuluyna”. Sangkan pangalaman diajar téh sinambung, perlu ngait matéri saméméhna jeung matéri satuluyna.

Pentingna kaweruh prasarat saméméh matéri satuluyna. Dina midangkeun bahan kudu miang tina bahan nu basajan nuju ka bahan nu ruwed, tina matéri nembrak (konkrit) nuju ka nu nyamuni (abstrak). Upamana waé, saméméh diajar kecap rundayan kudu diajar heula kecap asal.

8) Motivasi Belajar

Prosés pangajaran bakal éféktif tur kapetik hasilna lamun siswa kapecut pikeun diajar. Najan mibanda kabisa anu luhur, tapi karep diajarna héngkér, nya préstasi diajarna bakal kurang hasil. Nurutkeun Depdikbud (1997), “motivasi diajar siswa bisa dititénan maké indikator: tekun diajar, remen diajar, daria kana pancén, jeung hadirna di sakola”.

Salasahiji pancén guru nyaéta ngamotivasi siswa sangkan diajarna éféktif. Rupa-rupa cara bisa ditarékahan ku guru dina ngahudang motivasi siswa, di antarana waé:

- (1) Siswa nu gancang tur bener migawé pancén diberi pamuji;
- (2) Singkahan panyawad nu bisa meunggaskeun motivasi diajar siswa;
- (3) Ciptakeun kompetisi anu keuna di antara siswa-siswa;
- (4) Ciptakeun suasana gawé bareng anu positip di antara siswa;
- (5) Aya répléksi ka siswa kana hasil gawéna.

9) Sikep Diajar

Sikep siswa ka sakola, guruna, babaturanana, jeung matéri pangajaran bakal managruhan hasil diajarna. Sawaréh siswa nganggap yén diajar di sakolah téh lantaran hayang ngudag cita-cita, ditiah ku kolotna, jeung éra ku babaturan ulin. Kitu deui sikep siswa ka guruna ogé béda-béda, aya guru nu ngajara babari kaharti aya nu henteu, aya nu pikaresepeun aya nu pikangéwaeun, aya guru anu bageur aya nu pedit, jeung aya guru adil aya nu henteu.

Éta kabéh bakal ngawarnaan kana prosés diajar siswa, boh engeuh boh henteu. Guru kudu nyangkem sakabéh dinamika rasa jeung sikep siswana tur narékahan sangkan ngarobah sikep goréng siswa jadi sikep alus, sarta ngukuhan sikep siswa anu alus.

c. Karakteristik Siswa dina Makéna Basa Sunda

Karakteristik siswa dina makéna basa patalina jeung tatakrama. Istilah tatakrama diwangun ku *tata* (basa Kawi) nyaéta aturan, adat, kaidah, norma; jeung *krama* (Sansékérta) nyaéta sopan, santun. Ari sopan santun dina hirup kumbuh sapopoé disebutna étikét (basa Perancis *etiquette*), anu ngandung harti tata cara hirup kumbuh jeung sasama anu hadé. (Sudaryat, 2014:228).

Tatakrama anu patali jeung basa nyaéta ku cara ngagunakeun basa lemes atawa basa sopan. Ari tatakrama anu patali jeung fisik mah nyaéta ku rengkuh. Lumrahna tatakrama dina hirup kumbuh sapopoé antara makéna basa lemes jeung rengkuh téh ngahiji, teu dipisah-pisah. Paripolah anu dibarengan ku tatakrama anu hadé tinangtu bakal loba anu resep, simpati, hormat jeung santun.

Kiwari réa barudak sakola nu gaulna ngarempak tatakrama, kaasup tatakrama basa. Padahal tatakrama téh ngabogaan rupa-rupa fungsi dina kahirupan, di antarana waé:

- 1) Fungsi personal, nyaéta pikeun nuduhkeun ajén-inajén pribadi;
- 2) Fungsi sosial, nyaéta pikeun nuduhkeun kaluwésan dina hirup kumbuh;

- 3) Fungsi kultural, nyaéta pikeun nuduhkeun kaluhungan budi;
- 4) Fungsi édukasional, nyaéta pikeun ngabédakeun nyakola jeung teu nyakola;
- 5) Fungsi integratif, nyaéta pikeun nuduhkeun kalungguhan kumaha patula-patalina dina sistem kamasarakatan;
- 6) Fungsi instrumental, nyaéta pikeun nuduhkeun ngahontalna hiji tujuan, jeneng henteu jeneng.

Dina hirup kumbuh masarakat, tatakrama téh meredih paripolah ti unggal anggota masarakat anu magéuhan kana kaédah atawa norma-norma moral baku, boh kaidah anu patali jeung ungkara basa boh kaédah nu patali jeung paripolah fisik (rengkuh). Éta norma moral anu dipiara ku masarakat téh dipupusti pikeun kahadéan anggota jeung kelompokna sorangan.

Lamun nepi ka kajadian ti antara anggota masarakat ngarempak atawa henteu maké tatakrama, balukarna bisa ngarugikeun dirina sorangan, malah bisa waé mawa eunyeuh ka kelompokna. Contona: di hiji kulawarga géus biasa dina komunikasi sapopoéna téh ngagunakeun basa lemes pon kitu deui rengkuhna, hartina tatakramana alus. Kajadian ti salahsaurang anggota kulawargana ngarumpak tatakrama, sebut wéh basana kasar, teugeug, jsb.

Éta anggota kulawarga anu ngarumpak norma téh géus tangtu bakal rugi, rugi sacara moral, sakurang-kurangna meunang pangwawadi anu pait, béh dituna bakal dijauhan atawa dipikangéwa ku anggota kulawarga séjénna atawa di lingkungan masarakat nu leuwih lega

Jadi tatakrama anu biasa ku urang sok dihartikeun sopan santun téh enas-enasna mah méré pangajén ka batur ku basa jeung paripolah anu hadé. Ari tatakrama mangrupa bubutuh sakumna manusa anu rumasa sok ngalakukan komunikasi jeung papada hirupna, antara awéwé jeung lalaki, budak jeung kolot, awéwé jeung awéwé, lalaki jeung lalaki, budak jeung budak, kolot jeung kolot. Dina hirup kumbuh sapopoé gé tetep kudu maké tatakrama. Ngajénan batur hartina ngajénan diri sorangan, ngahina batur hartina ngahina diri sorangan.

Sudaryat (2014:230) nétélakeun ari tatakrama Sunda téh dipasing-pasing jadi: (1) tatakrama basa; (2) tatakrama paripolah; (3) tatakrama gaul; jeung (4) tatakrama hirup kumbuh di masarakat. *Nu kahiji*, tatakrama basa atawa undak usuk basa

patali jeung ragam basa anu dipaké, saha nu nyarita, saha nu diajak nyarita, ngeunaan naon nu dicaritakeun, di mana jeung iraha nyaritana, naon tujuanana jeung kumaha kayaanana. Tatakrama basa anu popilér nyoko kana basa lemes (hormat) jeung basa kasar (loma), aya hormat keur diri sorangan aya hormat keur ka batur.

Sudaryat (2014:230) ngabédakeun tatakrama basa Sunda téh jadi tilu rupa nyaéta (1) basa lemes, ngawéngku lemes keur ka batur jeung lemes keur ka sorangan; (2) basa kasar; jeung (3) basa wajar (sedeng, netral).

Nu kadua, tatakrama paripolah. Aya sababaraha faktor anu bisa mangaruhan kana paripolah gaul sapopoé, nyaéta (1) sikep nyarita anu basajan; (2) beungeut anu marahmay; (3) tata cara gaul; (4) tata cara ngagunakeun pakéan; (5) pangawéréh anu jembar (Yudibrata dkk, 1986 :140).

Tatakrama anu patali jeung dangdanan: (a) cara milih jeung maké baju; (b) karesikan awak; (c) cara diuk; (d) cara leumpang; (e) cara dahar; (f) cara unggéuk atawa gigidéug; jeung (g) cara séjénna anu bisa numuwuhkeun batur bisa kataji, resep, jeung ajrih.



Gambar 1.1 Baju adat Sunda anu sopan di lingkungan masarakat



Gambar 1.2 Cara dahar nu sopan dina pasamoan

Katilu, gaul dina hirup kumbuh sapopoé, nuduhkeun yén manusa téh mangrupa mahluk sosial, teu bisa hirup nyorangan, butuh batur cacarita, butuh batur ngobrol géusan nembrakkeun eusining haté jeung pikiran. Dina emprona urang gaul di masarakat, urang kudu nyaho kana (1) keur di mana urang téh; (2) kumaha kaayaan sabudeureun urang; jeung (3) saha nu rék disanghareupan téh.

Dumasar kana hal éta, tatakrama gaul di masarakat téh kudu (a) merhatikeun ka batur; (b) ngawanohkeun diri; (c) ngucapkeun salam; (d) nyarita nu sopan/hormat; (e) imut; (f) ngalayad nu teu damang; (g) ngalayad nu dikantunkeun maot; jst.

Kaopat, kudu bisa hirup kumbuh babarengan di tengah pagaliwotana masarakat anu lain waé urang Sunda, tapi aya séké sélér lianna, kayaning: séké sélér Jawa, séké sélér Batak, séké sélér Batawi, séké sélér Makasar, jrrd.

Tatakrama urang Sunda (lokal) can tangtu sarua jeung tatakrama nasional, ku lantaran kitu, perlu diajarkeun jeung dilatihkeun tata cara gaul anu hadé ka parasiswa ti awal mula.

Géura ieu titénan dina tabél di handap, conto larapna kecap dumasar kana ragam basana masing-masing:

Tabél 1.1 Conto Ragam Loma jeung Ragam Hormat

Kecap Ragam Loma	Ragam Kecap Hormat keur ka Sorangan	Ragam Kecap Hormat keur ka Batur
abus, asup	Lebet	Lebet
ajar	ajar	wulang, wuruk
balik, mulang	wangsul	mulih
datang	dongkap	sumping
dahar	neda	tuang
hudang	hudang	gugah
imah	rorompok	bumi
kadéngé	kakuping	kadangu
mandi	mandi	siram
saré	mondok	kulem

(Sumber: *Bagbagan Makéna Basa*, Karna Yudibrata spk., 1989)

Dumasar kana conto ragam basa nu aya dina tabél di luhur, saéstuna teu aya kecap anu hésé. Pibasaenana téh lain hésé meureun, tapi can biasa. Ku lantaran kitu anu penting mah nyaéta ngabiasakeun ngagunakeun ragam basa anu bener jeung merenah dina kahirupan sapopoé. Da basa mah bisa lantaran biasa. Urang salaku guru nu kudu pangheula méré conto ku paripolah basa nu bener tur merenah. Mun siswa nyieun kasalahan dina ngalarapkeun ragam basana, ulah diéngkékeun deui, gancang benerkeun ku ragam basa nu merenah.


Di sagedéngéun éta, patali jeung masalah karakteristikna, parasiswa kudu diaping, dibebenah, jeung dibebener paripolahna. Kumaha tata-titina lamun nyarita ka saluhureun, ka sasama jeung ka sahandapeun nu merenah. Ti mimiti hal nu leutik, upamana waé: cara diuk nu sopan, cara dahar anu sopan, mun heuy kudu kumaha, mun batuk kudu kumaha pétana nu sopan, jsb.

Paripolah katut lampah nu ngébréhkeun karakteristik sapopoé éstu kudu bener-bener diaping, ditalingakeun, boh ku guru (di sakola) boh ku kolotna (di imah) kitu deui ku sing saha baé nu ngarti jeung nyaho (di masarakat) kana tatakrama Sunda nu bener. Ngawangun karakter mah lain ngan wungkul tanggung jawab sakola (guru), tapi mangrupa kawajiban jeung tanggung jawab balaréa (masarakat).

2. Kamampuh Awal Siswa SMA

Mikawanoh kamampuh awal para siswa téh lamun dina prosés diajar ngajar mah disebutna *pretés*. Géus jadi bagian tina salahsahiji kawajiban guru mikawanoh kamampuh parasiswa téh, kaasup kamampuh dina nyangkem basa Sunda. Patali jeung kahanan pangajaran basa katut sastra Sunda, tangtu waé kudu dipedar hal-hal anu milu mangaruhan jeung nangtukeun hirup-huripna basa jeung sastra téa.

Kamampuh awal siswa dipangaruhan ku opat hal, nyaéta kulawarga, masarakat, budaya, jeung agama. Geura tengetan bagan ieu di handap.



Bagan 1.1 Hal nu Mangaruhan Kamampuh Siswa

Anu mangaruhan kamampuh siswa téh lain ngan unsur lahiriahna wungkul, tapi utamana mah unsur batinhiah kayaning ajén-inajén étnopédagogik. Ari étnopédagogik ngawéngku sababara ajén-inejen kahirupan kayaning: ajén-inajén atikan, ajén-inajén agama, ajén-inajén moral atawa ahlak, jeung ajén-inajén sosial. Ajén-inajén étnopédagogik téa sagémb lengna nyoko kana ajén-inajén anu diapaké turta dipagéuhan ku sakumna masarakat (Sudaryat, 2014:120).

Tina kasang tukang étnopédagogik masarakat Sunda tangtu aya patalina jeung kamampuh parasiswa dina nyangking basa Sunda, lantaran maranéhna aya dina pakumbuhan éta. Jaba ti kitu, étnopédagogik téh mangrupa prakprakanana “pendidikan berbasis kearifan lokal” dina sagala widang, kayaning kaséhatan, béla diri, pertanian, kasenian, basa, jrrd.

Kamampuh awal siswa téh kapanggih di lingkungan kulawarga jeung sabudeureun imahna. Éta kamampuh awal téh bakal jadi tatapakan jeung bekel hirup ka hareupna. Lamun budak digedékeun dina lingkungan daérah, alusna dibarengan ku kaarifan lokal. Kaarifan lokal Sunda réa nu ngandung ajén étnopédagogik jeung atikan karakter.

Aya sababaraha unsur budaya Sunda anu boga ajén-inajén atikan turta perlu diteruskeun ku entragan sapandeurieunana, nyaéta (1) ayana partisipasi kultural, boh dina widang seni Sunda boh dina widang séjénna; (2) dipakéna basa Sunda boh di lingkungan formal (sakola) boh di lingkungan kulawarga; (3) ayana génerasi ngora anu kaatik kadidik dina widang basa Sunda; jeung (4) ayana média masa anu midangkeun élmu pangawéruh ngeunaan budaya Sunda (Kartadinata, 2011:12).


Étnopédagogik Sunda nyoko kana kaunggulan manusa nu paripurna, nu sok disebut “multitalénta” (manusa anu masagi). Nu dimaksud jalma nu masagi téh nyaéta jalma nu legok tapak génténg kadék, beunghar ku pangalamanana, boh pangalaman lahiriah (*intelektual actional*) boh pangalaman batiniah (*spiritual*). Ku lantaran beunghar ku pangalamanana, boh lahir boh batin, étnopédagogik Sunda nyipta CATUR JATI DIRI INSAN minangka jalma pinunjul (MAUNG), nyaéta **pengkuh agama** (*spiritual quotient*) **luhur élmana** (*intellectual quotient*), **jembar budayana** (*émotional quotient*) jeung **rancagé gawéna** (*ectional quotient*).

1. **Pengkuh agamana**, nya éta ngébréhkeun kapinteran atawa kapengkuhan enggoning ngajalankeun saréat ajaran agamana;
2. **Luhung élmana**, nya éta ngébréhkeun kualitas jalmana (SDM), parigél, rancagé, rapékan dina makihikeun poténsi boh alam boh sumber séjénna pikeun kahirupan
3. **Jembar budayana**, nya éta ngébréhkeun kualitas kapinteran émosi, jembar panalarna, arif wijaksana, teu kaleungitan jati dirina, réligius, sarta ngahargaan ragam budaya lianna;
4. **Rancagé gawéna**, nya éta ngébréhkeun gawé anu parigél, rancagé (kréatif), rapékan (proaktif), motékar (inovatif) dina ngungkulan sagala widang garapan; *bisa ngindung ka usum ngabapa ka jaman*; tur ngawasa jaman: *Ngigelan jeung ngigelkeun jaman*.

Dumasar kana opat pakeman di luhur, Sadérék bisa nengetan dina raraga mikawanoh kamampuh siswa anu patali jeung pangajaran basa Sunda. Kamampuh basa siswa anu patali jeung agama, kawéruh, jeung adat kabiasaan boh di lingkungan kulawargana atawa masarakat sabudeureunana.

Sagédéngéun éta, étnopédagogik Sunda téh ngawangun wujudning manusa anu miboga karakter, anu moralna hadé, nyaéta manusa anu taat kana hukum, boh hukum agama boh hukum darigama (adat) atawa hukum nagara. Kudu nyanghulu ka hukum, nunjang ka nagara, mupakat ka balaréa; ngajungjung tur rumojong kana hukum sarta kudu mupakat jeung umum.

Ku lantaran kitu, catur diri urang Sunda nyindekel kana opat hal, nya éta: (1) ngawujudkeun babakti diri ka Nu Murbeng Alam, Alloh SWT, nya éta taat jeung patuh kana paréntah Mantenna; (2) ngawujudkeun sikep diri anu miboga ajén-inajén, singér, pinter, cagéur, bageur jeung bener; (3) ngawujudkeun sikep silih ajénan: silih asih, silih asuh jeung silih asah dina kahanan hirup kumbuh anu multi-réliji (béda-béda agama), multi-étnis (béda-béda séké sélér), jeung multi-kultural (béda-béda budaya); jeung (4) ngawujudkeun rasa tanggungjawabna ka alam nu aya di sabudeureunana. Géura titénan ieu diagram kumaha kuduna urang ngalampahkeun kasaimbangan hirup.



Bagan 1.2 Kasaimbangan Hirup


3. Bangbaluh Siswa Dina Diajar Basa Sunda

Sakumaha geus pada apal yén nu kaasup kana komponén pangajaran téh di antarana: (a) guru; (b) siswa; (c) bahan ajar; (d) média pangajaran; jeung (e) lingkungan sabudeureunana. Éta komponén nu ditataan téh gédé pisan mangaruhana kana hasil jeung henteuna diajar ngajar.

1. Guru

Dina diajar ngajar, (Sanjaya, 2008:15) faktor guru kawilang nangtukeun, lantaran guru salah sahiji komponén anu langsung aduhareupan jeung siswa. Dina sistem pangajaran, guru téh sasat nu nyieun rencana (*planer*) atawa nu ngarancang (*designer*) pangajaran, nu ngalaksanakeun (*implementator*) pangajaran. Kalungguhanana minangka perencana, guru téh diperedih kudu nyangkem pisan kana kurikulum, karakteristik siswa, fasilitas jeung sarana anu aya. Nu ditataan bieu téh dipaké titincakan enggoning nyusun rencana pangajaran.

Ceuk Dunkin dina Wina Sanjaya (2008 : 16) nyebutkeun yén aya sababaraha aspék anu bisa mangaruhan kualitas guru, kayaning: *teacher formative experience*, ngawéngku: asal muasalna ti mana, kasang tukang kahirupan jeung budayana, ti golongan keluarga nu kumaha (rayat masakat, beunghar, patani, pagawé, padagang, jjrd); *teacher training experience*: tegesna pangalaman-pangalaman anu aya patalina jeung kaparigelan guru jeung kasang tukang atikan guru, kayaning: pangalaman latihan profési tahapan atikan, pangalaman jabatan jeung sajabana; *teacher properties* nyaéta sagala rupa hal anu aya patula-patalina jeung sifat nu dipibanda, kayaning sikep guru kana profésina, sikep guru ka siswana, kamampuh atawa intelegénsi dirina, jeung motivasi kana kagiatan diajar ngajar sagemblengna. Sangkan babari nyengkemna, pék titénan bagan ieu di handap.



Bagan 1. 3 Variabel nu Mangaruhan kana Hasil Diajar

2. Murid

Murid atawa siswa mangrupa organisme anu unik tumuwuh luyu jeung tahap kamekaranana. Kamekaran budak téh saéstuna henteu ngan ukur ragana wungkul tapi méh bareng jeung mekarna kapribadian (ruhani). Unggal budak laju kamekaran kapribadianana henteu sarua jeung laju umurna, tah laju kamekaran anu béda-béda ieu anu bisa mangaruhan kana hasil diajar.

Cara guru, siswa ogé ceuk Dunkin dina Wina Sanjaya (2008:17) nyebutkeun aya sababara faktor anu bisa mangaruhan kana prosés diajar ngajar di sakola, nyaéta kasang tukang kahirupanana (*pupil formative experience*) jeung sifat atawa karakter nu dipilik ku dirina (*pupil properties*)

Anu patali jeung kasang tukang siswa (*pupil formative experience*) kayaning: tempat kalahiran jeung panganjrékan, kaayaan ekonomi, kaayaan jeung kalungguhan kulawargana. Ari anu patali jeung sifat atawa karakter siswa kayaning: kamampuh dasar, pangawéruh jeung sikep.

Kapanaan kaayaan siswa téh dina emprona sok rupa-rupa, aya anu kamampuh dasarna pinunjul, aya anu kamampuh dasarna sedeng, jeung aya anu kapampuh dasarna di handap. Ari kaayaan siswa anu miboga kamampuh dasarna pinunjul, lumbrah sok dibarung ku motivasi diajarna leuwih ti nu lian. Sabalikna pikeun siswa anu kamampuh dasarna handap, motivasi diajarna ogé kurang hadé, méngpéléhé; ku lantaran kitu, guru kudu wijaksana dina nyanghareupan kaayaan saperti kitu, boh nu pinter boh nu bodo sarua papada murid anu kudu ditalingakeun kalawan adil.

3. Bahan Ajar

Bahan ajar mangrupa matéri ajar anu baris dipidangkeun dina prosés diajar ngajar. Ari bahan ajar téh nyaéta mangrupa déskripsi pakta-pakta jeung prinsip-prinsip, ngeunaan norma jeung aturan, ajén-inajén jeung sikep jeung sagala rupa paripolah jeung kaparigelan motorik. Ku lantaran kitu, bahan ajar mibanda élmu pangawéruh, norma, aturan, sikep, paripolah jeung kaparigelan nu mibanda ajén-inajén, konsép, prinsip jeung prosés lumangsungna kagiatan diajar ngajar geusan ngahontal nu jadi udagan pangajaran.

Kalungguhan bahan ajar téh aya dua nyaéta pikeun guru jeung pikeun murid. Kalungguhan bahan ajar pikeun guru nya éta: (a) minangka palanggeran enggoning ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar; (b) ngaronjatkeun kagiatan diajar ngajar sangkan leuwih éféktif; (c) minangka palanggeran dina ngalaksanakeun évaluasi; jeung (d) bisa ngarobah kalungguhan guru nu kuduna ngajar jadi fasilitator dina kagiatan diajar ngajarna. Ari kalungguhan

pikeun murid nyaéta (a) murid bisa diajar sanajan euweuh guru; (b) murid bisa diajar iraha waé; (c) murid bisa diajar luyu jeung kadaék katut kaparigelanana séwang-séwangan; (d) jadi palanggaran dina kagiatan diajarna pikeun ngaronjatkeun kompetensi dirina.

4. Média

Média dina harti anu lega nyaéta sagala rupa hal anu dipibutuh dina lumangsungna prosés diajar ngajar, kayaning: bor, kapur, alat peraga, pakarangan sakola, jeung bubutuh nu séjénna kaasup kelas jeung perpustakaan sakola.

Aya sababaraha kauntungan pikeun sakola anu mibanda sarana katut fasilitas (média) diajarna léngkép, *kaiji*, léngképna média diajar ngajar téh bisa numuwuhkeun sumangét jeung motivasi dina lumangsunga kagiatan diajar ngajar; *kadua*, ku léngképna média pangajaran méré lolongkrang boh pikeun guru boh pikeun murid pikeun milih média mana baé anu loyog jeung bubutuh dina lumangsung kagiatan diajar ngajar luyu jeung pamedih bahan ajar katut tujuan anu baris dihontal.

5. Lingkungan Sabudeureunana

Dumasar kana dimensi lingkungan aya dua hal anu bisa mangaruhan kana lumangsungna prosés kagiatan diajar ngajar, nyaéta (1) organisasi kelas jeung (2) iklim sosial-psikologis.

Anu patali jeung organisasi kelas nyaéta jumlah siswa nu aya di jero kelas bakal gédé pangaruhna kana lumangsungna prosés kagiatan diajar ngajar. Lamun eusi kelasna loba teuing, lumangsungna prosés kagiatan diajar ngajar moal éféktif lantaran moal kagéroh ku guruna. Jaba ti kitu, hawa di jero kelas ogé tangtu bakal karasa nyongkab, panas.

Ari nu dimaksud ku iklim sosial-psikologis nyaéta patula-patalina hubungan antara jalma anu kalibet langsung jeung parosés kagiatan diajar ngajar.

Iklim sosial-psikologis téh bisa dibagi dua, nyaéta iklim sosial-psikologis internal jeung iklim sosial-psikologis éksternal. Ari anu patalina jeung iklim sosial-

psikologis internal nyaéta kumaha hubungan murid jeung murid, kumaha hubungan murid jeung guru, kumaha hubungan guru jeung guru kitu deui jeung pingpinan sakola, naha kabéhana lumangsung kalawan harmonis atawa henteu. Ari iklim sosial-psikologis éksternal nyaéta hubungan anu harmonis antara sakola jeung nu jadi kolot murid, jeung masarakat, lembaga-lembaga kamasarakatan, jeung lembaga-lembaga pamaréntah/swasta lianna.



Gambar 1. 3 Suasana kelas nu jumlah murid loba teuing, teu nyaman

(Dokumen Dedeh Fadilah)



Gambar 1. 4 Suasana kelas anu jamlah murid saeutik, kagéroh pikabétaheun jeung nyaman

(Dokumen Dedeh Fadilah)

Hal-hal anu dipedar di luhur téh kabéhanana ogé bisa mangaruhan kana hésé jeung babarina diajar, hususna diajar basa Sunda. Héséna diajar basa Sunda pikeun murid téh bisa waé ku lantaran faktor guruna (kedul asup ka kelas, tara daék nerangkeun, atawa mun nerangkeun ogé teu matak kaharti), bisa ku lantaran faktor muridna sorangan (kedul diajar, kurang motivasi diajarna, atawa kaayaan uteukna anu memang geus belet), bisa ku lantaran faktor bahan ajar (hésé dipimilikna, pedaranana teu kaharti, kurang mérélé, jrrd), bisa ku lantaran faktor média (teu aya, teu léngkép, jsb.), bisa ku lantaran faktor lingkungan (muridna sok tawuran waé, guruna garalak, guru jeung guru teu alakur, kepala sakolana arang langka ka sakola, jrrd.)

Upama hal-hal anu ditataan ti luhur téh geus kanyahoan (tangtu baé kudu aya panalungtikan najan dina tahapan anu basajan), dina factor naon anu jadi hahalang nepi ka kajadian “héséna” diajar, kakarana urang nyieun tarekah. Lantaran, lamun henteu disaliksik heula nu jadi cukang lantaranana, tetep urang moal bisa ngahontal tujuan anu geus ditangtukeun samemehna. Diagnosa téh dina sagala rupa hal saéstuna kudu dilampahkeun, lain dokter waé nu kudu ngadiagnosa téh, guru gé kudu bisa ngalampahkeun, ngan cara jeung alatna anu béda. Tanpa diagnosa, dokter moal bisa méré obat anu luyu jeung panyakit nu karandapan ku pasénna, kitu deui guru, tanpa ngayakeun panalungtikan (najan sifatna basajan), moal bisa ngoméan jeung ngundakkeun préstasi diajar ngajar kalawan luyu jeung pamaredih tujuan.

Hal ngalampahkeun panalungtikan minangka diagnosa pikeun guru mangrupa salah sahiji ciri profésionalna guru. Lamun guru teu ngalaman panalungtikan di kelasna boh keur kapentingan ngaronjatkeun prsétasi diajar siswana, boh keur kapentingan nyusun program nu bakal dilampahkeun ka hareup, bawirasa boh luyuna bahan ajar nu rek diajarkeun boh tujuan anu rek dihontal moal bisa nyaosan kalawan nyugemakéun.

Hal kaprofésian guru katur dosén téh kapanan aya rengkolna dina Undang-undang Guru jeung Dosén. Tegesna, guru téh kudu mahér nalungtik jeung mahér nulis. Waragadna, kapanan geus disayagikéun mangrupa tunjangan profési, sebutan nu ilahar ayeuna nya éta duit sértifikasi téa. Tah éta téh diyasagikeun pikeun kapentingan lampah profési guru.

D. Kegiatan Diajar

Pedaran matéri di luhur téh tangtu waé masih kénéh loba kakuranganana. Titénan deui ku Sadérék sing gemet. Ngarah sumangét diajarna, pék Sadérék nyieun kelompok diajar. Nu leuwih alus mah sakelompok téh ulah leuwih ti lima urang. Lantaran ari loba teuing mah sok goréng balukarna, jadi ngadon heureuy. Ti nu sakelompok diajar téh kudu aya anu dikolotkeun, pilih atawa tangtukeun ku Sadérék saha anu pantes dijeun kokolot kelompok.

Sakali deui, baca sing gemet matéri di luhur téh. Catet, naon waé anu dianggap henteu loyog atawa can pati kaharti nurutkeun Sadérék, pék sawalakeun jeung kanca-kanca sakelompok.

Nu kabeneran aya buku-buku basa Sunda tur aya patalina jeung pedaran matéri di luhur, bisa digunakeun ku Sadérék pikeun nyarungsum sarta ngeuyeuban pangawéruh Sadérék.

Kegiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kegiatan saperti ieu di handap.

- A. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
- B. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun kalawan disiplin.
- C. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kegiatan diajar tanggung jawab jeung disiplin.
- D. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar kalawan kréatif.
- E. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa kréatif tur gawé bareng dina diskusi jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan

Pigawé ieu soal-soal di handap kalawan daria jeung jujur!

1. Naon waé anu kagolong kana komponén karakteristik siswa SMA?
2. Tétélakeun nurutkeun pamadegan Saderék naha pola tatakrama kiwari kudu sarua jeung pola tatakrama alam péodal?

3. Nurutkeun panitén Sadérék, naon anu jadi cukang lantaran pangna barudak kiwari kurang tata-titina, boh ka saluhureun komo ka sasama mah?
4. Tatakrama basa jeung tatakrama fisik, rengkuh téa, naha perlu dipageuhan atawa henteu nurutkeun pamanggih Sadérék? Tembrakkeun alesanana!
5. Tétélakeun patalina masarakat Sunda jeung poténsi siswa dina diajar basa Sunda?
6. Kumaha nurutkeun pamanggih Sadérék pangna guru miboga kalungguhan penting dina lumangsungna prosés diajar ngajar? Jentrékeun alesanana!
7. Jentrékeun tilu aspék anu bisa nangtukeun kana kualitas guru téh!
8. Naon anu dimaksud ku *pupil formative experience* jeung *pupil properties*? Jentrékeun!
9. Cara naon nu perlu ku Sadérék dilaksanakeun pikeun ngéungkulan pasualan “hésé” nu karandapan ku siswa dina diajar basa Sunda? Jentrékeun!
10. Naon sababna faktor lingkungan milu mangaruhan kana hasil diajar ngajar? Jentrékeun alesan katut contona!

F. Tingkesan

Siswa (pamilon atikan) anu diajar dina jenjang nu tangtu mibanda karakterstik mandiri mun dibandingkeun jeung siswa anu diajar dina jenjang atikan anu béda. Karakteristik siswa mekar dina tilu aspék ranah, nyaéta kamekaran kognitif, kamekaran psikomotor, jeung kamekaran afektif.

Karakteristik siswa dipangaruhan ku umur, wanda jinis (jenis kelamin), pangalaman prasakola, kamampuh sosial ékonomi, tingkat kacerdasan, kréativitas, bakat jeung minat, pangaweruh dasar jeung préstasi saméméhna, motivasi diajar, jeung sikép diajar.

Karakteristik siswa dina makéna basa patalina jeung tatakrama atawa sopan santun. Ari tatakrama Sunda téh bisa ngawujud jadi (1) tatakrama basa; (2) tatakrama paripolah; (3) tatakrama gaul; jeung (4) tatakrama hirup kumbuh di masarakat.

Tatakrama anu patali jeung basa nyaéta ku cara ngagunakeun basa lemes atawa basa sopan. Ari tatakrama anu patali jeung fisik mah nyaéta ku rengkuh. Fungsi tatakrama téh, nyaéta: (1) fungsi personal; (2) fungsi sosial; (3) fungsi kultural; (4) fungsi edukasional; (5) fungsi integratif; jeung (6) fungsi instrumental

Aya sababaraha faktor anu bisa mangaruhan kana paripolah gaul sapopoé, nyaéta (1) sikep nyarita anu basajan; (2) pameunteu anu marahmay; (3) tata cara gaul; (4) tata cara ngagunakeun pakéan; (5) pangawéruh anu jembar Tatakrama anu patali jeung dangdanan: (a) cara milih jeung maké baju; (b) karesikan awak; (c) cara diuk; (d) cara leumpang; (e) cara dahar; (f) cara unggéuk atawa gigidéug; jeung (g) cara séjénna anu bisa numuwuhkeun batur bisa kataji, resep, jeung ajrih.

Dina émprona urang gaul di masarakat, urang kudu nyaho kana (1) keur di mana urang téh, (2) kumaha kaayaan sabudeureun urang, jeung (3) saha nu rék disanghareupan ku urang téh. Dumasar kana hal éta, tatakrama gaul di masarakat téh kudu (a) merhatikeun ka batur, (b) ngawanohkeun diri, (c) ngucapkeun salam, (d) nyarita nu sopan/hormat, (é) imut, (f) ngalayad nu teu damang, (g) ngalayad nu dikantunkeun maot.

Mikawanoh kamampuh awal para siswa téh lamun dina prosés diajar ngajar mah disebutna *pretés*. Géus jadi bagian tina salahsahiji kawajiban guru mikawanoh kamampuh parasiswa téh, kaasup kamampuh dina nyangkem basa Sunda. Kamampuh awal kudu ngait kana étnopédagogik nu ngawéngku sababara ajén-inejen kahirupan kayaning ajén-inajén atikan, ajén-inajén agama, ajén-inajén moral atawa ahlak, jeung ajén-inajén sosial. Étnopédagogik Sunda nyipta CATUR JATI DIRI INSAN minangka manusa unggul (MAUNG), nyaéta **pengkuh agama** (*spiritual quotient*), **luhur élmuna**, (*intellectual quotient*), **jembar budayana** (*émotional quotient*), jeung **rancagé gawéna** (*ectional quotient*).

Catur diri urang Sunda nyindekel kana opat hal, nyaéta: (1) ngawujudkeun babakti diri ka Nu Murbeng Alam, Alloh SWT, nyaéta taat jeung patuh kana paréntah Mantena; (2) ngawujudkeun sikep diri anu miboga ajén-inajén, singér, pinter, cagéur, bageur jeung bener; (3) ngawujudkeun sikep silih ajénan, silih asih, silih asuh jeung silih asah dina kahanan hirup kumbuh anu multi-réligi (béda-béda agama), multi-étnis (béda-béda séké sélér), jeung multi-kultural (béda-béda budaya); jeung (4) ngawujudkeun rasa tanggungjawabna ka alam nu aya di sabudeureunana.

Faktor guru kawilang nangtukeun, lantaran guru salah sahiji komponén anu langsung aduhareupan jeung siswa. Dina sistem pangajaran, guru téh sasat nu

nyieun rencana (*planer*) atawa nu ngarancang (*designer*) pangajaran, nu ngalaksanakeun (*implementator*) pangajaran.

Aspék anu bisa mangaruhan kualitas guru, kayaning: *teacher formative experience*, ngawéngku: asal muasalna ti mana, kasang tukang kahirupan jeung budayana, ti golongan keluarga nu kumaha (rayat masakat, beunghar, patani, pagawé, padagang, jjrd); *teacher training experience*: tegesna pangalaman-pangalaman anu aya patalina jeung kaparigelan guru jeung kasang tukang atikan guru, kayaning: pangalaman latihan profési tahapan atikan, pangalaman jabatan jeung sajabana; *teacher properties* nyaéta sagala rupa hal anu aya patula-patalina jeung sifat nu dipibanda, kayaning sikep guru kana profésina, sikep guru ka siswana, kamampuh atawa intelegénsi dirina, jeung motivasi kana kagiatan diajar ngajar sagemblengna.

Aya sababara faktor anu bisa mangaruhan kana prosés diajar ngajar di sakola, nyaéta kasang tukang kahirupanana (*pupil formative experience*) jeung sifat atawa karakter nu dipilik ku dirina (*pupil properties*). Anu patali jeung kasang tukang siwa (*pupil formative experience*) kayaning: tempat kalahiran jeung panganjrekan, kaayaan ékonomi, kaayaan jeung kalungguhan kulawargana. Ari anu patali jeung sifat atawa karakter siswa kayaning: kamampuh dasar, pangawéréh jeung sikep.

Kalungguhan bahan ajar pikeun guru nya éta: (a) minangka palanggeran enggoning ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar; (b) ngaronjatkeun kagiatan diajar ngajar sangkan leuwih éféktif; (c) minangka palanggeran dina ngalaksanakeun evaluasi; jeung (d) bisa ngarobah kalungguhan guru nu kuduna ngajar jadi fasilitator dina kagiatan diajar ngajarna. Ari kalungguhan pikeun murid nyaéta (a) murid bisa diajar sajan euwéh guru; (b) murid bisa diajar iraha waé; (c) murid bisa diajar luyu jeung kadaék jeung kaparigelanana séwang-séwangan; (d) jadi palanggeran dina kagiatan diajarna pikeun ngaronjatkeun kompetensi dirina.

Kauntungan pikeun sakola anu mibanda sarana katut fasilitas (média) diajarna léngkép, *kajji*, léngképna média diajar ngajar téh bisa numuwuhkeun sumangét jeung motivasi dina lumangsunga kagiatan diajar ngajar; *kadua*, ku léngképna média pangajaran méré lolongkrang boh pikeun guru boh pikeun murid pikeun milih mana anu loyog jeung bubutuh dina lumangsung kagiatan diajar ngajar luyu jeung pamedih bahan ajar katut tujuan anu baris dihontal.

Organisasi kelas nyaéta jumlah siswa nu aya di jero kelas bakal gédé pangaruhna kana lumangsungna prosés kagiatan diajar ngajar. Lamun eusi kelas loba teuing lumangsungna prosés kagiatan diajar ngajar moal éféktif lantaran moal kagéroh ku guruna. Ari sosial-psikologis nyaéta patula-patalina hubungan antara jalma anu kalibet langsung jeung paroses kagiatan diajar ngajar.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur kamampuh nyangkem bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100% = alus pisan

80 - 89% = alus

70 - 79% = cukup

< 69% = kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngangkem bahan ajar 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana bahan kagiatan Diajar II. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui sarta deres deui bahan dina Kagiatan Diajar I, pangpangna bahan nu tacan kacangkem.

Réfleksi jeung Lajuning Laku

Ieu kagiatan dilaksanakeun pikeun ningali kahontalna jeung éféktivitas prosés pangajaran anu diilukan ku Sadérék. Lamun geus ngawasa matéri pangbinaan guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis ngungkulan bangbaluh jeung ngundakkeun préstasi diajar murid SD, Sadérék bisa nyontréng (√) kolom “Kahontal”. Sabalikna, lamun can kahontal, Sadérék bisa nyontréng (√) kolom “Can Kahontal”.

No.	Tujuan Pangajaran	Kahontal	Can Kahontal	Kat.
1.	Ngalatih guru dina nganalisis ngungkulan bangbaluh jeung ngundakkeun préstasi diajar murid SMA kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
2.	Ngalempeng guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis ngungkulan bangbaluh jeung ngundakkeun préstasi diajar murid SMA kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
Lajuning Laku:				

KAGIATAN DIAJAR 2 NGARONJATKEUN POTENSI, PRÉSTASI JEUNG KREATIVITAS SISWA DINA DIAJAR BASA SUNDA

A. Tujuan

Saréngséma ngulik Kagiatan Diajar 2, Sadérék dipiharep meunang kamampuh ngeunaan cara ngaronjatkeun poténsi, préstasi jeung kréativitas siswa dina diajar basa Sunda kalawan meunang ajén atikan karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Saréngséma niténan kalawan gemet pedaran matéri II, dipiharep Sadérék bisa nangtukeun padika ngaronjatkeun poténsi, préstasi jeung kréativitas siswa dina diajar basa Sunda kalawan profésional, tanggung jawab jeung gotong royong.

C. Pedaran Matéri

1. Ngaronjatkeun Potensi Siswa dina Diajar Basa Sunda

Nu disebut masarakat téh nyaéta kumpulan sajumlah jalma anu kabeungkeut ku hiji tatanan kabudayaan anu sarua (Moeliono dkk,:64). Ari nu disebut masarakat Sunda nyaéta gundukan urang-urang Sunda nu digedékeun di lingkungan sosial budaya Sunda dina hirup kumbuhna sapopoé ngagunakeun jeung magéuhan norma-norma katut ajén-inajén budya Sunda.

Dina seuhseuhan kahirupan urang Sunda kawengku ku adeg-adeg sosialna. Dina sistim organisasi sosial masarakat Sunda, dipasing-pasing nurutkeun umur, wanda jinis (jenis kelamin) jeung pancakaki. Dina seuhseuhanana kahirupan masarakat téh géus tangtu bakal ngalaman parubahan, rék gancang atawa kendor, lega atawa heureut. Ayana robahan adeg-adeg sosial téh géus lumrah kajadian di masarakat mana waé, da géus kitu sunatullohna. Robahna pola adeg-adeg sosial téh ngawéngku sagala aspék kahirupan boh anu patali jeung lembaga-lembaga

kamasarakatan boh anu patali jeung sistim sosial lianna, kitu deui ngeunaan paripolah antar kelompok masarakat.



Gambar 2. 1 Salah sahiji adegan kahirupan masarakat Sunda di pilemburan keur ngayakeun gempungan nyawalakeun pangwangunan masjid swadaya murni
(Dokumen Dedeh Fadilah)

Ari robahna masarakat ku lantaran ayana pola hubungan anu silih pangaruhan dina lumangsungna kahirupan sapopoé, kaasup pangaruh agama. Nya kitu deui parobahan téh kaalaman jeung kajadian di tatar Sunda kiwari. Zaman karajaan, zaman jajahan Walanda, jaman revolusi fisik, zaman Orde Baru, zaman kiwari, basa, sastra jeung budaya Sunda géus bisa dipastikreun kana robahna, teu bisa anggér.

Sistim pengorganisasian urang Sunda (Sudaryat, 2014:16 -19) nyebutkeun aya tilu rupa, nyaéta (1) dumasar kana kelompok umur; (2) sistim pancakaki; jeung (3) ajén inajén kapamingpinan.

1. Sistim pengorganisasin dumasar kana umur

Dina kahirupan masarakat urang Sunda, masarakat téh dipasing-asing jadi génep kelompok nurutkeun umurna, nyaéta: (a) nu disebut **orok**, umur 0 – 12 bulan; (b) **budak**, umur 1 – 15 taun; (c) **bujang** atawa **jajaka** (pikeun lalaki), **lanjang**, **mojang** atawa **parawan** (awéwé), umur 16 – 25 taun; (d) **sawawa**

(dewasa), 25 – 40 taun; (e) **tengah tuwuh** (madya), umur 41 – 50 taun; jeung (f) **kolot** (tua) nu umurna 51 taun ka luhur. Husus keur sebutan sawawa, nu umur 17 taun gé bisa disebut sawawa, asal géus nikah (Sudaryat, 2014, kaca 16)



Gambar 2. 2 Adegan Nomoman Sunda ngabagéakeun ka tatamu nu umurna leuwih kolot ti manéhna ku budi basa nu soméah dibarung ku rengkuh nu hadé

(Dokumen Dedeh Fadilah)

Dina emprona gaul sapopoé, aya sebutan sahandapeun, sasama, jeung saluhureun; aya deui nu disebut pakokolot supa, hartina umurna teu pati géséh – bédana sataun atawa bubulanan. Unggal kelompok umur miboga wanda gaulna séwang-séwangan.

Dina kelompok umur barudak aya nu disebut kaulinan urang lembur, upamana waé: kakawihan, ucing-ucingan, jeung kaparigelan séjénna (nyieun kukudaan tina palapah daun cau, nyieun wawayangan tina gagang daun sampeu). Dina sistim kamasarakatan urang Sunda, umur téh nangtukeun strata sosialna, beuki kolot umurna, stratana beuki luhur. Éta téh katingali tina ungkara kalimah “sepuh ti payun, barudak ti tukang”. Péta kitu téh pikeun masrakat urang Sunda henteu ngandung harti diskriminatif, tapi leuwih ngutamakéun norma étika atawa kasopanan ka nu leuwih kolot. Mun kajadian aya budak ngora tapi milaku kolot, disebut kokolot begog; sabalikna jalma nu géus kolot tapi masih kénéh bubudakeun disebut aki-aki tujuh mulud mun awéwé disebut nini-nini beberenjén.


2. Sistim pengorganisasian dumasar kana pancakaki

Kahirupan masarakat Sunda nganut sistim pancakaki bilateral hartina katurunan ti pihak bapa atawa pihak indung henteu dibéda-bédakeun. Béda jeung sélér bangsa lian, sélér Batak – sistim patrilineal, katurunan ti pihak bapa; sélér Padang – sistim matrilineal, katurunan ti pihak indung. Pancakaki téh mangrupa unit-unit sosial anu miboga hubungan pernikahan, hubungan darah.

Masalah pancakaki dina kahirupan masarakat Sunda kawilang penting, lantaran upama kajadian aya dua jalma panggih di panyabaan, nu pangheulana diseleser téh sual turunan bisi aya patula-patalina: ti mana, saha rama, kapi kumaha ka anu, jst. Tina hasil pancakaki, lamun nétélakeun aya hubungan darah – duanana bagja, meunang kabungah dipanggihkeun jeung baraya di panyabaan.

Ari diwewengkon Baduy (Kanekes) aya sesebutan Puun, hartina nyaéta nu dikolotkeun tur ngawasa adat jeung agama, istri puun disebutna Puun Bikang. Enggoning ngajalankan kakawasaanana, puun téh dibantu ku Seurat (Kokolot Girang, Jaro Tangtu, Tangkesan). Baduy téh dibagi jadi dua wilayah/daerah (Tangtu) nyaéta Baduy Jero jeung Baduy Panamping.

Adat istiadat urang Baduy teu kapangaruhan ku adat-istiadat luar. Hal ieu katémbong pisan dina basa nu digunakeunana. Di Baduy teu dipiwanoh ayana konsép undak usuk basa, saperti dina basa Sunda urang. Konsép undak usuk basa téh mangrupa pangaruh tina basa Jawa. Najan urang Baduy teu ngagunakeun konsép undak usuk basa, teu ngandung harti urang Baduy teu butuh ku silihormat, tetep dina emprona mah maranehna ogé silihormat ku basa jeung paripolah nu geus biasa dipake jeung dilampahkeun.



Bagan 2. 1 Sistem Pancakaki

Nilik kana bagan sirsilah di luhur, aya sesebutan katurunan deukeut, katurunan jauh, dulur deukeut, dulur jauh, aya deui sesebutan bau-bau sinduk, hartina aya kénéh patula-patalina turunan tapi géus jauh pisan.

3. Sistim ajén-inajén kapamingpinan.

Sakumaha anu kaunggél dina *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* (SSKK) layeut tur ngalagénana pamaréntahan téh ku ayana Tri Tangtu di Buana atawa Tri Tangtu di Bumi, maksudna tilu katangtuan hirup di alam dunya: Sang Prabu, Sang Rama, jeung Sang Resi. Sang Prabu minangka lambang Wisnu, Sang Rama minangka lambang Brahma, jeung Sang Resi minangka lambang Iswara. (Atja jeung Danasismita, dina Sudaryat, 2014:19).

Ari anu dimaksud Sang Prabu nyaéta pamingpin roda pamaréntahan (eksekutif), pamingpin formal, birokrat, pamaréntah (presidén, raja) nu miboga kawijakan. Nu jadi Prabu kudu miboga falasifah “ngagurat batu” miboga watek panceg, hartina taat jeung patuh kana hukum enggoning ngajalankeun pamaréntahanana, teu ngaré kayasa, éstu ngadek sacékna nilas saplasna. Kudu patuh jeung taat kana hukum agama, hukum nurani, hukum adat pon kitu deui hukum posisif. Lamun pamingpin taat azas, mangka komunitas nu dipingpinna bakal lumansung dina koridor anu bener.

Ari Sang Rama nyaéta golongan masarakat anu dikolotkeun pikeun ngawakilan di lembaga legislatif. Sang Rama kudu miboga filosofis “ngagurat lemah” maksudna kudu bisa nangtukeun naon anu bisa jadikeun titincakan. Fungsi Sang Rama nyaéta ngawujudkeun kulawarga anu silih asih, silih asuh jeung silih asah atawa kulawarga anu sakinah, mawadah jeung warohmah.

Ari Sang Resi nyaéta golongan masarakat nu boga pancén pikeun ngokolakeun hukum agama jeung hukum darigama, hukum nagara (yudikatif). Sang Resi téh minangka simbul jalma anu jembar ku élmu panemuna, pinter tur singér, ulama, guru anu mampuh ngatik ngadidik géusan kamajuan bangsana. Sang Resi kudu miboga falasifah “ngagurat cai” tegesna tiis tengtrem dina prosés peradilan nu ngandung harti jembar nyaéta mampuh ngarojong ngadorong sangkan rahayat bisa maju sawawa jeung bangsa séjén, miboga ajén-inajén tur mandiri.

Tina pedaran di luhur téh dipiharep parasiswa mikawanoh kana sistim kamasarakatan, sisitim ajén-inajén, sisitim budaya, malah nepi ka sistim organisasi kapamaréntahan sagala rupa. Maksudna, lamun éta kabéh bisa kacangkem ku parasiswa, atawa sagoréng-goréngna maranéhna nyaho kana sisitim kasundaan, tangtu aya patalina jeung potensi dirina hususna dina hal kasundaan. Sakumaha nu kaunggel dina kawih nu géus popular ti jaman keur di SD nu kieu unina:

*Tanah Sunda wibawa,
Gémah ripah tur éndah,
Nu ngumbara suka betah,
Urang Sunda sawawa,
Sing towéksa percéka,
Nyangga darma anu nyata,
Seuweu Pajajaran,
Muga tong kasmaran,
Sing tulatén jeung rumaksa,
Miara pakaya,
memang sawajibna,
Géten titén rumawat tanah pusaka.*

Géura hég lenyepan, éta konsép falasifah hirup jeung ahéngna budaya Sunda anu digambarkeun dina rumpaka di luhur, sakitu tohagana, piraku urang teu hayang nuluykeun, sakurang-kurangna ulah opénan pikeun ngaruksak budayana. Kapanan alat budaya téh, nya basa téa. Hartina, lamun basana kapiara kalawan hadé tur ajeg, budayana ogé moal jauh ti kitu.

Urang Sunda sawawa, hartina teu kudu hélok ku budaya batur, da budaya Sunda gé hadé, sawawa jeung séké sélér bangsa séjén. Buktina naskah-naskah Sunda heubeul pada ngaguar ku bangsa séjén, kayaning Perancis, Jepang, géus puguhning ari Walanda mah. Kasenianana ogé pada mikaresep ku bangsa deungéun. Loba urang asing ngadon dialajar kasenian Sunda, boh di urang boh di nagarana.

Dumasar kana eusi nu ditepikeun dina rumpaka kawih di luhur, saéstuna poténsi géografi jeung budaya Sunda kacida beungharna, disebutna ogé kapanan sawawa – tegésna sajarah, satahapan jeung bangsa séjén.

2. Ngaronjatkeun Préstasi jeung Kréativitas Siswa dina Diajar Basa Sunda

Pikeun ngaronjatkeun préstasi jeung kréativitas (karancagéan) siswa dina diajar basa Sunda téh bisa dilaksanakeun ku rupa-rupa cara, di antarana waé, ku ayana kagiatan diajar ngajar anu pikaresepeun jeung pikabetaheun. Jadi, koncina aya dina modél pangajaran anu dipaké ku guru.

Aya konsép kagiatan diajar ngajar anu geus populer nyaéta PAKEM atawa PAIKEM akronim tina *Pembelajaran Aktif, Kréatif, Éféktif* jeung *Menyenangkan* atawa *Pembelajar Aktif, Inovatif, Kréatif, éféktif* jeung *Menyénangkan*. Nilik kana akronim tina kecap-kecap anu ngébréhkeun yén diajar téh kudu nyiptakeun lugina, rese, betah. Suasana diajar modél kitu, can pati loba nu ngalaksanakeun, najan ari konsépna mah geus pada arapal.

Nyindekel kana suasana “senang” atawa resep, naon rupa anu direncanakeun bakal tinekan, lantaran dipiheulaan ku rasa resep téa, ku rasa senang atawa rasa lugina téa. Mangka hal-hal lianna kayaning aktif, tangtu bakal tumuwuh, lantaran dipiheulaan ku rasa resep, sikep kréatif, bakal tumuwuh, henteu kaséngkér, lantaran geus dipiheulaan ku rasa resep. cindekna, saéstuna suasana resep anu kudu pangheula diciptakeun téh, karakter nu séjénna bakal babari numuwuhkeunana.

Konsép PAKEM / PAIKEM téh péréléanana sakumaha ieu di handap:

1. Siswa aub dina sagala rupa kagiatan anu udaganana pikeun mekarkeun cangkeman tur kamampuh ngaliwatan paripolah langsung;
2. Guru ngabantu tur ngarojong ku mangrupa motivasi jeung nyadiakeun sarana anu diperlukeun ku parasiswa;
3. Guru nyiptakeun sagala rupa hal anu pikaresepeun jeung nyiptakeun suasana anu pikabetaheun parasiswa dina milampah sagala rupa kagiatan, kayaning buku-buku, majalah, Koran, di tempat anu henteu resmi/formal;
4. Guru nyiptakeun suasana diajar kooperatif tur interaktif boh sacara kelompok atawa séwang-séwangan;

5. Guru ngajurung laku siswa dina diajarna nurutkeun kahayang dirina anu tujuanana sangkan idé jeung gagasanana bisa ébréh; kitu deui dina miara jeung ngamumulé lingkungan sakolana ditumuwuhkeun rasa mikaresep jeung rasa tanggungjawabna.



Gambar 2. 3 Situasi Diajar nu Lalugina Pikaresepeun jeung Pikabetaheun

(Dokumen Dedeh Fadilah)

Husus anu patalina jeung pangajaran basa Sunda, guru méré motivasi ka parasiswa sangkan idé jeung gagasanana bisa tumuwuh pangpana anu aya patalina jeung kabeungharan kecap (husus keur kelas handap). Upama kabeungharan kecapna geus katémbong, ditungtun pikeun diajar nyieun karangan anu basajan luyu jeung kahanan umurna.

Karangan anu henteu loba mikir nyaéta wangun karangan déskriptif. Tegesna parasiswa ditungtun pikeun ngadéskripsikeun hal anu katingali, kadéngé jeung karasa. Latihan séjénna, bisa ngaliwatan gambar. Gambar sina dipencrong heula, tuduhkeun babagian nepi ka bubuk leutikna. Sanggeus kitu, naon anu kapencrong ku manéhna, sina ditulis kalawan mérélé dumasar kana urutan babagian nu aya dina gambar.

Dumasar kana wangun, tujuan, rarancang jeung ngalaksanakeun peniléyan dina prak-prakanana PAKEM/PAIKEM téh sakumaha pedaran ieu di handap.

a. Prak-prakan dina ngalaksanakeun pamarekan PAKEM/PAIKEM

Dina prakna ngalaksanakan kagiatan diajar ngajar anu ngagunakeun pamrékan PAKEM/PAIKEM, aya sababara hal anu kudu dipikanyaho, nya éta:

- 1) Kudu nyangkem pasipatan jeung karakter parasiswa;
- 2) Kudu wanoh pisan ka hiji-hijina siswa;
- 3) Kudu bisa ngamangpaatkeun karakter jeung paripolah siswa pikeun kapentingan kagiatan diajar ngajar;
- 4) Numuwuhkeun cara mikir kritis, kréatif jeung kamampuh ngokolakeun masalah;
- 5) Ngarékayasa rohangan kelas, salin jinis dirobah jadi lingkungan diajar ngajar anu pikaresepeun jeung pikabétaheun;
- 6) Méré pangdeudeul minangka uji balik jeung lajuning laku pikeun ngaronjatkeun kagiatan diajar ngajar. (Sudarjat, 2009)

Guru kudu bisa nyieun kacindekan tina hasil peniléyan saupama siswa dianggap acan mampuh ngawujudkeun kompéténsi dasar jeung standar kompéténsina dumasar kana prosés interaksi dina kagiatan diajar ngajar. Ku lantaran kitu, guru sawadina kudu bisa nyiptakeun suasana diajar ngajar anu partisipatif, aktif, kréatif jeung pikaresepeun (menyenangkan) sangkan kompéténsi dasar jeung standar kompéténsi nu geus dirancang saméméhna bisa kahontal. Jaba ti kitu, guru téh diperedih sangkan mampuh nyiptakeun kagiatan diajar ngajar anu sifatna inovatif deuih dina sagala aspék anu aya patalina jeung kagiatan diajar ngajar.

Ku lantaran pameredihna jiga kitu, konsékuénsi logisna guru kudu jembar wawasan élmu pangawéruh na pangpana kawéruh anu patali jeung rupa-rupa metodeu pangajaran (*multimetode*) katut élmu anu patali jeung média pangajaran (*multimédia*). Kaparigelan séjénna anu masih aya patalina jeung

kagiatan diajar ngajar nyaéta kudu mampuh nyiptakeun suasana diajar ngajar anu kondusif, boh sacara internal boh sacara éksternal.

Ceuk pamanggih (Rusman, 2010) nyebutkeun yén dina modél pamarekan PAKEM téh guru diperedih kudu bisa ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar anu sacara langsung ngalibetkeun siswa nu sifatna partisipatif, aktif, kréatif, éféktif tur dipikaresep/nyugémakéun anu muarana sangkan parasiswa mampuh nyiptakeun karya, gagasan, pamanggih, jeung idéna téh meleg-meleg hasil tina usaha jeung pamanggihna sorangan, lain meunang guruna.

Ieu di handap dipedar ngeunaan sababaraha modél, kayaning modél pangajaran partisipatif, modél pangajaran aktif, modél pangajaran kréatif, modél pangajaran éféktif, jeung modél pangajaran nyugemakéun (*menyenangkan*).

b. Modél Pangajaran Partisipatif

Nu dimaksud modél pangajaran partisipatif téh nyaéta modél pangajaran anu ngalibetkeun siswa sagemblengna (optimal) dina lumangsung kagiatan diajar-ngajar. Tegésna, siswa anu miboga peran dina prosés diajar ngajar téh, lain guru (*child centre/student centre*). Kagiatan diajar-ngajar téh bakal miboga ajén-inajén nalika dina prosés sagemblengna dipasrahkeun ka parasiswa sangkan maranéhna daék aub icikibung (partisipasi) dina sagala widang kagiatan diajar-ngajar.

Ari guru kalungguhanana dina kagiatan diajar ngajar modél partisipatif ieu nyaéta salaku médiator (nyambungkeun/ngarahkeun) jeung salaku fasilitator (nyaosan bubutuh) parasiswa dina lumangsungna kagiatan diajar-ngajar`



Gambar 2.4 Adegan situasi prosés diajar ngajar partisipatif

(Dokumen Dedeh Fadilah)

c. Modél Pangajaran Aktif

Modél pangajaran aktif nyaéta pamarekan pangajaran anu leuwih loba ngalibetkeun aktivitas siswa dina ngaksés informasi jeung élmu pangawéruh anu bakal diguar babarengan dina prosés kagiatan diajar ngajar di kelas. Ku cara kitu maranéhna miboga pangalaman anu bisa ngaronjatkeun kamampuh jeung kaparigelan.

Cara dina modél partisipatif, dina modél pangajaran aktif ieu ogé guru téh ukur boga kalungguhan anu sarua nyaéta salaku médiator jeung fasilitator (*to facilitate of learning*) baé. Dina modél ieu siswa sakabéhna kudu aktif ngalaksanakeun kagiatan diajar, guru mah cukup méré arahan jeung bimbingan baé.



Gambar 2.5 Adegan situasi prosés diajar ngajar nu aktif

(Dokumen Dedeh Fadilah)

d. Modél Pangajaran Kréatif

Ari dina modél pangajaran kréatif mah guru téh diperedih kudu parigel pikeun ngamotivasi jeung numuwuhkeun karancagéan (kréativitas) siswa salila lumangsung prosés kagiatan diajar ngajar ku cara milih, nangtukeun jeung ngadumaniskeun metode anu mampuh numuwuhkeun kréativitas siswa, boh ngaliwatan “kerja kelompok”, “bermain peran”, jeung “pemecahan masalah”. Modél pangajaran kréatif meredih guru sangkan bisa numuwuhkeun kréativitas siswa, boh dina lebah kamampuh mikir boh dina lebah kaparigelan séjénna.

Ari mikir kréatif salawasna sok dimitian ku cara mikir anu kritis, calakan; tegesna anu saméméhna teu kapikiran ayeuna jadi kapikiran, atawa anu saméméhna teu kapanggih ayeuna jadi kapanggih, anu saméméhna hésé ayeuna jadi babari. Mikir anu kritis téh kudu diaping jeung dibiasakeun sangkan parasiswa jadi kréatif.



Gambar 2.6 Adegan situasi prosés diajar ngajar nu kréatif

(Dokumen Dedeh Fadilah)

Ceuk Mulyasa dina Sudaryat (2013) mikir kréatif téh aya opat tahapan, nya éta: (1) *persiapan* (tatahar), nyaéta prosés ngumpulkeun informasi pikeun diuji; (2) *inkubasi*, nyaéta mikiran hiji hal (*merenungkan*) anu dijadikeun hipotesis informasi nepi ka éta hipotésis téh dianggap rasional; (3) *iluminasi*, nyaéta dianggap yén éta hipotesis téh yakin bener; (4) *vérifikasi*, nyaéta hipotésis téh diuji bener-henteuna anu engkéna dijadikeun rékoméndasi, konsép atawa tiori.

Siswa bisa disebut kréatif lamun bisa nyiptakeun hal anu sifatna anyar hasil tina prosés kagiatan diajar ngajar jeung hasil tina prosés mikirna, boh individual boh kelompok.

e. Modél Pangajaran Éféktif

Pangajaran téh bisa disebutkeun éféktif lamun mampu mekelan pangalaman anyar ka parasiswa jeung ngawujudkeun hiji kaparigelan (kompéténsi) sarta ngabuktikeun yén anu jadi udagan pangajaran geus kahontal sagemblengna

(optimal). Ieu téh kudu dibuktikeun ku cara ngalibetkeun parasiswa dina ngarencanakeun, ngalaksanakeun jeung prosés peniléyanan. Mémang kitu kuduna, yén sakabéhna siswa kudu milu aub sangkan tumuwuh rasa sugemana dina paripolah diajar, nepi ka ébréh yén kagiatan diajar ngajar téh bener-bener kondusif tujul kana udagan anu geus ditangtukeun sangkan mampuh ngawujudkeun kaparigelan (kompéténsi) siswana. Modél pangajaran éféktif téh meredih sangkan siswa sakabéhna aktif dina kagiatan diajar ngajar, lantaran maranéhna anu jadi puseur kagiatan anu engkéna bakal ngawujudkeun kaparigelan (kompéténsi).

Parasiswa kudu dideudeul dina lumangsungna proses kagiatan diajar sangkan mampuh nafsirkeun unggal informasi anu dipidangkeun ku guru nepi ka éta informasi téh bisa katarima ku akal sehatna. Dina lumangsungna prosés kagiatan diajar ngajar tangtu bakal katémbong ragotna adu rényom madungdéngkéun informasi anu dipidangkeun ku guru téa nepi ka maranéhna miboga kacindekan anu sarua. Modél pangajaran éféktif kudu dirojong ku kayaan lingkungan diajar anu kondusif/nyumponan pamaredih.

Ku lantaran kitu, guru diperedih sangkan bisa matéahkeun siswa, matéahkeun prosés kagiatan diajar ngajar, matéahkeun matéri pangajaran, jeung matéahkeun sakabéh sumber diajar. Nyiptakeun pangajaran anu éféktif téh teu bisa parsial, tapi kudu gémbler ti mimiti ngararancang, prosés jeung évaluasina.

Eféktivitas diajar-ngajar téh mangrupa hiji sistem anu silih rojong geusan ngahontal anu jadi tujuan. Hasilna kagiatan diajar-ngajar téh nyoko kana kahontal jeung henteu anu jadi tujuan. Ari anu jadi tujuan utama tina kagiatan diajar-ngajar téh kapanan murid. Murid minangka subyék diajar-ngajar, ku lantaran kitu henteu salah mun nu diutamakéun téh nyiptakeun kaparigelan diajarna murid.

Patali jeung éta, tugas guru téh nyoko kana tilu hal, nyaéta (1) minangka *perencana* guru kudu parigel matéahkeun sagala bahan nu nyampak: ti mimiti bahan ajar, média pangajaran, nangtukeun jeung milih téhnik katut metode, jrrd; (2) minangka nu ngokolakeun, guru kudu parigel matéahkeun

bahan katut waktu nu disayagikeun luyu jeung prosedurna; jeung (3) minangka évaluator, guru kudu parigel ngalaksanakeun peniléyan naha lumangsung kagiatan diajar ngajar téh éféktif atawa henteu.



Gambar 2.7 Adegan situasi diajar ngajar nu éféktif

(Dokumen Dedeh Fadilah)

Prosudur ngalaksanakeun pangajaran éféktif heula pandeurina nyaéta (1) ngayakeun appersépsi; (2) ngalampahkeun éksplorasi, nyaéta ngawanohkeun matéri poko jeung kompéténsi dasar anu baris dihontal ku cara ngagunakeun variasi metode; (3) ngayakeun konsolidsdi pangajaran nyaéta ngaaktifkeun parasiswa enggoning ngawujudkeun kaparigelan (kompéténsi) anu aya patalina jeung kahirupan sapopoé; (4) ngalaksanakeun évaluasi ku cara ngumpulkeun fakta jeung data sarta dokumen hasil diajar parasiswa anu tujuanana pikeun ngoméan program pangajaran ka hareup.

Pikeun ngalaksanakeun pangajaran éféktif, guru kudu maliré kana hal-hal nu ditataan ieu, nyaéta: (1) matéahkeun tempat diajar; (2) matéahkeun siswa; (3) matéahkeun kagiatan diajar ngajar; (4) matéahkeun eusi pedaran materi; jeung (5) matéahkeun média jeung sumber pangajaran.

f. Modél Pangajaran Menyenangkan

Modél pangajaran anu nyugemakéun (*joyfull instruction*) mangrupa prosés kagiatan diajar ngajar nu di jerona aya *kohesi* anu kuat antara guru jeung siswa, sama sakali teu aya rasa kapaksa komo deui maké jeung kudu aya tekanan (*intimidasi*), éstuning katémbong ayana rasa silih asih, silih asuh jeung silih asah téh. Guru merenahkeun manéh salaku “mitra” diajar, malahan dina sababaraha hal mah henteu mustahil guru diajar ti parasiswa. Lebah dieu mémang sakuduna nyiptakeun suasana anu démokratis, taya bangbaluh nanaon, boh guru boh parasiswa sarua babarengan papada diajar.

**LEMBAR KERJA KOMPETÉNSI PÉDAGOGIK
IDÉNTIFIKASI MASALAH-MASALAH ANU NGABALUKARKEUN
SISWA HÉSÉ DIAJAR BASA SUNDA**

Pituduh:

1. Pék titénan matéri idéntifikasi masalah anu ngabalukarkeun siswa hésé diajar basa Sunda dina Modul Kelompok Kompetensi A!
2. Diskusikeun dina kelompok pikeun ngajawab pertanyaan ngeunaan idéntifikasi masalah anu ngabalukarkeun siswa hésé diajar basa Sunda!
3. Tuliskeun jawaban hasil diskusi dina kolom ieu di handap!

No.	Aspék	Hasil Idéntifikasi Masalah	Solusi Ngungkulan Masalah
1.	Guru		
2.	Murid		
3.	Bahan Ajar		
4.	Média		
5.	Lingkungan		

D. Kegiatan Diajar

Saréngséna Sadérék niténan pedaran matéri pangajaran ka 2 anu patali jeung Ngungkulan Héséna Siswa Diajar Basa Sunda. Kumaha aya kelemeng-kelemeng atawa henteu? Mun acan aya kelemeng, komo deui nyangkem sakabéhna matéri nu dipedar, pék balikan deui macana. Dina lumangsungna maca, sing tengét naon anu dianggap penting ku Sadérék, hég catet. Ku lantaran kitu, salawasna Sadérék kudu nyayagikeun pulpén jeung buku catétan husus.

Sing ingét anu jadi téma dina pangajaran ka 2 téh ngungkulan bangbaluh jeung ngaronjatkeun préstasi katut kréativitas siswa diajar basa Sunda. Ti mimiti faktor guru nepi ka faktor lingkungan, ésénsi pesenna kudu kacangkem ku Sadérék. Upama Sadérék geus nyangkem pedaran matéri di luhur, satuluyna Sadérék métakeun boh dina wangun angket boh wawancara ka siswa, hasilna tuluy ditabulasikeun. Hasil tina tabulasi, ku Sadérék bisa dicindekkeun faktor naon anu jadi hésé pikeun siswa enggoning diajar basa Sunda?

Lamun pasualan héséna téa geus kapanggih, Sadérék bisa nangtukeun sikep. Rék kumaha jeung kudu kumaha? Jigana waé pasualan “hésé” pikeun siswa dina diajar basa Sunda hususna, geus jadi rahasia umum. Ku lantaran kitu, kacida hadéna éta pasualan téh dipadungdengkéun jeung babaturan saprofési Sadérék, boh di lingkungan kelompok Sadérék, boh di lingkungan komunitas saprofési anu leuwih lega.

Kegiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kegiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun kalawan disiplin.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kegiatan diajar tanggung jawab jeung disiplin.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar kalawan kreatif.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa kreatif tur gawé bareng dina diskusi jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan

Jawab kabéh pertanyaan ieu di handap kalawan daria!

1. Pedaran di luhur téh nyaritakeun komunitas masarakat Sunda, tétélakeun naon patalina jeung poténsi siswa dina diajar basa Sunda?
2. Ari hubungan pancakaki aya pangaruhna kana kamampuh diajar siswa hususna dina diajar basa Sunda?
3. Cing pék sebutkeun tilu rupa poténsi anu kudu kapimilik ku parasiswa patalina jeung diajar basa Sunda!
4. Naon sababna kaayaan basa jeung budaya Sunda henteu anggér alias robah?
5. Ari anu dimaksud konsép Tri Tangtu di Buana téh kumaha, terangkeun!
6. Tétélakeun kumaha konsép PAKEM atawa PAIKEM minangka salahsahiji pamarekan dina kagiatan diajar ngajar téh!
7. Tétélakeun hal naon waé nu kudu dilampahkeun sangkan parasiswa kréatif dina ngalaksanakeun prosés diajarna!
8. Hal naon waé nu kudu dipilampah dina prosés kagiatan diajar ngajar éféktif téh?
9. Naon sababna idé jeung gagasan parasiswa bisa kaungkab kalawan optimal dina kagiatan diajar ngajar ngagunakeun pamarekan PAKEM atawa PAIKEM? Tétélakeun alesanana!
10. Naha enya lamun suasana diajar ngajar “menyénangkan” bisa ngaronjatkeun préstasi siswa? Tétélakeun!

F. Tingkesan

Nu dimaksud ku masarakat Sunda téh nyaéta gundukan urang-urang Sunda nu digédékeun di lingkungan sosial budaya Sunda dina hirup kumbuhna sapopoé ngagunakeun jeung magéuhan norma-norma katut ajén-inajén budya Sunda.

Sistim pengornanisasian urang Sunda nyaéta (1) dumasar kana kelompok umur; (2) sistim pancakaki; jeung (3) ajén inajén kapamingpinan.

Ari anu dimaksud Sang Prabu nyaéta pamingpin roda pamaréntahan (eksekutif), pamingpin formal, birokrat, pamaréntah (presidén, raja) nu miboga kawijakan. sacékna nilas saplasna.

Ari Sang Rama nyaéta golongan masarakat anu dikolotkeun pikeun ngawakilan di lembaga legislatif.

Ari Sang Resi nyaéta golongan masarakat nu boga pancén pikeun ngokolakeun hukum agama jeung hukum darigama – hukum nagara (yudikatif).

Konsép PAKEM / PAIKEM téh péréléanana sakumaha ieu di handap:

- a. Siswa aub dina sagala rupa kagiatan anu udagana pikeun mekarkeun cangkeman tur kamampuh ngaliwatan paripolah langsung;
- b. Guru ngabantu tur ngarojong ku mangrupa motivasi jeung nyadiakeun sarana anu diperlukeun ku parasiswa;
- c. Guru nyiptakeun sagala rupa hal anu pikaresepeun jeung nyiptakeun suasana anu pikabetaheun parasiswa dina milampah sagala rupa kagiatan, kayaning buku-buku, majalah, Koran, di tempat anu henteu resmi/formal;
- d. Guru nyiptakeun suasana diajar kooperatif tur interaktif boh sacara kelompok atawa séwang-séwangan;
- e. Guru ngajurung laku siswa dina diajarna nurutkeun kahayang dirina anu tujuanana sangkan idé jeung gagasanana bisa ébréh; kitu deui dina miara jeung ngamumulé lingkungan sakolana ditumuwuhkeun rasa mikaresep jeung rasa tanggungjawabna.

Nu dimaksud modél pangajaran partisipatif téh nyaéta modél pangajaran anu ngalibetkeun siswa sagemblengna (optimal) dina lumangsung kagiatan diajar ngajar.

Modél pangajaran aktif nyaéta pamarekan pangajaran anu leuwih loba ngalibetkeun aktivitas siswa dina ngaksés informasi jeung élmu pangawéruh anu bakal diguar babarengan dina prosés kagiatan diajar ngajar di kelas, ku cara kitu maranéhna miboga pangalaman anu bisa ngaronjatkeun kamampuh jeung kaparigelan.

Modél pangajaran kréatif mah guru téh diperedih kudu parigél pikeun ngamotivasi jeung numuwuhkeun kaarancagéan (kréativitas) siswa salila lumangsung prosés kagiatan diajar ngajar ku cara milih, nangtukeun jeung ngadumaniskeun metodeu anu mampuh numuwuhkeun kréativitas siswa, boh dina kagiatan *kerja kelompok*, *bermain peran*, jeung *pemecahan masalah*.

Pangajaran téh bisa disebutkeun éféktif lamun mampuh mekelan pangalaman anyar ka parasiswa jeung ngawujudkeun hiji kaparigelan (kompéténsi) sarta ngabuktikeun yén anu jadi udagan pangajaran geus kahontal sagemblengna (optimal).

Modél pangajaran anu nyugémakéun (*joyfull instruction*) mangrupa prosés kagiatan diajar-ngajar nu di jerona aya *kohesi* anu kuat antara guru jeung siswa, bener-bener teu aya rasa kapaksa komo deui lamun kudu aya tekanan (*intimidasi*), éstuning katémbong ayana rasa silih asih, silih asuh jeung silih asah téh.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul kalawan jujur jeung tanggung jawab. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur kamampuh nyangkem bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100% = alus pisan

80 - 89% = alus

70 - 79% = cukup

< 69% = kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngangkem bahan ajar 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana bahan kagiatan Diajar 3. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui sarta deres deui bahan dina Kagiatan Diajar 2, pangpangna bahan nu tacan kacangkem.

Réfleksi jeung Lajuning Laku

Ieu kagiatan dilaksanakeun pikeun ningali kahontalna jeung éféktivitas prosés pangajaran anu diilukan ku Sadérék. Lamun geus ngawasa matéri pangbinaan guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis ngungkulan bangbaluh jeung ngundakkeun préstasi diajar murid SMA/SMK, Sadérék bisa nyontréng (√) kolom “Kahontal”. Sabalikna, lamun can kahontal, Sadérék bisa nyontréng (√) kolom “Can Kahontal”.

No.	Tujuan Pangajaran	Kahontal	Can Kahontal	Kat.
1.	Ngalatih guru dina nganalisis ngungkulan bangbaluh jeung ngundakkeun préstasi diajar murid SMA/SMK kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
2.	Ngalelempeng guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis ngungkulan bangbaluh jeung ngundakkeun préstasi diajar murid SMA/SMK kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
Lajuning Laku:				

KOMPETENSI PROFESIONAL:

**RAGAM BASA SUNDA, KAWIH,
JEUNG MANTRA**

KAGIATAN DIAJAR 3

HAKEKAT JEUNG CIRI KHAS BASA SUNDA

A. Tujuan

Tujuan Kagiatan Diajar III nyaéta sangkan Sadérék bisa nyangkem hakékat basa, ciri has basa Sunda, jeung ciri basa budak kalawan dibarung ku ajén-inajén karakter nu ngawengku religius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Saréngséna niténan pedaran Matéri Diajar III, Sadérék dipiharep bisa:

1. Ngaidentifikasi hakékat jeung idéntitas basa kalawan gawé bareng;
2. Nganganalisis ciri has basa Sunda kalawan gawé bareng; jeung
3. Ngajelaskeun ciri has basa Sunda jeung basa budak kalawan kréatif.

C. Pedaran Matéri

1. Hakékat jeung Jatidiri Basa

Hakékat basa jeung jatidiri basa saenyana nyoko kana ngaguar ciri-ciri basa, boh lahiriah boh batiniah. Hakékat basa nyoko kana ciri-ciri batiniah (internal) basa, ari jatidiri (idéntitas) basa nyoko kana ciri-ciri lahirian (éksternal) basa.

Hakékat Basa

Ari hakékat basa téh, ceuk Sudaryat (1991:3-5), nyaéta (1) basa téh sistem; (2) basa téh arbitrér; (3) basa téh simbul (sasmita); (4) basa téh produktif; (5) basa téh universal; (6) basa téh mandiri (unik); (7) basa téh komunikatif; (8) basa téh mijalma; jeung (9) basa téh kultur (budaya).

a. Basa mangrupa sistem

Pangna basa disebut sistem nyaéta lantaran mangrupa beungkeutan dua unsur, tegesna unsur luar jeung unsur jero, wangun jeung eusi anu silih léngképan dumasar kana aturan nu tangtu pikeun ngahontal hiji harti. Pangna disebutkeun hiji sistem, basa téh mibanda sifat sistématis tur sistemik. Disebut sistématis, lantaran basa téh ngandung unsur-unsur anu puguh éntép seureuhna; ari disebut sistemik, lantaran basa téh mibanda pola atawa aturan anu dumuk sarta bisa diprédiksi/diramalkeun, saperti: aturan fonologi, tatabasa jeung semantik.

b. Basa téh sipatna arbitrér

Pangna basa disebut arbitrér, lantaran patalina lambang sora jeung obyékna euwéuh hubungan logis (sakarepna, sakahayangna, manasuka pamakéna). Contona: kecap imah dina basa Sunda anu hartina wawangun tempat pamatuhan, tempat betah bumétah; dina basa séjén mah diucapkeunana umah (Jawa); rumah (Melayu/Indonesia), *baitun* (Arab), haus (Jerman), *house* (Inggris).

c. Basa mangrupa simbul

Pangna basa disebut simbul atawa lambang atawa tanda nyaéta lantaran basa téh mangrupa gambaran tina konsép pikiran (*langue*) jeung gambar tina sora omongan (*parole*). Basa mangrupa sistem tanda atawa lambang (*signe linguistique*) anu ngagambarkeun pikiran (*langue*) jeung omongan (*parolé*). *Langue* mangrupa pikiran (aturan, rumus) anu aya dina otak manusa, sifatna homogén tur rélatif anggér; *parole* mangrupa omongan (runtuyan sora) anu kaluar tina baham, sistemna hétérogén tur rélatif robah.

d. Basa hal anu produktif

Pangna basa disebut produktif lantaran ari basa téh mangrupa sistem kognitif (mikir) anu diatur ku rumus-rumus anu unik tur bisa dimanipulasi ku panyaturna sangkan bisa ngahasilkeun mangpirang-pirang omongan anu lobana tan wates wangén. Digunakeun ku panyaturna pikeun alat komunikasi jeung mekarkeun élmu pangawéruh.

e. Basa sipatna universal

Panga basa disebut universal nyaéta lantaran basa téh mibanda ciri-ciri umum anu dipiboga unggal basa, kayaning: yén basa téh dihasilkeun tina alat ucap manusa, unggal basa miboga wangun jeung eusi, unggal basa bisa robah ti waktu ka waktu, unggal basa miboga fungsi anu tangtu di komunitas para panyaturna.

f. Basa téh mandiri (unik)

Unik ngandung harti has, mandiri, husus, atawa béda ti nu séjén. Ieu katerangan téh karasana patukang tonggong jeung katerangan yén basa téh universal. Lamun kitu naon atuh nu saenya unik dina basa téh?

Anu dimaksud unik dina basa téh nyaéta yén unggal basa téh miboga sistim, adegan, jeung kandaga kecap séwang-séwangan anu has tur mandi sarta teu kudu sarua jeung basa lianna. Malah anu jadi pangbéda hiji basa jeung basa séjénna pangpangna mah palebah kandaga kecap (*léksikon*), ti dinya kakara adeganana.

Ciri has anu dipibanda ku basa téh sipatna universal sakaligus unik. Upamana waé dina basa Sunda aya kecap panganteur anu ngandung harti “aspék inkoaktif” saperti *jung* nangtung, *gék* diuk, *léos* indit, jst. Ieu kecap téh teu bisa ditarjamahkeun kana basa naon waé (basa Indonésia upamana). Cicingna kecap anteuran aya di hareupeun jejer jeung caritaan pagawéan sarta mandiri ngawakilan kecap pagawéan caritaan.

Contona:

- 1) *Jung* kuring indit ka luar.;
- 2) Kuring *jung* indit ka luar.;
- 3) Géura *jung* atuh!

g. Basa téh komunikatif

Komunikatif sifat tina komunikasi. Dina enas-enasna mah komunikasi téh nepikeun “pesan” (rasa, pikiran jeung kahayang) ti panyatur atawa anu ngirim pesan ka nu nampa pesan atawa anu diajak nyarita (pamiarsa atawa nu maca) ngaliwatan média basa.

Dina seuhseuhanana kahirupan manusa téh henteu bisa dipisahkeun tina aspék komunikasi. Alat anu dipaké pikeun komunikasi nyaéta basa, boh lisan boh tulisan. Komunikasi ngagunakeun basa disebutna komunikasi verbal, ari komunikasi henteu ngagunakeun basa alias ngagunakeun gerak (obah-obahna anggahota badan) disebutna komunikasi non verbal, contona: gideug – nuduhkeun embung; gugupay – ngajak, jst.

Basa mangrupa alat komunikasi manusa, ari basa téh mangrupa lambang sora anu sifatna universal. Sajaba ti aya basa lisan (sora) ogé aya basa gerak (*body language*). Boh basa lisan boh basa gerak duanana ogé sarua miboga fungsi pikeun komunikasi.

h. Basa téh mijalma

Tumuwuhna basa téh ngan aya dina dunya manusa wungkul, da di dunya sasatoan mah teu dipiwanoah ayana kamekeran basa. Ari manusa téh mangrupa mahluk sosial, hirupna henteu bisa nyorangan. Dina kahirupan sosialna geus tangtu bakal silih tembrakeun kahayang jeung kabutuh. Pikeun nembrakeun kahayang jeung kabutuh téh ngagunakeun alat. Alat anu dipakéna taya lian nyaéta basa. ku lantaran kitu, basa téh geus jadi milik manusa anu teu bisa lésot – teu bisa dipisahkeun; ayana basa lantaran ayana manusa, kitu takdir-Na.

i. Basa téh budaya

Basa téh miboga sifat ngabudaya (*cultural*) lantaran salian ti basa mangrupa “unsur” budaya ogé jadi alat pikeun ngagedékeun jeung ngamekarkeun budaya. Tanpa basa, budaya moal bisa mekar. Lantaran basa anu miboga peran penting dina budaya. Naon waé wangun jeung jirimna budaya tangtu ngagunakeun basa; tegesna antara budaya jeung basa téh lir ibarat gula jeung amisna – lain gula ngarana, laun teu amis.

Ari anu jadi unsur budaya téh, nyaéta (1) pacabakan; (2) kamasarakatan; (3) élmu pangawéruh; (4) pakakas, undagi, jeung téhnologi; (5) basa; (6) seni; jeung (7) agama katut réligi (Koentjaraningrat, dina Sudaryat, 2013). Unsur-unsur budaya bisa kagambarkeun dina basa.

Jatidiri atawa Idéntitas Basa

Disawang tina karakteristik lahiriahna basa téh miboga ciri-ciri nyaéta (1) idéntitas fisik; (2) idéntitas psikologis; (3) idéntitas géografis; (4) idéntitas étnik; (5) idéntitas sosiologis; jeung (6) idéntitas kontéktual (Crystal, dina Yayat Sudaryat, 2013).

a. Idéntitas fisik

Identitas fisik anu mangaruhan wujudiah basa nyaéta (a) tipe fisik; (b) kondisi fisik; (c) umur; (d) ucapan; jeung (e) jenis kelamin anu makéna. Patalina basa jeung kaayaan fisik anu makéna diulik ku *patologi* basa.

b. Idéntitas psikologis

Tina jihat psikologis, basa téh raket patalina jeung intélégénsi katut kapribadian (*personality*). Patalina basa jeung unsur psikologis nu makéna basa diulik ku *psikolinguistik*.

c. Idéntitas géografis

Unggal basa bakal dipangaruhan ku lokasi dipakéna basa. basa nu dipaké di hiji wewengkon disebut basa wewengkon, dialék local, dialék regional, atawa regiolék. Ari élmu anu ngulik basa wewengkon atawa basa dialék disebut *dialéktologi*.

d. Idéntitas étnik

Basa téh bisa dipikawanoh ku kelompok jalma, sélér bangsa, atawa bangsa anu makéna. Tina jihat étnik, aya nu disebut basa daérah, basa nasional, jeung basa asing. Éta kalungguhan basa téh masing-masing mibanda fungsi séwang-séwangan. Patalina basa jeung kahirupan étnik anu makéna diulik ku élmu *étnolinguistik*.

e. Idéntitas sosiologis

Kahirupan hiji basa dipangaruhan ku lingkungan sosial anu makéna saperti stratifikasi sosial, peran jeung status sosial, kaakraban/deuheus henteuna (*solidarity*), jeung ragam sosial. Patalina basa jeung kahirupan masaralat nu makéna basa diulik ku élmu basa sosial nu ilahar disebut *sosiolinguistik*.

f. Idéntitas kontéksstual

Wujudiah basa bisa gumantung kana kontéks situasi dipakéna. Hubungan antara basa jeung kontéks situasi makéna diulik ku pragmatik. Dell Hyems dina Sudaryat (2013:26) nyebutkeun yén kontéks situasi anu mangaruhan wujudiah basa téh mibanda unsur-unsur (*component of speech*) anu disinggét

SPEAKING, anu foném awalna nyoko kana:

S-etting and scene

P-articipants

E-nd purpoce and goals

A-cts sequences

K-ey tone or spirit of act

I-nstrumentalities

N-orms of interaction and interprétation

G-enres

Ari dina basa Sunda unsur-unsur kontéks situasi makéna basa téh bisa disinggét UNGKARA (Sudaryat, 1991:121) anu foném awalna nyoko kana:

U-ndak usuk atawa tatakrama basa

N-u maké basa jeung nu dicaritakeun

G-alur omongan

K-asang tukang tempat, waktu, jeung suasana

A-lat anu digunakeun

R-asa, nada, jeung raga, rasa basa

A-manat jeung tujuan ahir omongan

g. Idéntitas Stilistik

Stilistik téh nyaéta gaya basa katut makéna basa dina karya sastra. Stilistika mangrupa élmu anu maluruh patalina basa jeung karya sastra, kumaha gaya makéna basa dina karya sastra. Basa hiji jalma, sélér bangsa, atawa bangsa téh bisa kapaluruh tina gaya basa anu dipakéna.

Aya rupa-rupa gaya basa, di antarana waé: (1) gaya basa mijalma; (2) gaya basa ngasor; (3) gaya basa ocon; (4) gaya basa rarahuan; (5) gaya basa sindir; gaya basa ngupamakéun; jeung (7) gaya basa purwakanti (Sudaryat, 2001).

Géura ieu titénan conto di handap:

- 1) Gunung Galunggung *diharudum* ku halimun bangun nu ngungun.
 - 2) Mangga linggih ka *saung butut*.
 - 3) Punten pangmeserkeun *Jarum Coklat*.
 - 4) Kajeun *ceurik cimata géti*, moal rék ngahampura!
 - 5) Punten TVna *dialitan* saeutik.
 - 6) Ari maneh jeung dulur téh *kawas ucing jeung anjing*.
- Loba kénéh conto-conto gaya basa séjénna. Ku Sadérék bisa ditambahan deui.

1. Pangbéda Basa Manusa

Nu ngabédakeun antara manusa jeung sato dina lebah basa, nyaéta ari manusa mah maké basa anu dumuk palanggeranana sedéngkéun ari sato mah henteu dumuk aturanana. Dina lumangsungna komunikasi, basa téh kalungguhanana sabagé alat pikeun nepikeun pesen, kahayang, unek-unek, jird ka nu diajak nyarita.

Dumasar kana hasil panalungtikan Hockett (1963) dina Sudaryat (2014) ngeunaan linguistik jeung antropologi, nyebutkeun yén ciri nu ngabédakeun basa manusa ti sato téh nya éta: (1) midua [*duality*], (2) rancagé, (3) manasuka, (4) siligénti, (5) pamencar, (6) mandiri, jeung (7) pamulasara budaya. Sangkan leuwih jéntré, di handap baris dipedar hiji-hijina.

a. Basa téh midua (*duality*)

Nu dimaksud ku midua di dieu nyaéta yén basa téh mibanda dua subsistim, subsistem sora (wangun) jeung subsistem harti. Ku ayana dua subsistem éta, fungsi harti basa jadi leuwih irit (praktis, simpel). Unit miharti basa téh bisa dipasing-pasing jadi kalimah nu jumlahna tan wates wangen.

Gundukan kecap nu ngaruntuy nu mangrupa kalimah téh disebutna susunan taktis (*tactical arrangement*). Aya dua runtuyan taktis téh, nya éta:

- 1) Susunan fonotaktis (*phonotactic arrangement*) anu nyoko kana runtuyan sora nu nyampak (potensial); jeung
- 2) Susunan sintaksis (*syntactic arrangement*) nu nyoko kana runtuyan harti nu nyampak.

Éta dualitas téh teu aya dina komunikasi sato. Panggentra (*jackdaw*) atawa gogogan anjing nyaéta gunggungun unsur-unsur nu bisa dianalisis. (Wardhaugh, 197 : 24) dina Sudaryat (2014 : 28).

Basa téh mangrupa gunggungun wangun anu ngawujud sora jeung eusi. Basa téh nyaéta wujud sora jeung eusi. Ari eusi basa nyoko kana:

- 1) *phonmological information*, anu mangrupa wawaran nu sifatna fonologis, runtuyan sora nu taan harti;
- 2) *syntactical information*, mangrupa wawaran nu diébréhkeun dina wangun kalimah katut babagianana;
- 3) *lexical information*, mangrupa wawaran nu diébréhkeun dina kandaga kecap;
- 4) *conceptual knowledgé*, anu mangrupa konsép-konsép, mangrupa pangawéruh atawa harti; jeung
- 5) *sistem* anu hésé diévaluasi.

Ari eusi basa raket pisan patalina jeung wangun basa. Eusi (harti, konsép) mangrupa hubungan antara lambang (wangun, form) jeung obyék nu dimaksudna (acuan, référen).

b. Yén basa téh rancagé (produktivitas).

Sakumaha geus disebutkeun yén basa téh sipatna rancagé atawa produktif. Produktivitas kamungkinan ngadayagunakeun basa pikeun nepikeun pesen anu can kungsi ditepikeun samemehna, sarta ngamungkinkeun panyatur mibanda kamampuh pikeun ngédalkeun hiji hal anu can kungsi diucapkeun jeung kadengé samemehna. Tapi bisa kacangkem atawa kaharti ku pamiarsa.

Ngan ukur manusa nu dibere kamampuh pikeun nyusun kalimah anyar kalawan kandaga kecap jeung frasa anu merenah, tuluy disambungkeun

jadi susunan anyar luyu jeung kaedah anu baku (lulugu). Ieu nu disebut sistem nembrak (*open sistem*) tina basa manusa anu béda tina sora sastoan anu sipatna sistem nutup (*closed sistem*), nyaéta tiap sorana mangrupa babagian tina sasadiaan (*repertoire*) anu tangtu tur saeutik, nu ngabalukarkeun pikeun asupna hal anyar. Cindekna, yén komunikasi sato sipatna imitative, henteu produktif, béda jeung basa atawa sistim komunikasi manusa anu produktif atawa kréatif.

c. Yén basa téh manasuka (*arbitrariness*)

Sakumaha geus diterangkeun ti heula yén basa téh manasuka atawa arbitrer maksudna nyaéta taya hubungan pasti antara nu ditepikeun ku omongan (*substansi fonik*) atawa tulisan (*substansi grafik*) kana kedaling nu ditepikeun. Dina tiap basa manusa méh-méhan teu aya nu bisa diduga (*predictable*) jeung taya hubungan (logis) antara lambanga jeung obyékna. Dina tataran analisis basa, arbitrer téh tetela rinéka (*variatif*). Sinteksis kurang arbitrer dibandingkeun jeung kandaga kecap. Ku ayana sipat arbitrer téh, jumlah kalimah dina hiji basa tan wates wangén. Komunikasi sasatoan tingkat arbitrerna relatif kurang.

d. Yén basa téh siligénti (*interchangéability*)

Dina enas-enasna antara panyatur jeung pamiarsa bisa siligénti peran atawa silihkirim pesen omongan. Hiji waktu panyatur jadi pamiarsa, kitu deui sabalikna pamiarsa jadi panyatur. Sok sanajan kitu, prosés alur komunikasina mah sarua baé. Prosés di panyatur dimimitian ku purwaucap, tuluy kana *decoding*, nepi ka *fonasi* (kedaling).

Ieu ciri téh ayana ngan dina komunikasi manusa, nyaéta ku ayana silih pikaharti di antara parapihak nu keur ngalakukeun komunikasi téa. Ieu hubungan komunikasi téh ku ayana beungkeutan ajen-inajen lingustik atawa non-lingustik.

e. Yén basa téh pamencar (*displacement*)

Dina diri manusa téh aya dua pakakas nu digunakeun dina makéna basa, nyaéta (a) *fasilitas fisik*, kayaning: tikoro, irung, biwir, létah, jst., jeung (b) *fasilitas non-fisik*, kayaning: akal, rasa, pikiran, uteuk, jst. Ku éta dua fasilitas téh, manusa bisa ingét kana kajadian bihari, kamari, kiwari, jeung pingburi. Dina palebah dieu pisan manusa manusa mibanda pamencar (*displacement*), nyaéta basa bisa dipake pikeun ngacu kana hal-hal anu nyata atawa anu teu nyata (abstrak) ti mangsa baheula nepi ka mangsa ayeuna, malah narawangan pikahareupeun.

Pamencar téh mangrupa kamampuh pikeun nyaritakeun hiji hal nu jauh, boh nu patali jeung waktu boh nu patali jeung tempat. Nya ku hal ieu pisan manusa bisa mekarkeun élmu pangawéréh.

f. Yén basa téh mandiri (*spesifikasi*)

Sipat mandiri dina basa nyoko kana kanyataan yén komunikasi ngagunakeun basa kudu dibantuan ku aspék séjén kayaning gerakan fisik atawa kinestik minangka pakakas komunikasi. Manusa teu kudu ngéureunkeun kagiatan séjéna dina waktu rék ngaréspon, ari réspon teu sagemblengna ditangtukeun ku rangsangan (stimulus). Manusa bisa milampah komunikasi atawa nyarita bari milampah pagawéan anu teu aya patalina jeung nu keur diomongkeun.

g. Yén basa pamulasara budaya (*konservatif*)

Basa téh mangrupa unsur budaya sakaligus jadi wahana pikeun miara tur mekarkeun budaya. Kitu deui, basa bisa dipiara jeung dimumule ti entranan ka entranan ku cara ngabudaya. Sistim basa kudu diulik ku unggal panyatur. Lantaran basa mah henteu diwariskeun sacara biologis ti entranan ka entranan.

Najan manusa mibanda kamampuh dasar (*innate ability*), konvensi basa naon waé saperti kandaga kecap jeung tatabasa, dirundaykeun kalawan sistimatis ku cara diajar atawa ngaliwatan pangajaran (*language learning*). Kagiatan diajar

basa barudak leutik (anak usia dini) irundaykeun ku indung bapana. Anu disebut nu nimukeu basa (*languagé aquisition*). Basa anu langsung dirundaykeun ku indung bapana disebutna basa indung (*motéhr longue*).

Ari basa sasatoan mah dirundaykeunana teu cara manusa, sasatoan mah dirundaykeun sacara génétis, lain diulik. Sasatoan bisa ngarti jeung silihpikeharti di antara maranehna di tempat digédékeun. Sabalikna, manusa anu lahir di Tatar Sunda, nini, aki, buyut, bao, jangawareng, udeg-deg siwur jeung karuhuna urang Sunda, tapi bisa basa Inggris. Ari bas amah kumaha kabiasaan (tradisi). Ku kituna, lamun hayang parigél maké basa, “disebutna basa téh mangrupa kagiatan mekanik”, biasakeun dina kahirupan sapopoé, cara mesin

2. Ciri Has Basa Sunda

Ciri has basa Sunda téh mangrupa kaunikan atawa kahasan anu dipibanda ku basa Sunda. Sudaryat (2016) nétélakeun yén kaunikan basa Sunda téh aya dina tataran sora, tataran kecap, tataran kalimah, jeung tataran kandaga kecap.

a. Kahasan Tataran Sora

Basa Sunda mibanda tujuh swara (vocal), nyaéta/a, i, u, é, o, e, eu/ jeung 18 wianjana (konsonan). Kahasan gambaran sora basa Sunda mibanda aksara ngalagena, aksara swara, jeung rarangkén (pananda sora). Dina basa Sunda aya vokal /eu/, nyaéta vokal tengah-puseu. Basa Sunda ogé beunghar ku kecap-kecap sakabéhna vokalna /a/, nyaéta vokal handap-puseur-buleud. Contona waé:

“Kang Dadang aya maksud hajat badag. Kang Dadang angkat ka Majalaya, maksudna ngala nangka ngala kalapa. Barang datang ka Majalaya, kasampak tangkal nangka tangkal kalapa aya ngajajar dalapan. Barang datang ka Majalaya, kalacat Kang Dadang hanjat kana tangkal nangka. Barang hanjat hanjat, kasampak aya kadal badag ngarayap kana palangkakanana da panyangkana palangkakan Kang Dadang aya barayana. Kang Dadang ragrag kana sawah saat, nangkarak, tamat.”

Ku sabab réa kecap anu sakabéh vokalna /a/, sok aya nu nyebutkeun urang Sunda mah “calawak”. Malah ceuk urang Amérika mah, ciri nu pangkatembongna ti urang Sunda nyaéta “huntu” lantaran resep heureuy, banyol, jeung seuri.

b. Kaunikan Tataran Kecap

Dina tataran kecap, basa Sunda beunghar ku rarangkén *rarangkén* (afiks). Kacatet aya 23 rarangkén hareup, 4 rarangkén tengah, 10 rarangkén tukang, 10 rarangkén barung, jeung 26 rarangkén gabung. Upamana waé, rarangkén hareup *pa-* dina *patepung*, rarangkén tengah *-um-* dina *gumeulis*, rarangkén tukang *-eun* dina *éraeun*, rarangkén barung *pang—na* dina *pangpinterna*, jeung rarangkén gabung *di++-keun* dina *diasupkeun*.

Jaba ti éta, basa Sunda ogé mibanda kecap rajékan anu produktif pisan. Éta kecap rajékan téh bisa mangrupa dwipurwa saperti *tatajong*, dwimurni saperti *bapa-bapa*, dwireka saperti *bulak-balik*, jeung triréka (trilingga) saperti *dar-dér-dor* ‘berdentuman’. Ku kituna, basa Sunda ku Robins (1982) disebut minangka tipe basa aglutinatif lantaran beunghar ku rarangkén.

Basa Sunda beunghar kecap pancén anu has saperti *kecap anteuran* jeung *kecap panganteb*. Éta dua warna kecap téh hésé dierjemahkeun kana basa séjén, kaasup kana basa Indonésia.

Kecap panganteb nyaéta kecap anu gunana pikeun ngantebkeun kalimah atawa babagian kalimah anu dipentingkeun, saperti *mah*, *téh*, *téa*, *ogé*, *atuh*, *waé*, *wé*, *wéh*, dsb. Pertimbangkeun pemakaiannya dalam kalimat berikut.

- (1) Abdi *téh* ti Tasik.
- (2) Abdi *mah* ti Tasik.
- (3) Abdi *téa* ti Tasik.
- (4) Abdi *ogé* ti Tasik [teu sombong].

Kecap Panganteur atawa **kecap anteuran**, nyaéta kecap pancén anu gunana nganteurkeun paripolah kecap pagawéan atawa kaayaan kecap sipat kalwan ngandung harti aspék inkoatif, nyaéta pagawéan mimiti pisan dipilampah. Ieu kekecapan téh hésé ditarjamahkeun kana basa Indonésia jeung basa séjénna.

Kecap panganteur dina basa Sunda aya 418 kecap (Djajasudarman, 1986). Tina jumlah sakitu téh aya nu saengan, dua engang, jeung tilu engang. Contona waé:

jung dina frasa *jung nangtung*, *léos* dina frasa *léos indit*, jeung *téréké* dina frasa *terekel naek*.

Cicingna kecap panganteur téh bisa saméméh jejer, di antara jejer jeung caritaan, sarta bisa madeg mandiri jadi kalimah. Contoh:

- a. *Jung* manehna (S) nangtung (P).
- b. Manehna (S) *jung* nangtung (P).
- c. *Jung* atuh (P), bisi kaburu hujan (K)!

Tengetan kecap panganteur *gék*, *jung*, dan *keteyep*, dina ieu kalimah.

Gék kuring diuk. *Jung* nangtung. *Keteyep* leumpang.

Kecap panganteur aya anu cicingna saméméh jejer jeung aya nu cicingna di antara jejer jeung caritaan saperti ébréh ieu di handap.

Kalacat Kang Dadang hanjat kana tangkal nangka.

Kang Dadang *kalacat* hanjat kana tangkal nangka.

Cicingna kecap panganteur salaku caritaan kalawan mandiri ébréh dina kalimah ieu di handap.

A : Mah, badé mios.

B1 : *Jung*!

B2 : Geura *jung* atuh!

Kecap panganteur téh bisa dikantétkeun jeung kecap panganteur séjénna saperti ieu di handap.

Clom giriwil kenyenyed.

Manéh mah ari boga kahayang téh, kudu *pok torolong*.

c. Kahasan dina Tataran Kalimat

Kaunikan basa Sunda dina tataran kalimah ébréh ku ayana kalimah kahanan (éksistif), nyaéta kalimah anu caritaanana kecap aya tur mibanda susunan tibalik (invérsi). Runtuyan kalimahna salawasna kecap pagawéan aya dituturkeun ku jejer jeung katerangan, boh dimimitian jeung dituturkeun ku unsur panggentra (vokatif) boh henteu. Unsur panggentrana ilaharna dicirian ku ayana koma. Contona waé:

- (1) Ma, **aya** sémah di payun.
- (2) **Aya** sémah di payun, Ma.
- (3) **Aya** sémah, Ma, di payun.

d. Kahasan Tataran Kandaga Kecap

Dina tataran pakecapan, basa Sunda téh beunghar ku ayana pakeman basa (idiom). Idiom téh nyaéta ungkara kecap atawa bisa disebutkeun ogé basa pakem, nyaéta ungkara kecap anu miboga harti husus sarta mandiri sarta henteu sarua jeung harti unsur-unsur nu ngawangunna. Contona *gédé hulu*, mangrupa idiom anu nuduhkeun harti *sombong*, *takabur*.

Idiom téh nyaéta ungkara kecap atawa bisa disebutkeun ogé basa pakem, nyaéta ungkara kecap anu miboga harti husus sarta mandiri sarta henteu sarua jeung harti unsur-unsur nu ngawangunna. Conto *gédé hulu*, mangrupa idiom anu nuduhkeun harti *sombong*, *takabur*, *gédé hulu* unsur-unsurna téh kecap *gédé* jeung kecap *hulu*, masing-masing boga harti: *gédé* = badag; *hulu* = sirah, *gédé hulu* = *gédé sirah*.

Prawirasumantri & Suriamiharja dina Sudaryat (2014, kaca 186) nétélakeun yén hal-hal anu kaasup pakéman basa atawa idiom, nya éta:

1. Pakeman basa mangrupa kecap-kecap anu miboga ciri has anu digunakeun ku masarakat di wewengkona séwang-séwangan pikeun ngabédakeun dirina jeung masarakat lain, lumrahna disebut basa wewengkon. Contona: **teoh** (basa wewengkon Kuningan) hartina: lebak atawa landeuh; **ompod** (dialék Bogor) hartina: sieunan, borangan; **amrin** (dialék Ciamis) hartina béak, seep.
2. Pakeman basa mangrupa kecap anu miboga harti kiasan. Pakéman anu kieu disebut kecap kiasan. Contona:
 - a. Si Éta mah *ngéupeul* atuh!
 - b. Pangmeulikeun *Jarum*, Jang sabatang!
 - c. I. Madé Wirawan mah, kiper *cepel* atuh, hésé kaasupan bal!
3. Pakeman nu mangrupa konstruksi basa anu merlukeun panafsiran nurutkeun kontéksna. Pakéman modél kieu disebutna rakitan lantip. Contona

- a. Cing Jang, *pangmiceunkeun* tampolong! (eusi tampolong nu dipiceun téh atawa tampolongna?)
 - b. Nyai, *gédéan* kompor téh! (nu digédéan téh seuneuna atawa komporna?)
 - c. Duh, *seungit nu ngagoréng jengkol*, euy! (nu seungit téh goring jengkol atawa nu ngagoréngna?)
4. Pakeman anu mangrupa kontéks basa (kecap atawa kalimah) nu hartina téh teu bisa ditafsirkeun nurutkeun unsur-unsur nu ngawangunna. Pakéman basa modél kieu disebutna babasan atawa paribasa. Contona:
- a. *Dug hulu pet nyawa*, mélaan manéh téh!
 - b. *Agul ku payung butut*, nu nyata wé kahirupan manéh ayeuna.
 - c. *Ngajul bulan ku asiwung, piit ngéundeuk-ngéundeuk pasir*.
5. Pakeman nu jadi ciri has pangarang (tukang nulis). Upamana waé, gaya tulisan Moh. Ambri, gaya tulisan Ahmad Bakri, gaya tulisan Tatang Sumarsono, gaya tulisan Yus Rusyana, gaya tulisan Ahmad Hadi, gaya tulisan Usep Romli, jrrd.
6. Pakeman basa mangrupa runtuyan kecap nu disusun sangkan bisa mangaruhan ka nu ngaregépkeunana atawa anu macana ku cara nyieun babandingan. Pakéman basa modél kieu disebut gaya basa murwakanti. Contona:
- a. Si Éta mah éstuning hirupna téh *tunggul diparud catang dirumpak*, taya nu dilarung.
 - b. Naha ari sia, *kawas ucing jeung anjing*, gawé téh ngan paséa baé!

Ari watekna urang Sunda, tara nyarita saceplakna, tapi sok dibalibirkeun (diplomatis), maksudna supaya anu diajak nyarita téh henteu kasinggung rasana. Ku ayana ékspresi basa sarupa kitu nya timbul ayana ungkara babasan jeung paribasa. Dina basa Sunda aya sababara pakéman basa (idiom) kayaning: (1) kekecapan; (2) babasan; (3) paribasa; (4) rakitan lantip; (5) cacandran; (6) uga; (7) candra sangkala; (8) catur ranga; (9) repok; jeung (10) panyaraman (Sudaryat, dina Yayat Sudaryat, 2014).

1. Kekecapan

Ari kekecapan téh mangrupa kecap rajékan dwipurwa, nu dirajékna ukur engan anu mimiti. Kekecapan jeung babasan méh sarua wanguna, papada

wangun rajékan. Bédana ari kekecapan mah nuduhkeun hartina langsung lantaran geus mangrupa kabiasaan di masarakat, ari babasan mah miboga harti kiasan najan sarua papada geus jadi kabiasaan di masarakat.

Conto kekecapan:

- a. Kapanan éta gedang sasat *dinangna-néngné* pisan, hayoh dituar!
 - b. *Teu éléh géléng*, manéhna ngéprét, képrét deui wé!
 - c. Dasar jalma geus *paéh pikir*, dibawa usaha naon waé ogé tetep wé kitu.
- Ari kekecap miboga harti séjén – harti asosiatif, tegesna ngahartikeun kecap téh teu bisa langsung kitu waé kudu ngagunakeun kecap séjén. Kecap kiasan mangrupa wangun kecap anu hartina kudu ngabandingkeun jeung kecap séjéna atawa disebutkeun miboga harti konotatif.

Dina kecap kiasan katémbong ayana harti nu teu langsung nyindekel kana kecapna, tapi ngandung ajén-inajén rasa, panineungan, asosiasi, atawa mangrupa tafsiran kana hal anu lain. Contona: kecap *maju* jeung kecap *nincak* dina ungkara kalimah di handap.

- a. Ari geus *maju* mah, wani *nincak* ka déwék téh.

Kecap *maju* dina conto ungkara kalimah di luhur, hartina lain *maju* ngagéser cara kendaraan, tapi hartina jadi hasil, suksés. Kitu deui kecap *nincak*, harti leksikalna mah kapanan ngajejek, ieu mah harti kiasan anu nuduhkeun ngahina, ngénye.

- a. Mun seug *teu dikojoyan* ku kuring mah, bisa cilaka si Éta téh.
- b. Tong *ngahuap* teuing, euy, na dikira aing teu wani?
- c. Béda ari geus *buluan* mah, euy, udud gé roko bodas waé!
- d. Neng, tos aya *nu nyangcang* teu acan?
- e. *Bau cikur* kénéh manéh mah, tong reureujeung jeung aing!

2. Babasan

Babasan mangrupa wangun kecap rajékan dwipurwa. Babasan mangrupa sawatara kecap anu disusun nu hartina teu sarua jeung harti sawajarna, tapi

hartina mah geus kamaphum ku sarérea (sajadibrata dina Sudaryat, 2014). Ari ceuk Wirakusumah & Djajawiguna dina Sudaryat (2014) nétélakeun yén babasan téh nyaéta ucapan ku basa anu ringkes, saeutik patri, anu ngan sakadar ucapan, ulah dihartikeun sacerewélena.

Béda deui jeung Salmun (1986), dina Sudaryat (2014) nétélakeun yén nu disebut babasan nyaéta sarua hartina jeung wiwilangan atawa bibilangan, nyaéta ucapan-ucapan tapi lain dina hartina nu sajalantrahna.

Dumasar kana katerangan bieu, bisa disebutkeun yén babasan téh mangrupa kecap anu kompléks anu winangun frasa anu runtuyana geus maneuh tur ngandung harti kiasan. Contona: ngaburuy, siduru isuk, hampang birit, hampang leungéun, beurat birit, héjo cokor, jrrd.

3. Paribasa

Nurutkeun katerangan Kamus Basa Sunda karya Satjadibrata (1946 : 274) nu dimaksud paribasa téh nyaéta kecap-kecap anu disusun jadi omongan nu hartina piluangéun, jadi pituah. Yayat Sudaryat (2014) nyebutkeun yén paribasa téh nuduhkeun harti ibarat, upamana, biasa. Ngarah leuwih teleb nyoka kana katerangan di luhur, géura lenyepan ieu conto ungkara kalimah di handap!

- a. Ceuk paribasa, najan dahar karo uyah gé, ari ngariung jeung anak rabi mah, génah we.
- b. Paribasa menta duit keur sakola!
- c. Paribasa nganyam samak, neukteukan bari motongan. Paribasa neang anak, ngadeukeutan popotongan
- d. Paribasa rék usaha ka kota, padahal mah rék nengan randa.

4. Rakitan Lantip

Kecap lantip nurutkeun Kamus Basa Sunda Satjadibrata (1946 kaca 197) nyaéta panjang pikiran, tara gancang ambek, tara gancang ngahukum. Ari ceuk Sudaryat (2014 kaca 193) mah nyaéta susunan kecap dina wangun kalimah anu kudu ditapsirkeun dumasar kan konteks kabiasaan, lantaran pamaksudanana henteu diuacapkeun langsung. Rakitan lantip teu bisa dihartikeun sacerewelena dumasar kana kecap-kecap nu digunakeunana, lantaran maksudna bisa jadi salah.

Géura ieu titénan conto-conto kalimah nu ngagunakeun rakitan lantip.

- a. Asa geus heubeul teu dahar **jeung hayam**.
- b. Cing pangmegatkeun **mobil kosong**!
- c. Seungit **nu meuleum sate**, euy!

5. Cacandran

Kecap cacandran nurutkeun Kamus Umum Basa Sunda LBSS (1975 kaca 80) nyaéta omongan karuhun nu aya patalina jeung kaayaan tempat (nagara). Conto:

Bandung heurin ku tangtung. Maksudna Bandung téh ibu kota Jawa Barat, kota pangjugjugan balaréa, boh nu ngadon sakola bon nu ngadon usaha; ku lantaran beuki nambahan nu daratangna, nya dina hiji mangsa mah Bandung téh jadi heurin, jadi gégék ku nu nyaricingan nu dating ti suklakna ti siklukna. Kapanan ayeun pisan kajadian, Bandung téh heurin. Kolot baheula nyieun cacandan Bandung heurin ku tangtung.

Sukapura ngadaun ngora; Sukapura téh ngaran ayeuna mah Tasikmalaya. Sukapura kungsi diereh ku Mataram heubeul pisan. Sanggeus runtag kakuasaan Mataram, nya Sukapura minangka sirungna tumuwuh jadi wewengkon anu mardika.

Garut pangirutan, wewengkon Garut téh matak pikabétaheun, pikatajieun, loba pisan kaéndahan alam di wewengkon Garut nu wuwuh pikabétaheun, komo mun ditingali ti luhur mah (pesawaat), Garut téh kawas inten nu diawurkeun. Loba kenah cacandaran-candran séjénna tangtuna ogé patali jeung tempat atawa wewengkona sewing-sewangan.

6. Candrasangkala

Candra sangkala mangrupa kecap kantétan. Candra (Sansekerta) hartina bulan, atawa nyebutan, nyebutan dedeg pangadeg satria tumali jeung kasaktianana, jst (LBSS, 1975:80); ari sangkala, hartina: bolong; sangkala bolong; élmu gaib pikeun nganyahokeun di mana ayana barang nu leungit.

Dina candra sangkala biasana ngagunakeun Taun Saka, 78 taun ganjorna jeung Taun Masehi; sawatara éta nurutkeun kapercayaan masarakat Saka téh nyaéta nu nyiptakeun aksara Cacarakan dumasar kana kajadian tarungna dua utusan ponggawa nu ngaran Dora jeung Ki Sembada. Duanana ogé palastra, dina kajadian hartita, Aji Saka nulis kalimah “*Hana caraka data sawala pada jayanya maga batanga*” hartina aya dua utusan anu béda paham, sarua papada kuat, nu ahirna palastra duanana.

Aji Saka téh sandiasma ti putra Raja Salihwarna ti India anu ngagém agama Syeik. Lahir ka alam dunya bédana 78 taun saréng Kangjeng Nabi Isa, ku lantaran kitu, mun urang rék ngitung taun maseha kudu ditambah 78 taun.

Conto: Panca Pandawa Ngémбан Bumi

5 5 2 1

Éta conto candasangka téh nuduhkeun waktu ngadegna Karajaan Pajajaran nyaéta unina Panca Pandawa Ngémбан Bumi, hartina Panca = 5, Pandawa = 5, Ngémбан = 2, jeung Bumi = 1. Urutanana dibalikeun jadi 1255 Saka, lamun disaluyukeun kana taun Masehi jadi $1255 + 78 = 1333$ Masehi. Jadi ngadegna Karajaan Pajajaran téh taun 1333 Masehi. Kecap-kecap modél nu ditulis dilihur téh dipaké patokan pikeun nangtukeun waktu, ari nyusun angka dina taun Saka tibalik cara nu ditulis di luhur 5521 mun disalin kana cara ayeuna jadi 1255.

7. Caturangga

Caturangga mangrupa kecap kantétan nyaéta asal tina kecap catur jeung turangga; catur hartina omongan, ari turangga hartina kuda; ku lantaran engang ditungtung jeung engang nu mitina sarua, ngucapkeunana disinggét tina catur turangga jadi caturangga. Hartina catur turangga saca harpiah nyaéta omongan ngeunaan kuda.

Di lingkungan masarakat tradisional caturangga téh mangrupa élmu pangawéruh anu patali jeung tanda-tanda atawa watekna kuda naha alus atawa goréng pikeun dipiara, bakal nguntungkeun atawa ngarugikeun, bakal mawa kabagjaan atawa nyilakakeun, jst. Malah caturangga téh henteu ngan ukur

keur kana kuda wugkul, bisa kana keur kana hayam adu, puyuh atawa manuk titiran sagala (Satjadibrata, 1946: 409). Dina itung-itungan caturangga maké cara kieu: sri = 1, lungguh = 2, dunya = 3, lara = 4, jeung pati = 5 (*Kamus Umum Basa Sunda*, LBSS, 1975:84).

3. Ciri-Ciri Basa Budak

Dumasar kana pamarekan aspék psikologilinguistik, yén basa téh bisa: (a) mangrupa hiji sistem; (2) minangka paripolah personal (nyorangan/individual), jeung (3) mangrupa paripolah antarpersonal (hirup kumbuh antara urang jeung nu séjén).

Basa téh mangrupa hiji sistem lantaran ku ayana kaedah anu ngatur kana éta basa. Kaidah basa téh teu bisa ngadeg sorangan tapi silihparanguhan nepi ka ngawujud hiji sistem. Ari basa téh kapanan hirup nuturkeun ka anu makéna/panyaturna. Ku lantaran kitu, basa téh raket pisan patalina jeung paripolah personal (individu, nyorangan).

Unggal jalma bisa ditingali tangtunganana (kapribadianana), salah sahijina tina kumaha cara ngagunakeun basana. Nalika basa digunakeun dina hirup kumbuh di lingkungan nu leuwih lega, boh di lingkungan kulawarga, boh di lingkungan masarakat, éta téh nuduhkeun kana sistem interaksi antarpersonal. Ku lantaran kitu, dina kahanan kasebut basa ngébréhkeun paripolah antarpersonal.

Pikeun nganyahokeun paripolah antarpersonal, urang bisa nengetan dina situasi komunikasi di hiji lingkungan, upamana waé di lingkungan pasantren, basana bakal béda jeung di lingkungan sakola, jeung di lingkungan terminal, jst. Pikeun nganyahokeun alus henteuna komunikasi antarpersonal, bisa ditingali ti dua pihak nyaéta nu nyarita jeung nu diajak nyarita, mun dua pihak panyatur ngarasa sugéma sarta *énjoy*, hartina éta komunikasi téh alus.

Tapi sabalikna, lamun dua pihak panyatur dina komunikasi antarpersonal henteu jalan, éta nuduhkeun komunikasi antarpersonalna goréng. Hal nu ngalantarankeun komunikasi antarpersonal henteu jalan bisa jadi (1) ku lantaran nu ngajak nyaritana goréng; (2) bisa jadi ku lantaran nu diajak nyarita goréng; atawa (3) bisa jadi ku lantaran situasina anu henteu ngarojong.

Mun hiji jalma cara nyaritana ngagunakeun basa songong bari dibarengan ku pasemon anu teu pikaresepeun, bisa kanyahoan yén éta anu nyarita téh teu sopan atawa bisa disebutkeun teu nyakola. Kitu deui sabalikna, mun anu nyarita téh ngagunakeun basa hormat dibarung ku budi anu someah, bisa dipastikeun éta nu nyarita téh sopan, nyakola. Tegesna, basa téh ngagambarkeun kajiwaan nu nyaritana, alus basana – ngagambarkeun alus jiwana; goreng basana – ngagambarkeun goréng jiwana.

Alus jeung goréngna nyarita gumantung kana atikan basa di lingkungan kulawargana. Nu pangheulana ngajarkeun basa téh nyaéta indung. Mun nu jadi indung nyangkem kana ajén-inajén ngagunakeun basa, tangtu nu jadi budak gé bakal nurutan – mun indung ngagunakeun basa hormat – budak gé bakal nurutan maké basa hormat. Sabalikna deuih, mun basa indung, basa cohag, anakna ogé moal jauh ti indungna, bakal basa cohag atawa kasar.

Aya sababaraha tahapan prosés diajar basa katut performasi linguistik téh, (Sudaryat & Soléhudin, 2009 kaca 21) saperti nu kapidangkeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1 Tahapan Diajar Basa

No	Umur (taun)	Performasi Linguistik
1	0,3	Diajar kunyam-kunyem
2	0,9	Pola intonasi geus mimiti kanengé
3	1,0 1,3	Kalimah nu sakecap (<i>holofrasis</i>) Ngucapkeun kecap (<i>lexical overgeneralization</i>)
4	1,8 2,0	Omongan jeung kecap Kalimah nu tilu kecap, infleksi (<i>telegrafis</i>)
5	2,3	Mimiti ngagunakeun kecap gaganti
6	2,6	Kalimah panalék, kalimah negatif, kalimah opat kecap, ngucapkeunana geus meh sampurna
7	3,6	Ngucapkeun konsonan geus sampurna
8	4,0	Ngagunakeun kalimah basajan geus merenah, tapi masih kawatesanan
9	5,0	Konstruksi morfologis jeung sintaksis geus Sampurna
10	10	Ngomongna geus alus, lancer

Tahap diajar basa atawa kamekaran basa budak ceuk Sudaryat & Soléhudin (2009, kaca 21) ditingali tina kaédah basa ngawéngku komponén fonologi, semantik, jeung sintaksis. Kamekaran fonologi budak ngawéngku fonetik, fonémik, jeung fonotaktik. Dina tahapan keur mangsa kunyam-kunyem (meraban) upamana éta téh mangrupa kagiatan (a) keur ngakurkeun sora anu kadéngé tina sora anu datang, (b) ngucapkeun sora vocal minangka ngébréhkeun resep, (c) bisa jadi néangan sora anu kontrasif.

Nurutkeun pamanggih Lenneberg dina Sudaryat jeung Soléhudin (2009 kaca 24) nyebutkeun yén kamekaran semantik téh nuduhkeun basa budak geus aya fungsina, nyaéta budak geus mimiti wawuh tina harti denotatif kana harti konotatif; nya dina kamekaran semantik ieu pisan kapanggih nambahna kabeungharan kecap luyu jeung robahna umur budak. Géura ieu titénan tabél ngeunaan nambahna kabeungharan kecap budak luyu jeung kahanan umurna.

Tabél 3.2 Kamekaran Kabeungharan Kecap pikeun Budak

No	Umur (taun)	Kabeungharan Kecap nu Dipibanda
1	1	Ukur sababaraha kecap
2	2	200 tepi ka 270 kecap
3	3	Kurang leuwih 900 kecap
4	4	Kurang leuwih 1520 kecap
5	5	Kurang leuwih 2060 kecap
6	6	Kurang leuwih 2550 kecap

Nu dimaksud kabeungharan kecap nu dipibanda ku budak sakumaha disebutkeun dina tabél di luhur téh nyaéta budak bisa nyebutkeun ngaran barang anu nyata nu karandapan atawa katingali ku dirina, unggal wangun basa nu katarima ku dirina ngébréhkeun yén tiap kecap téh sarua jeung mibanda hiji konsép.

Ceuk Sudaryat & Soléhudin (2009:22) ari kamekaran sintaksis budak anu aya patalina jeung kamekaran morfologis téh diebrhkeun ku ayana budak geus mibanda kecap asal jeung kecap jembar (konpleks) dianggap sawangun baé.

Ngajembarkeun sintaksis téh ngawéngku tahapan kayaning:

1. Ngajembarkeun sacabang (10 – 12 bulan)
2. Ngajembarkeun dua cabang (18 – 24 bulan)
3. Ngajembarkeun opat cabang (3 – 6 taun)
4. Ngajembarkeun génep tepi ka dalapan caban (7 -9 taun)

Aya sababaraha ahli anu nembrakkeun pahamna ngeunaan babanda basa budak, di antarana nya éta:

1. Nurutkeun Téori Nativistik

Paham nativistik (mentalistik) anu dikokojoan ku Noam Chomsky nganggap yén pangaruhan lingkungan lain faktor penting dina mibanda basa, lantaran manusa diajar basana téh saéstuna geus boga kamampuh anu geus diprogram sacara jénétik. Paham ieu boga anggapan yén basa téh mangrupa kudrat biologis nu sok disebut ogé “hipotesis nurani” (*innateness hypothesis*).

Nurutkeun paham nativistik nyebutkeun yén basa téh dipimlikna ngan ku manusa wungkul. Hal ieu alesanana dumasar kana (1) paripolah nu ngagunakeun mangrupa turunan (génétik), pola kamekaran basa katut budaya sarua jeung basa-basa lianna (universal), lingkungan sabudeureun teu pati géde pangaruhna kana tumuwuhna kadewasaan basa; (2) basa bisa kacangkem dina waktu anu ngan sakeudeung (umur 4 taun téh geus bisa nyarita cara kolotna); jeung (3) lingkungan basa budak henteu bisa dipaksakeun pikeun ngawasa kamampuh tatabasa cara anu geus sawawa.

Ceuk Chomsky dina Sudaryat jeung Soléhudin (2009:23-24) nyebutkeun yén budak téh geus dibekelan ti dituna sacara alamiah kamampuh pikeun ngawasa basa (*language acquisition devide/LAD*). *LAD* téh mangrupa alat biologis anu diteundeun dina otak anu fungsi husus pikeun kapentingan basa.

Ceuk Lenneberg dina Sudaryat jeung Soléhudin (2009:24), nétélakeun yén basa téh mangrupa paripolah anu secara husus bisa ngébréhkeun kaparigelan panyaturna. Minangka kamampuh sampakan, *LAD* téh ngawéngku hal-hal:

- a. Pikeun ngabédakeun sora basa kana sajumlah sora-sora nu laina;
- b. Kaparigelan ngaorganisasikeun babagian basa kana tahapan anu éngkéna bakal ngarékahan;
- c. Kaweruh basa anu mungkin jeung teu mungkin; jeung
- d. Kaparigelan makihikeun sistem basa anu dumasar kana sistem ajén-inajén kamekaran linguistik nepi ka bisa kajadian kaparigelanana bakal ngaleuwihan tina kamampuh nu geus tangtukeun.

Ku éta katerangan nuduhkeun yén *LAD* téh bisa narawangan kamampuhna dina mibanda basa, upamana waé anu patali jeung ma'na, abstaksi, jeung kréativitas.

2. Nurutkeun Téori Béhavioristik

Paham béhavioristik (empirik atawa mekanik) anu dikokojoan ku B.F. Skinner, nétélakeun yén ngawasa basa anu mimiti dipangaruhan ti luar nyaéta mangrupa stimulus nu asalna ti lingkungan sabudeureun.

Basa téh leuwih kompléks batan paripolah séjéna. Ku kitu, pikeun aliran béhavioris, sebutan basa téh cenah kurang merenah lantaran ngonotasikeun

hiji wujud (*entity*), hiji hal nu dipimilik jeung digunakeun, jeung lain mangrupa hiji hal anu dilakukeun. Pikeun sebutan basa, aliran béhavioris leuwih resep ngagunakeun sebutan *paripolah verbal*, maksudna sangkan leuwih katémbong paripolahna saperti paripolah nu liana bisa dititénan (dipelajari).

Kamampuh nyarita jeung nyangkem basa téh ku ayana stimulus ti lingkunganana. Ari budak téh dianggap anu narima sacara pasif tina pangaruh lingkungan hirupna, lir ibarat taneuh angir anu diwangun dina wujud anyar, bisa rupa-rupa wangun jeung wujudna téh. Budak téh henteu migabo peranan aktif dina lumangsungna prosés kamekaran paripolah, malah kamekaran budak ogé lain hal anu nangtukeun dina kamekaran basa. Prosés kamekaran basa budak ditangtukeun ku sakeudeung jeung lilana diajar ti lingkungan kahirupan sabudeureunana.

Keur Skinner mah kaédah gramatikal téh mangrupa paripolah verbal anu kemungkinana bisa ngayonan pameredih ti luar. Ku cara nurutan, budak bisa ngawasa basa, upamana waé pola konstruksi nu ahirna bisa mekar jadi rangka gramatikal malah bisa ngalegaan ku ayana kanyaho kekecapan anyar.

Ngawasa basa lain ku lantaran ngawasa kaédah basa (*rule-governed*) tapi ku lantaran diwangun langsung ku faktor di luar dirina. Rangsangan ti lingkungan téh nguatkeun kana kaparigelan nyaritana (budak). Kamekaran basa mangrupa kamekaran éksprési verbal nu saayana nepika hiji mangsa boga kamampuh pikeun ngalakukeun komunikasi ngaliwatan prinsip *stimulus-résponse* sarta nurutan anu séjén.

Ceuk Skenner lamun éta paripolah (nurutan) dilampahkeun tuluy-tumuluy, bakal nguatkeun kana paripolah positif atawa negatif. Nu dimaksud nguatkeun paripolah positif lamun éta lampah téh mindeng dibalikan deui, tapi lamun arang langka – komo api lain, éta lampah téh bakal negatif. Lingkungan bakal ngarojong ka budak dina omongan anu merenah (gramatikal) jeung moal ngantep kana omongan anu henteu merenah (nongramatikal).

3. Nurutkeun Téori Kognitif

Paham kognitif anu dikokojoan ku Jean Piagét dina Sudaryat & Soléhudin (2009 kaca 25) nétélakeun yén saetuna basa téh lain sakadar ciri alamiah anu misah, tapi mangrupa salah sahiji kasawawan kognitif. Basa téh diatur ku ayana nalar, kaparigelan basa kudu nyoko kana parubahan kognisi; ku lantaran kitu, urutan robahna kamekaran kognitif nangtukeun kana kamekaran basa.

Ceuk Piagét, struktur kompléks basa téh lain ku lantaran alam jeung lain ku lantaran lingkungan, ieu struktur kompleks téh saéstuna ku lantaran ayana interaksi anu tuluy-tumuluy anara fungsi konnisi budak jeung lingkungan kahirupanana.

Ceuk paham kognitif, lingkungan mah teu nangtukeun, da anu nangtukeun mah kamampuh kognitif budak, rék lingkunganana alus ogé ari kamampuh kognisina lemah mah kapanan henteu matak jadi hadé kana kamampuh basana. Sabalikna, sanajan kaayaan lingkunganana henteu pati hadé, ari kamampuh kognitifna alus mah tetep baé dina kamampuh basana gé bakal alus. Anu penting cenah, kumaha intensitas budak dina ngayakeun komunikasi jeung lingkunganana.

Pikeun nganyahokeun kumaha patalina antara kamekaran kognitif jeung kamekaran basa, bisa dititénan tina kamekaran intelektual budak. Tahap kamekaran budak ti mimiti medal ka alam dunya nepi ka umur 18 bulan atawa 2 taun leuwih disebut *sensorimotor*. Dina tahap ieu dianggap can aya basa, lantaran budak can bisa ngagunakeun lambang-lambang pikeun nuduhkeun barang-barang nu aya di sabudeureunana. Dina tahap ieu budak ukur bisa nyangkem ku indera sensory jeung gerakmotorik. Dina umur sakitu, budak bisa paham kana “barang” lamun karasa jeung kaalaman langsung. Jadi lamun éta “barang” teu katénjo jeung karasa, dianggap éta “barang” téh euweuh baé. Kakara dina mangsa umurna rék sataun, budak bisa ningali obyék barang téh sacara permanén. Dimana budak geus bisa nganggap yén éta barang téh permanén, ti dinya budak mimiti ngagunakeun simbul-simbul pikeun mempréséntasikeun barang-barang/obyék anu geus euweuh ti lingkungan dirina. Simbul-simbul anu digunakeun ku budak téh jadi mangrupa kecap-kecap dina ngagunakeun basa awal. Ku ayana permanéna obyék téh mangrupa pamuka lawang pikeun budak engoning ngawasa basa. Cindekna, yén

kamekaran kognitif téh kudu leuwih ti heula dikondisikeun, ti dinya kakara kanyaho luar dina wujud kaparigelan basa.

Piagét ngagambarkeun tahap kamekaran basa budak sakumaha anu diébréhkeun dina tabél di handap.

Tabél 3.3 Kamekaran Basa Budak

No	Umur	Kamekaran basa
1	0,5 – 1,0	Tahap meraban (pralingustik) kedua, can bisa ngucap
2	1,0 – 2,0	Tahap linguistic I, holofrastik: kalimah sakecap
3	2,0 – 3,0	Tahap linguistic II, kalimah dua kecap
4	3,0 – 4,0	Tahap linguistic III, mekarkeun tatabasa
5	4,0 – 5,0	Tahap linguistic IV, tatabasa ngagayuh ka sawawa
6	5,0 >	Tahap linguistic V, kompeténsi basa cumpon

Ditingali tina kaédah basa, bogana pangabisa basa téh nyaéta anu mangrupa komponén tatabasa kayaning komponén fonologi, komponén sintaksis, jeung komponén semantik. Aya sababaraha téori ngeunaan fonologi sakumaha pedaran ieu di handap.

a. Téori Struktur Universal (Jakobson).

Roman Jakobson dina Sudaryat jeung Soléhudin (2009:27) nétélakeun yén bogana pangabisa ngeunaan fonologi téh kudu nyoko kana linguistik universal, nyaéta ngeunaan kaédah struktural anu jadi panyindekelan robahan basa. Téori ieu ogé dumasar kana sistem analisis fitur distingtif kalawan asumsi yén budak bogana pangabisa ngeunaan fonologi téh mangrupa prosés kreatif. Téori Struktural Universal téh bisa dicindekeun kieu:

- 1) Budak ngucapkeun jeung ngaregépkeun sora basa téh dumasar kana fitur distingtif anu dipimilik sacara hirarki nu sisematis jeung universal;
- 2) Anu kapibanda ku budak téh fitur anu kontras (oposisi fonémis) nyaéta oral-nasal (/b/;/m/), labio-déntal (/p/;/t/), stop-frikatif (/p/;/f/)
- 3) Kamekaran kontras satuluyna dipedar jeung kaédah “irreversible solidarity” katut kaédah implikasi;

- 4) Mindengna sora basa nu katarima ku budak gumantung konvénsi lingkungan panyaturna;
- 5) Salila dina jero prosés mibanda basa, omongan budak téh miboga struktur sorangan. Sok sanajan kitu, tetep bakal nyaruaan sistematis kolotna;
- 6) Mibanda basa téh ngaragum dua periode/entrangan, nya éta (1) mangsana tuturut dina diajar prabasa, jeung (2) mangsana mibanda basa anu murni.

b. Téori Semantik Universal (Shvachkin)

Shvachkin dina Sudaryat jeung Soléhudin (2009:28) nétélakeun yén ulikan pikeun mibanda fonologi tina généralisasi bisa digunakeun kaasup basa séjén. Artikulasi (produksi) jeung ngaregépkeun (persépsi) éta téh waktu anu kacida pentingna pikeun mibanda katut kamekaran fonogi budak. Aya dua fase kamekaran basa budak téh, nyaéta (a) masa pra fonémik jeung ucapan prosodik, jeung (b) masa ucapan fonémik.

Satuluyna dijéntrékeun, aya opat dasar fitur fonémis dina mibanda basa, nya éta: (a) nurutkeun lumbrahna (*génerality*) foném, (b) fungsi foném pikeun ngabédakeun (*distinctive*), (c) foném nu sacerewelena (*constancy*), jeung (d) foném nu sahayuna (*voluntariness*) jeung foném nu dihaja diayakeun (*intentionality*).

Kacindekan téori semantic universal nya éta:

1. Kamampuh budak dina ngabédakeun sacara implisit sora basa (persépsi foném) indung dina mangsa nincak umur kaduatauna;
2. Kamampuh budak dina ngabédakeun sora-sora basa anu aya patalina jeung kamekaran mibanda harti omongan (semantik);
3. Persépsi foném nuduhkeun kaparigelan budak pikeun matalikeun sora basa (omongan) jeung kecap-kecap anu akur sorana sacara konsisten jeung kecap-kecap nu anyar;
4. Sakabéh budak bakal ngalaman tahapan-tahapan éta dina raraga mibanda basa sacerewelena dumasar kana sora basa nu katarima.

c. Téori Béhavioris-Psikolanalitis (Mowrer)

Mowrer dina Sudaryat jeung Soléhudin (2009:29) nétélakeun yén budak téh mitiina nurutan kabiasaan nu jadi indung, ti dinya kakara vokalisasi indung téh dipatalikeun jeung pangdeudeul utamana, pikeun ngaenyakeun (*primary reinforcement*). Lamun budak ngomong, heg vokalisasina meh sarua jeung nu jadi indung, tah éta téh meunang pangdeudeul. Jaba ti pangdeudeul ti luar dirina, budak ogé meunang pangdeudeul ti dirina sorangan (*intrinsic reinforcement*). Prosés mibanda fonologi anu satuluyna mah dumasar kana pangdeudeul pilihanana (*selective reinforcement*).

Dina téori béhavioris aya dua hal penting nyaéta (a) aya bédana lebah mékanisme psikologi anu dipaké dina persépsi jeung produksi fonologi, jeung (b) aya prinsip ékonomis anu dipaké pangjajap lampah simbolik.

Basa téh nyaéta kabiasaan paripolah (*habit béhaveor*). Budak mibanda basa nu jadi indungna ku cara “*resonance*” jeung ngan ukur bisa diterangkeun ku cara “*imitation of what is heard*”. Tapi pangdengé jeung paningali budak dina mangsana nengetan untap biwir nu jadi indungna atawa jalma séjéna, digunakeun kalawan maksimal. Nya ku cara sarupa kitu, budak mimiti ngayakeun tarékah pikeun ngucapkeun kekecapan anu merenah.

d. Patalina Basa jeung Pikiran

Ceuk Steinberg dina Sudaryat jeung Soléhudin (2009:55) nyebutkeun yén patalina basa jeung pikiran téh bisa ditingali tina jihat (a) produksi omongan nu jadi dasar pikiran (b) basa minangka basis dasar pikiran, (c) sistem basa minangka tuduh jalan spesifikasi paham/gagasan, jeung (d) sistem basa minangka tuduh jalan spesifikasi budaya.

Ditingali tina jihat produksina, yén omongan téh mangrupa dasar pikiran. Éta nuduhkeun yén pikiran saéstuna sarimbang jeung paripolah. Hiji omongan atawa ungkara kalimah téh saenyana mangrupa ébréhan tina pikiran. Pikiran anu aya dina jero ungkara kalimah mangrupa paripolah. Kahayang nu diébréhkeun dina ungkara kalimah éta téh ladang mikir.

Dina kahirupan sapopoé moal bisa lesot tina pikiran, éta pikiran téh sakabéhna ngagunakeun basa, rék basa lisan rék basa tulisan. Malahan basana ogé mangrupa hasil pamikiran, ku lantaran kitu, basa téh mangrupa fundamental pikiran.

Basa bisa ngalegaan pikiran. Ku ayana kagiatan basa (maca jeung ngaregépkeun), kabeungharan kecap urang jadi nambahan sakaligus ogé ngalegaan wawasan pikiran. Sakumaha anu dijéntrékeun ku Dele dina Sudaryat & Soléhudin (2009:55), yén: (1) loba-saeutikna jeung alus-gorengna kabeungharan kecap nu dipibanda nuduhkeun kapribadianana; (b) mekarna kabeungharan kecap mangrupa mekarna konséptual; (c) sakabéh atikan enas-enasna numuwuhkeun kabeungharan kecap nu kadituna aya patalina jeung konséptual; (d) program pikeun mekarkeun kabeungharan kecap bakal kapangurah ku faktor umur, manda jinis, kahanan ékonomi, jeung status sosial; (e) faktor géografi ogé bisa mangaruhan kana kabeungharan kecap; (f) dina lumangsuna maca ti mimiti hal nu geus dipikanyaho nepi ka hal nu samasakali can nyaho, paniten kabeungharan kecap bakal nuturkeun salila maca.

e. Tahap Kamekaran Basa jeung Pikiran

William Staso ahli perkembangan neurologi anak dina Sudaryat jeung Solehudin (2009 kaca 57), ngajéntrékeun hasil panalungtikanana ngeunaan kamekaran basa budak umur 0 – 3 taun, sakumaha pedaran di handap:

Budak nu umurna 0 – 3 bulan kakara bisa ceurik, imut, jeung seuri, tapi geus ngaréspon sora nu nyebut ngarana. Nepi ka umur 3 bulan jaringan saraf otak buak mekar leuwih gancang lamun dibebenjokeun (dirangsang) ku gambar anu warna-warni anu kontras jeung ku sora kolotna atawa saha waé nu ngawirahma.

Umur 3 – 9 disebut mangsana baceo. Dina umur budak 3 -5 bulan geus bisa merhatikeun barang-barang anu di sabudeureunana; umur budak 6 – 9 bulan geus bisa ngabédakeun sora nu ramah jeung teu ramah, contona: budak ngécrokan ramona, ku indungna dicarék ku basa anu halimpu, budak nurut kana panyarék indungna sarta ngalesotkeun ramona tina baham.

Dina umur 12 – 18 bulan, budak geus bisa seuri, bisa nyombo nu jadi indung ku paripolah nu pikalucueun. Manéhna geus ngalakukeun komunikasi jeung nu

jadi indung boh ku basa verbal atawa ku basa non verbal. Dina umur sakitu kabeungharan kecap nu dipibandana ngahontal 5 – 20 kecap. Biasana dina umur sakitu téh buda geus bisa matalikeun kaayaan lingkungan dirina, mimiti nengetan sabab akibat. Ngahontal umur 2 taun, kabeungharan kecap nu dipibanda ku budak bisa ngahontal 150 – 300 kecap jeung bisa nyambungkeun 3 – 4 kecap. Dina umur sakitu, budak geus bisa ngajawab “enya” atawa “henteu” dina konteks anu bener. Ungkara kalimahna basajan, kalimah nu sakecap atawa dua kecap, sarta geus bisa maké kecap gaganti ngaran.

Dina waktu ngagayuh kana umur 36 bulan, kabeungharan kecap nu dipibanda ku buda bisa ngahontal 900 kecap tur bisa ngajawab patalekan “saha”, “naha”, jeung “kumaha”. Jaba ti éta, dina umur sakitu budak geus bisa nanyakeun ku kalimah basajan.

Dumasar kana katerangan paraahli di luhur bisa dicindekeu yén anu jadi ciri basa budak téh nya éta:

1. Basa budak mah basajan; ungkara kalimahna parondok diwangun ku sakecap dua kecap.
2. Ngawangun kecap anyar ku cara ngarobah atawa dicokot sabagian, contona: ngarobah kecap tina nyuhunkeun jadi ukeun, tina menta jadi enta, nuduhkeun ayana potensi kreativitas dina wangun anu basajan;
3. Kecap-kecap nu dipilih kecap-kecap nu dimimitian ku huruf bilabial/oral-dental (/b/,/m/), labio-dental (/p/, /t/) jeung stop-frikatif (/p/, /f/) conto: mamam, pipis, popo (bobo,), obo, jst.
4. Salila dina jero prosés mibanda basa, omongan budak téh miboga struktur sorangan. Sok sanajan kitu, tetep bakal nyaruaan sistematis kolotna.

**LEMBAR KERJA KOMPETÉNSI PROFÉSIONAL
KECAP-KECAP ANU JADI CIRI HAS BASA SUNDA**

Pituduh:

1. Pék titénan matéri kecap-kecap anu jadi ciri has dina basa Sunda dina Modul Kelompok Kompetensi A!
2. Diskusikeun dina kelompok pikeun ngajawab pertanyaan ngeunaan kecap-kecap anu jadi ciri has basa Sunda ieu di handap!
3. Tuliskeun jawaban hasil diskusi dina kolom ieu di handap!

No	Kecap-kecap has/istilah	Hartina
1		
2		
3		
4		
5		

No	Babasan	Hartina
1		
2		
3		
4		
5		

No	Paribasa	Hartina
1		
2		
3		
4		
5		

D. Kagiatan Diajar

Saréngséna Sadérék nitenan pedaran Matéri III ngeunaan Kahasan Basa Sunda, tangtu Sadérék geus meunang gambaran anu jelas. Wawasan Sadérék ngeunaan élmuning basa Sunda ayeuna katambahan deui. Tétéla géuningan hal-hal anu patali jeung kahanan basa Sunda téh.

Éta pedaran matéri di luhur téh bahan sawalakeun jeung babaturan Sadérék di kelompok diajarna masing-masing. Naha maké kudu disawalakeun? Lantaran lamun ukur dibaca ku sorangan mah rada elat nyangkemna téh, komo mun nepi ka kudu ngamekarkeun éta konsép. Jaba ti kudu soson-soson macana, ogé diperedih kudu daék macaan literatur liana deuih.

Mangpaat tina sawala téh tangtuna ogé aya, sakurang-kurangna urang bisa silih kanyahokeun lebah wawasan, boh wawasan paélmuanana boh wawasan mikirna. Sing ingét falasifah Sunda, *silih asih, silih asuh, jeung silih asah*. Larapkeun éta falasifah téh dina prakna Sadérék sawala.

Prinsip silihasih dina sawala hartina urang kudu boga rasa asih ka babaturan lebah kakuranganana, prinsip silihasuh urang kudu boga rasa hayang makihikeun pangabisa jeung pangalaman ka nu lian, prinsip silihasah urang kudu miboga karep hayang néangan luang ti papda urang, kapanan luang téh lain ukur tina daluang tapi ti papada urang gé bisa.

Tengétan deui, prak sawalakeun kalawan gawé bareng! Nu leuwih alus mah éta konsép téh jadi ngalegaan sanggeusna disawalakeun mah.

Kegiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kegiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun kalawan disiplin.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kegiatan diajar tanggung jawab jeung disiplin.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar kalawan kreatif.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa kreatif tur gawé bareng dina diskusi jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan

Pigawé ieu soal-soal di handap kalawan pinuh ku rasa tanggung jawab!

1. Naon ari nu disebut basa téh?
2. Ari basa téh arbitrér, naon maksudna tur contoan!
3. Cing pék tatataan, naon waé anu jadi ciri internal basa téh!
4. Ari anu jadi ciri éksternal basa naon waé? Tataan hiji-hijina!
5. Ari anu dimaksud ku idéntitas stilistik téh?
6. Kumaha ari kahasan basa Sunda téh?
7. Cing pék jéntrékeun, naon ari pakeman basa (idiom) téh?
8. Aya bédana atawa henteu antara kekecapan jeung babasan? Cing pék jéntrékeun tur contoan!
9. “Jang Kodir, ayeuna mah *geus beunta*, kamari gé méré sumbangan ka panitia pangwangunan masjid, gedé!” Kecap *geus beunta* kaasupna kana wangun naon? Tétélakeun maksudna!
10. Cing pék tataan naon waé anu jadi ciri has basa Sunda téh!

F. Tingkesan

Hakékat basa nya éta: (1) basa téh sistem; (2) basa téh arbitrér; (3) basa téh simbul (sasmita); (4) basa téh produktif; (5) basa téh universal; (6) basa téh mandiri (unik); (7) basa téh komunikatif; (8) basa téh mijalma; jeung (9) basa téh kultur (budaya).

Dumasar kana karakteristik lahiriahna basa téh miboga ciri-ciri nyaéta (1) idéntitas fisik; (2) idéntitas psikologis; (3) idéntitas géografis; (4) idéntitas étnik; (5) idéntitas sosiologis; jeung (6) idéntitas kontéktual.

Pangna disebutkeun hiji sistem, basa téh mibanda sifat sistématis tur sistemik. Disebut sistématis, lantaran basa téh ngandung unsur-unsur anu puguh éntép seureuhna; ari disebut sistemik, lantaran basa téh mibanda pola atawa aturan anu dumuk sarta bisa diprédiksi/diramalkeun, saperti: aturan fonologi, tatabasa jeung semantik.

Basa téh miboga sifat ngabudaya (cultural) lantaran salian ti basa mangrupa “unsur” budaya ogé jadi alat pikeun ngagedékeun jeung ngamekarkeun budaya. Tanpa basa, budaya moal bisa mekar. Lantaran basa anu miboga peran penting dina budaya. Naon waé wangun jeung jirimna budaya tangtu ngagunakeun basa; tegesna antara budaya jeung basa téh lir ibarat gula jeung amisna – lain gula ngarana, lamun teu amis. Ari anu jadi unsur badaya loba, di antarana baé (1) pacabakan; (2) kamasarakatan; (3) élmu pangawéruh; (4) pakakas, undagi, jeung téhnologi; (5) basa; (6) seni; jeung (7) agama katut réligi.

Ciri has basa Sunda:

- a. Kahasan dina kahanan kecap
- b. Kahasan dina kahanan sora
- c. Kahasan dina kahanan kalimah
- d. Kahasan dina kahanan kandaga kecap

Ari kekecapan téh mangrupa kecap rajékan dwipurwa, nu dirajékna ukur engan anu mimiti. Kekecapan jeung babasan méh sarua wanguna, papada wangun rajékan. Bédana ari kekecapan mah nuduhkeun hartina langsung lantaran géus mangrupa kabiasaan di masarakat, ari babasan mah miboga harti kiasan najan sarua papada géus jadi kabiasaan di masarakat.

Babasan mangrupa wangun kecap rajékan dwipurwa. Babasan mangrupa sawatara kecap anu disusun nu hartina teu sarua jeung harti sawajarna, tapi hartina mah géus kamaphum ku sarérea.

Nu dimaksud paribasa téh nyaéta kecap-kecap anu disusun jadi omongan nu hartina piluangéun, jadi pituah. Ari Yayat Sudaryat (2014) mah nyebutkeun yén paribasa téh nuduhkeun harti ibarat, upamana, biasa.

Basa téh raket pisan patalina jeung paripolah personal (individu, nyorangan), unggal jalma bisa ditingali tangtunganana (kapribadianana), salah sahijina tina kumaha cara ngagunakeun basana.

Pikeun sebutan basa, aliran béhavioris leuwih resep ngagunakeun sebutan *paripolah verbal*, maksudna sangkan leuwih katémbong paripolahna saperti paripolah nu liana bisa dititénan (dipelajari).

Paham nativistik nyebutkeun yén basa téh dipimlikna ngan ku manusa wungkul. Hal ieu alesanana dumasar kana (1) paripolah nu mangrupa turunan (génétic), pola kamekaran basa katut budaya sarua jeung basa-basa lianna (universal), lingkungan sabudeureun teu pati géde pangaruhna kana tumuwuhna kadewasaan basa; (2) basa bisa kacangkem dina waktu anu ngan sakeudeung (umur 4 taun téh geus bisa nyarita cara kolotna); jeung (3) lingkungan basa budak henteu bisa dipaksakeun pikeun ngawasa kamampuh tatabasa cara anu geus sawawa.

Ceuk paham kognitif, lingkungan mah teu nangtukeun, da anu nangtukeun mah kamampuh kognitif budak, rék lingkunganana alus ogé ari kamampuh kognisina lemah mah kapanan henteu matak jadi hadé kana kamampuh basana. Sabalikna, sanajan kaayaan lingkunganana henteu pati hadé, ari kamampuh kognitifna alus mah tetep baé dina kamampuh basana gé bakal alus. Anu penting cenah, kumaha intensitas budak dina ngayakeun komunikasi jeung lingkunganana.

Patalina basa jeung pikiran téh bisa ditingali tina jihat (a) produksi omongan nu jadi dasar pikiran (b) basa minangka basis dasar pikiran, (c) sistem basa minangka tuduh jalan spesifikasi paham/gagasan, jeung (d) sistem basa minangka tuduh jalan spesifikasi budaya.

Dumasar kana katerangan paraahli di luhur bisa dicindekeu yén anu jadi ciri basa budak téh nya éta:

- Basa budak mah basajan; ungkara kalimahna parondok diwangun ku sakecap dua kecap.
- Ngawangun kecap anyar ku cara ngarobah atawa dicokot sabagian, contona: ngarobah kecap tina nyuhunkeun jadi ukeun, tina menta jadi enta, nuduhkeun ayana potensi kreativitas dina wangun anu basajan;
- Kecap-kecap nu dipilih kecap-kecap nu dimimitian ku huruf bilabial/oral-dental (/b/,/m/), labio-dental (/p/, /t/) jeung stop-frikatif (/p/, /f/) conto: mamam, pipis, popo (bobo,), obo, jst.
- Salila dina jero prosés mibanda basa, omongan budak téh miboga struktur sorangan. Sok sanajan kitu, tetep bakal nyaruaan sistematis kolotna.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul modul kalawan jujur jeung tanggung jawab. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur kamampuh nyangkem bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100% = alus pisan

80 - 89% = alus

70 - 79% = cukup

< 69% = kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngangkem bahan ajar 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana bahan kagiatan Diajar 4. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui sarta deres deui bahan dina Kagiatan Diajar 3, pangpangna bahan nu tacan kacangkem.

Réfleksi jeung Lajuning Laku

Ieu kagiatan dilaksanakeun pikeun ningali kahontalna jeung éféktivitas prosés pangajaran anu diilukan ku Sadérék. Lamun geus ngawasa matéri pangbinaan guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis kahasan basa Sunda, Sadérék bisa nyontréng (√) kolom “Kahontal”. Sabalikna, lamun can kahontal, Sadérék bisa nyontréng (√) kolom “Can Kahontal”.

No.	Tujuan Pangajaran	Kahontal	Can Kahontal	Kat.
1.	Ngalatih guru dina nganalisis kahasan basa Sunda kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
2.	Ngalelempeng guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis kahasan basa Sunda kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
Lajuning Laku:				

KAGIATAN DIAJAR 4

KAWIH, KAKAWIHAN, JEUNG MANTRA**A. Tujuan**

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 4 anu patali jeung materi “kawih, kakawihan jeung mantra”, Sadérék dipiharep meunang kamampuh pikeun mikanyaho tur ngajéntrékeun perkara kawih, kakawihan jeung mantra dibarung ku ajén-inajén karakter nu ngawengku religius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas

B. Indikator Kahontalna Kompetensi

Indikator hontalan kompetensi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta ngaidéntifikasi wangun rumpaka kawih. Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi opat, nyaéta:

1. Ngajtrékeun kawih kalawan kukuh pamadegan;
2. Ngabédakeun rumpaka kawih, kakawihan, jeung rumpaka tembang kalawan gawé bareng;
3. Nganalisis struktur, wangun, jeung eusi rumpaka kawih kalawan kréatif; jeung
4. Ngahaleuangkeun kawih jeung kakawihan kalawan pinuh ku kawani.
5. Ngajéntrékeun ngeunaan struktur, ciri, jeung papasingan mantra kalawan dibarung ku rasa mikacinta kana budayana sorangan

C. Pedaran Matéri**1. Wangun jeung Rumpaka Kakawihan**

Dina *Kamus Umum Basa Sunda* nu dipedalkeun ku Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (1976:220), nu disebut *kawih* téh nyaéta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh; *ngawih*, ngalagukeun kawih atawa sisindiran. Ari dina *Kamus Basa Sunda* Satjadibrata (1946:169) mah nu dimaksud *kawih* téh nyaéta lagu-lagu anu teu maké patokan pupuh; *ngawih*, ngalagukeun sisindiran (lain nembang); *kakawihan*, ngawih lila jeung rupa-rupa; *ngawihan budak*, ngawih sangkan budak saré; *ngawihkeun piwulang*, ngalagukeun papatah.

Kakawihan ceuk Sudaryat (2014:264) nyaéta lagu rahayat, lagu katut rumpakana géus matok, sifatna anonim, jeung sumebar dina kahirupan barudak ti baheula mula. Ku lantaran kitu nya aya sebutan kawih murangkalih atawa kakawihan barudak, lantaran ditembangkeunana ku barudak. Umumna kakawihan mah teu bisa leupas tina kahirupan barudak nu matak sok disebut kaulinan urang lembur. Rumpaka kakawihan téh winangun sajak anu ditepikeunana ku cara dilagukeun. Ku lantaran kitu dina kakawihan aya unsur irama, jeung unsur ritme.

Ari kakawihan kagolongkeun kana hasil karya balaréa anu sifatna anonim, tegésna teu puguh saha nu ngarangna jeung ti mana mimitina, sumebar sacara lisan, ku lantaran kitu kakawihan disebut ogé lalaguan rahayat (*folksong*).

Dumasar kana fungsina, kakawihan téh bisa dibagi tilu rupa, nyaéta (1) kakawihan keur mépéndé budak; (2) kakawihan keur magawé; jeung (3) kakawihan kaulinan.

a. Kakawihan keur mépéndé

Kabiasaan di pilemburan, mun keur ngasuh budak boh diais boh diayun-ayun dina papalang, géus pasti bakal ngahariring. Ari anu jadi tujuanana taya lian nyaéta sangkan budan nu dina aisan atawa ayunan téh gancang saré tur tibra. Lamun budak géus saré tibra, kapanan bisa barang gawé anu séjénna, kayaning: kukumbah wadah, saspu, ngépél, jrrd. Kakawihan umum sok dilagukeun saperti: Néléngnéng kung, Ayun ambing,

Géura titénan ieu rumpaka kakawihan di handap.

*Néléngnéng kung, néléngnéng kung,
Geura gedé geura jangkung,
Geura sakola sing junun,
Geura makayakeun indung,*

Wirahma katut rimana (ritme) dina éta rumpaka nalika dihariringkeun karasa pisan ngalagénana. Ritme nu anggér (monoton) nalika éta rumpaka kakawihan dibulak balik dilagukeun méré suasana pitunduheun nu ngabualukarkeun budak gancang saréna. Géura bandingkeun jeung rumpaka kakawihan séjénna ieu di handap.
Ayun ambing, ayun ambing,

*Diayun-ayun ku samping,
Géura bobo lila nyaring,
Mun nyaring gé ulah rungsing*

Kawih anu basajan téh miboga lirik anu kuat, cukup ku opat baris baé, tapi kagambarkeun kumaha nepikeun pesen ka nu keur diayun ambing nyaéta saré tibra tur ulah rungsing. Paripolah tibra téh kapanan aya patalina jeung unsur kasehatan, nyaéta saré nu boga kualitas téa; ari rungsing patali jeung paripolah sikep, ulah rungsing hartina soléh – henteu rudet ka nu jadi kolot – tuhu sumujud. Jadi dina kakawihan téh tétéla lain ngan sakadar lagu, lain ngan sakadar ritme, tapi aya falasifah anu ditankeun ka diri budak nyaéta kasoléhan diri. Kitu deui dina rumpaka Néléngnéng kung, jaba ti wirahmana ngalagéna téh pesen moralna ogé kuat, nyaéta sangkan jadi jalma anu luhung ku élmu panemu, sangkan jagana bisa babakti ka nu jadi indung.

b. Kakawihan keur magawé

Kakawihan keur magawé mah sok dikawih ku tukang ngawuluku di sawah. Tara répéh éta téh, ngahaleuang baé. Répéh-répéh mun géus pecat sawed, kira-kira jam 9 – 10. Nu nganteuran géus datang, nyiapkeun dahareun dina galengan. Géura ieu titénan rumpaka kakawihan paranti magawé.

MAGAWÉ

*Ki Panganten géura gugah,
Bisi kasiangan nyawah,
Bisi kaluputan nyambut,
Ki Panganten géura gugah,*

*Luput! Luput!
Arang! Arang!*

*Wuluku di saung lisung,
Garu dina pipir leuit,
Ki Panganten geura gugah,
Kia! Kia!
Ngider! Ngider!*

*Pecut boréléng diambén,
Gobang pontrang di tunjangéun,
Ki Pangantén geura gugah,
Kalem! Kalem!*

Géura titénan kekecapan nu aya dina rumpaka kakawihan di luhur téh. Kecap luput. Kecap luput téh diucapkeun upama munding ngalakukeun kasalahan, salah tincak. Munding téh ngarti mun disebut luput téh, pasti manéhna ngarobah tincak. Dituluykeun ku kecap arang, maksudna tapak lacak wuluku carang teuing. Ku lantaran kitu, kecap luput digunakeun pikeun ngabejaan yén aya kasalahan nyaéta tapak wulukuna carang teuing, ngingetanana ku kecap arang. Sanggéus munding dibéjaan yén manéhna geus ngalakukeun kasalahan, nu magawé nuluykeun pangajakna maké kecap kia. Éta kecap kia téh basa ajakan ka munding sangkan nuluykeun gawéna. Kia! Kia! Ditéma deui ku kecap ngider, hartina tuluykeun deui ngurilingan pigawéunana. Upama aya omongan kalem, hartina wuluku ngalelep teuing, jadi beurat. Nu magawé ngomong kalem bari ngangkat wulukuna.

c. Kakawihan keur kaulinan

Kakawihan kaulinan barudak atawa kaulinan urang lembur meh di unggal séké sélér bangsa aya atawa baroga. Duka teuing saha anu nyiptakeunana mah nepi ka kiwari teu kapaluruh (anonim). Ieu di handap aya kakawihan anu biasa dilagukeun dina luhur tangkal anu nyagak. Tangkal anu liat tur kuat ditaekan ku barudak loba biasana tangkal selong atawa jambu, tara babari peunggas. Bari ngawih kakawihan téh bari eundeuk-eundeukan.

EUNDEUK-EUNDEUKAN

*Eundeuk-eundeukan lagoni,
Meunang peucang sahiji,
Leupas deui ku nini,
Beunang deui ku aki.*

Jaba ti kakawihan eundeuk-eundeukan téh loba kénéh kakawihan séjénna ogé, méh unggal warna kaulinan aya kakawihanana. Lamun rék maén

ucing-ucingan atawa susumputan, sok diundi heula ku cara ngawihkeun Hompimpah, saha anu meunang maén ti heula.

Mun dina dongéng mah kakawihan téh digunakeun keur nyagéurkeun atawa ngahirupkeun jalma anu géus teu walakaya, saperti dina dongéng Budak Pahatu Lalis. Kakawihanana kieu:

GEBER-GEBER HIHID AING

*Geber geber hihid aing,
Hihid aing kabuyutan,
Titinggal nini awaking,*

(dipapatkeun sababaraha kali, nu teu walakaya téh jadi waras deui.

Rumpaka kakawihan téh méh sarimbag jeung sajak. Sakumaha disebutkeun di luhur yén dina kakawihan téh aya unsur wirahma jeung ritme. Nu jadi cukang lantaran ayana pitunduheun téh ku ayana ritme nu anggér (monoton). Jaba wirahna jeung ritme, kakawihan ogé ngandung amanat atawa pesen nu ditepikeun, najan aya ogé kakawihan anu euweuh naon-naon, ngan sakadar kaulinan wirahma wungkul.

Luyu jeung fungsina, yén kakawihan téh éstu pikeun kaulinan urang lembur, ngabeberah manéh tina lalangsé kahirupan anu jauh kana tempat hiburan. Ku kakawihan, hirupna jadi bérag, saruka bungah galumbira. Médiana ukur pakarangan saayana, nya kalan-kalan ngagunakeun pakakas lain nu teu kudu meuli, kayaning: talawengkar, jajaba, tangkal selong atawa tangkal jambu, jrrd sakadar nu aya jeung nu nyampak baé.

2. Wangun jeung Eusi Rumpaka Kawih

a. Wangenan Rumpaka Kawih

Saméméh maham kana wangenan rumpaka kawih, pék baca heula conto rumpaka kawih ieu di handap.

ISOLA

Sanggian : Nano S.
Laras : Pélog
Surupan : 1 = Tugu

Gerakan : Sedeng

*Isola Bumi Siliwangi
Liliwatan Bandung Lémbang
Suku Tangkuban Parahu
Ngabedega éndah agréng sigrong*

*Isola pada muru ti jauhna
Kajojo sa-Nusantara
kader-kader keur harepan bangsa
ti Isola mimitina*

Anu bieu dibaca ku Sadérék téh disebutna rumpaka kawih. Nilik kana wujudna mah, rumpaka kawih téh henteu béda jeung sajak. Rumpaka kawih téh saenyana mémang sajak ngan pédah sok dihaleuangkeun atawa dikawihkeun. Ilaharna dina rumpaka kawih mah aya unsur mélodi anu ngawéngku laras, surupan, wirahma, jeung susunan mélodi titi laras.

Kawih nya éta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh; mangrupa sekar anu kauger ku embat atawa témpo kalawan rumpaka atawa sair nu tangtu. Kawih biasana dipirig ku gamelan. Kawih biasana disusun ku ahli husus nu disebut panyanggi (Ind: *komponis*), sok dihaleuangkeun ku sindén atawa jurusekar. Wangun ugeran, puisi, atawa sair anu dipaké midangkeun lalaguan, kawih, tembang (Indonesia: *nyanyian*), minangka katerangan tina téma atawa lirik lagu disebut **rumpaka**.

Tina katerangan di luhur bisa disebutkeun yén rumpaka téh rék sarua jeung téks atawa lirik, anu duanana nuduhkeur harti puisi atawa sajak minangka bahan haleuangkeuneun (kawihkeuneun atawa tembangkeuneun). Dina kawih jeung tembang, istilah rumpaka leuwih cocog pikeun dilarapkeun ti batan kecap *lirik*. Ari sababna, lirik mah kaasup kana basa Indonésia. Rumpaka anu tujulna pikeun kawihkeuneun disebutna rumpaka kawih, ari rumpaka anu tujulna pikeun ditembangkeuneun disebutna rumpaka tembang.

Rumpaka kawih raket patalina jeung seni musik. Geus jadi kailaharan, seni musik dipilah jadi tilu rupa, nyaéta *gending* (instrumentalia), *sekar* (vokalia),

jeung gabungan duanana (*sekar-gending*). Anu raket patalina jeung karya sastra nyaéta rumpaka kawih (Ind: *lirik lagu*), ari rumpaka kawih raket patalina jeung sekar. Ari sekar dina karawitan Sunda bisa dibagi-bagi jadi sababaraha rupa, nyaéta *beluk*, *kakawihan*, *pupujian* (*nadoman*), *kawih*, jeung *tembang* (Wibisana, 2000:266).

1. Rumpaka Kawih jeung Tembang

Rumpaka kawih saenyana kagolong kana wangun ugeran (puisi) ngan pédah dihaleuangkeun. Atuh munasabah lamun rumpaka kawih ngandung unsur-unsur puisi, boh unsur lahiriah boh unsur batiniah. Ayeuna Saderék bakal diajar perkara rumpaka kawih minangka hiji wangunan puisi

Dina kahirupan masarakat Sunda aya kasenian anu disebut *kawih*, *kakawihan*, *lagu*, jeung *tembang*. Opatanana aya sasaruana jeung aya bédana. Kawih jeung tembang téh aya bédana. Nurutkeun Rd. Mahyar Angga Kusumahdinata, kawih disebut sekar tandak, ari tembang disebut Sekar Irama Merdéka lantaran lagu-laguna teu kauger ku aturan *wiletan*. Nurutkeun M.A. Salmun, lagu-lagu dina kawih disebut ékaswara (*monometraschematica*) lantaran hiji engang ngan sok ngandung sanada. Sabalikna, ari tembang kagolong kana anékaswara (*polymetraschematica*) sabab réa engang anu ngan diwengku hiji sora waé (Wibisana, 2000).

Kawih nyaéta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh; mangrupa sekar anu kauger ku embat atawa témpo kalawan rumpaka atawa sair nu tangtu. Kawih biasana dipirig ku gamelan. Kawih biasana disusun ku ahli husus nu disebut panyanggi (Ind: *komponis*), sok dihaleuangkeun ku sindén atawa jurusekar. Kawih-kawih buhun atawa klasik saperti *Polos Tomo*. Ari “Aya Mangsana Datang Aya Mangsana Mulang” disebut kawih modéren.

Istilah “tembang ngandung harti lagu anu gelama dina pupuh (Danadibrata, 2006:692); lagu-lagu anu wangun rumpakana kaasup

kana wangun dangding atawa guguritan (Rosidi, 2013:17). Tembang mangrupa seni sora dina wangun dangding atawa guguritan anu biasana dipirig ku waditra tur teu bébas rumpakana (kauger ku patokan pupuh). *Tembang* mangrupa seni sora lagu anu wirahmana bébas, ilaharna kauger ku pola pupuh atawa sa'ir lianna. Tembang biasana dipirig ku kacapi jeung suling. Aya rupa-rupa wanda tembang Sunda, di antarana, tembang beluk atawa macapat lagu (nembangkeun wawacan), Cianjuran (ti Cianjur), Ciawian (ti Ciawi, Tasikmalaya), jeung Cigawiran (ti Cigawir, Limbangan, Garut). Tembang umumna sok ngagunakeun lagu pupuh anu 17, najan aya anu tina papantunan jeung rajah dina carita pantun.

Dina tembang Cianjuran téh aya rupa-rupa wanda (kelompok lagu), nya éta *papantunan*, *jejemplangan*, *rarancagan*, jeung *dedegungan*. Jaba ti éta, *lagu panambah*, malah aya *kakawén*.

- 1) *Papantunan* mangrupa wanda tembang Sunda anu asalna tina puisi dina carita pantun, najan aya nu mangrupa guguritan, sisindiran, jeung rumpaka husus.
- 2) *Jejemplangan* mangrupa wanda tembang anu ngagambarkeun suasana kagagas dina kaayaan jempling, rumpakana mangrupa guguritan, sisindiran, jeung rumpaka husus.
- 3) *Rarancagan* mangrupa wanda tembang anu ngagambarkeun adegan jeung téhnik vokalna leuwih sederhana ti batan jejemplangan, rumpakana (guguritan, sisindiran, jeung rumpaka husus), larasna pélog, sorog, jeung saléndro.
- 4) *Dedegungan* mangrupa wanda tembang anu adegan jeung téhnik vokalna leuwih luhur batan wanda tembang lianna, rumpakana guguritan, sarta larasna pélog.
- 5) *Lagu panambih* mangrupa lagu-lagu tambahan kana tembang, biasana kagolong kana sekartandak, kauger ku wiletan, tapi jiwana tetep tembang.

Fungsi rumpaka dina lagu-lagu tembang Sunda aya dua rupa, nyaéta rumpaka sandingan (rumpaka anu bisa disandingkeun atawa

ditembangkeun dina sababaraha lagu) jeung rumpaka sanggihan (rumpaka anu ngahaja dijieunna pikeun salagu wungkul, tegesna rumpaka ngan bisa jeung biasa ditembangkeun dina hiji lagu nu tangtu).

Wangun rumpaka tembang Sunda nyoko kana patokan pupuh, anu disusun dumasar kana katangtuan guru gatra, nyaéta jumlah padalisan dina sapada; guru wilangan, nyaéta jumlah engang dina sapadalisan; jeung guru lagu nyaéta sora tungtung vokal atawa dang-ding-dungna sora panungtung dina tiap padalisan.

Hubungan antara tembang Sunda jeung sastra lagu bisa ditabélkeun di handap ieu.

Tabel 4. 1 Sastra Lagu

Tembang Sunda		Laras			Wangun Puisi			
Lagam	Wanda Lagu	Pé - log	So - rog	Salén -dro	Pan -tun	Gugu - ritan	Sisin - diran	Rumpak a Husus
Cianjuran	Papantunan	+			+	+	+	+
	Jejemplangan	+				+	+	+
	Dedegungan	+				+		
	Rarancagan	+	+	+		+	+	+
	Panambih	+	+	+		+	+	+
Ciawian	Lulugu			+		+		
	Alok			+			+	
Cigawiran	Lulugu			+		+		

Conto rumpaka tembang papantunan:

MUPU KEMBANG

*Burudul ménak ti kidul,
iringan para tumenggung,
candakna angklung jeung degung,
tutup kendang kulit lutung,
dirarawat hoé wulung,
dipirig ku hujan subuh,
ditepak ku nu jarangkung.
Burudul ménak ti kalér,
iringan para dipatén,
candakna topéng jeung ronggég,
tutup kendang kulit banténg,*

*dirarawat hoé loréng,
dipirig ku hujan soré,
ditepak para cawéné.*

*Burudul ménak ti wétan,
iringan para kumendang,
candakna parabot perang,
tutup kendang kulit kidang,
dirarawat hoé belang,
dipirig ku hujan beurang,
ditepak ku para panjang.*

*Burudul ménak ti kulon,
iringan para kaliwon,
candakna parabot barong,
tutup kendang kulit méong,
dirarawat hoé condong,
momotna hatong jeung rengkong,
éar nu pada narongtong.*

(Soeria di Radja, *Panyungsi Basa III*, 1934,
dina Wibisana, 2000: 377-378)

Istilah *lagu* leuwih dipikawanoh ku barudak ayeuna batan kawih atawa tembang. Kawih-kawih kaayeunakeun saperti nu dicipta jeung dihaleuangkeun ku Doel Sumbang, dicipta ku Nano S., dihaleuangkeun ku Nining Méida AS, dipiwanoh ku istilah lagu, lain kawih. Saenyana, anu dimaksud ku lagu téh nya éta susunan nada anu dipidangkeun saalus-alusna nepi ka éndah katempona jeung genah kadéngéna. Lagu disebut ogé susunan ritme, panjang pondokna atawa ajén (harga) nada. Lagu dipaké ogé pikeun turun-naékna sarta panjang-pondokna sora dina maca, tembang, jeung ngaji. Wangun ugeran, puisi, atawa sair anu dipaké midangkeun lalaguan, kawih, tembang (Indonesia: *nyanyian*), minangka katerangan tina téma atawa lirik lagu disebut **rumpaka**. Anu dibaca di luhur mah kaasup kana kawih modérn atawa kawih murangkalih. Kamekaran saterusna tina kawih anu nadana péntatonis disebut lagu pop.

Titénan conto rumpaka lagu pop ieu di handap!

KALANGKANG

Karya: Nano S.

Mungguhing dina impénan,

*Geuning sakitu deudeuhna,
Pameunteu marahmay manis,
Teu isin paambung damis.*

*Mungguhing dina impénan,
Geuning sakitu léahna,
Kanyaah nu wening bersih,
Satia jadi kakasih.*

*Rambut panjang nu ngarumbay,
Disangkéh panangan nyampay,
Lalaunan raray tanggah,
Rangkulan karaos pageuh.*

*Luhur pasir tepung teuteup,
Perlambang asih nu mekar,
Kabagjaan nu duaan, nu duaan.*

*Mungguhing dina impénan,
Éndah ngan ukur kalangkang,
Harepan-harepan diri,
Sing nyanding jeung kabagjaan.*

2. Struktur Rumpaka Kawih

a. Unsur Lahiriah Rumpaka Kawih

Rumpaka kawih téh saenyana mangrupa puisi. Minangka wangunan puisi, rumpaka kawih mibanda unsur-unsur nu tangtu. Nurutkeun Waluyo (2007), struktur puisi bisa diébréhkeun dina métodeu puisi, nyaéta unsur éstétik anu ngawangun struktur luar puisi sarta bisa katitén sacara visual. Éta unsur téh ngawémgu (1) imaji, (2) simbul/lambang, (3) musikalitas (wirahma), jeung (4) gaya basa.

Imaji, nyaéta gambaran anu karasa, kadéngé, atawa katempo (najan ngan ukur dina wangwangan) dina hiji sajak (Mustapa, 2014:37). Imaji téh nyaéta éfék dina jero implengan atawa pikiran anu nyarupaan (gambaran), anu dihasilkeun ku alat indera. Dina puisi, imaji (*imagery*) digunakeun pikeun méré gambaran ani jéntré, nimbulkeun suasana anu husus, leuwih ngahirupkeun gambaran dina pikiran jeung panca indra (Pradopo, 2014:81). Imaji bisa diébréhkeun ku kecap atawa runtuyan kecap anu bisa

ngébréhkeun pangalaman sénsoris saperti panempo, pangrungu, jeung pangrasa (Waluyo, 2007:78). Aya sababaraha rupa imaji nu dihasilkeun ku panca indra, pamikiran, jeung gerakan. Pradopo (2014:82) ngabagi imajai jadi dua rupa, nyaéta imaji panempo (*visual imagery*) anu muncul tina indra panempo jeung imaji pangrungu (*auditory imagery*) anu muncul tina indra pangrungu.

Simbul atawa lambang maksudna taya lian ti nginjeum harti tina hiji kecap pikeun ngantebeun maksud (Mustapa, 2014:37). Dina kahirupan sapopoé loba pisan simbul anu digunakeun salaku tanda yén manusa téh mikir. Kitu deui dina karya sastra, simbol digunakeun salaku hasil tina paikiran pangarang. Simbul mangrupa hiji barang atawa hal anu konkrlt saperti warna, kajadian alam, jeung nu séjénna anu bisa digunakeun pikeun ngagambarkeun kahirupan atawa kaayaan haté (rasa) manusa (Tarigan, 2011:164).

Wirahma (musikalitas) nyaéta hiji tarékah sangkan sajak téh aya wirahmana, sabab sajak anu alus lain saukur boga maksud atawa eusi nu hadé, tapi wirahmana ogé kudu diperhatikeun (Mustapa, 2014:37). Wirahma méh sarua jeung ritme, rima, jeung irama anu gedé pangaruhna dina ngajentrékeun ma'na puisi. Ari sababna, ritme, rima, jeung irama téh raket patalina jeung *sense*, *feeling*, *tone*, jeung *intension* nu nyangkaruk dina jero puisi (Tarigan, 2011:35).

Gaya basa dina puisi nyoko kana pilihan kecap (diksi) minangka média anu digunakeun ku pangarang pikeun ngébréhkeun rasa jeung gagasanana. Keraf (1984) nétélakeun yén gaya basa téh nyaéta cara ngedalkeun pikiran ngaliwatan basa anu has pikeun ngébréhkeun jiwa jeung kapribadian nu maké basa. Nurutkeun Sudaryat (1991), gaya basa téh nyaéta rakitan basa anu disusun pikeun nimbulkeun pangaruh (éfék) anu leleb karasana ka nu maca atawa nu ngadéngékeun.

Dina ngagunakeun gaya basa dipilih tur disusun kekecapan kalayan ngagunakeun sababaraha cara anu maksudna sangkan bisa ngamunculkeun imaji éstétis, anu hasilna disebut diksi puitis. Ku kituna, dina

nantunkeun gaya basa kudu dilakukeun kalawan taliti sangkan bisa ngahasilkeun gaya basa anu cocog tur luyu sarta ngawakilan ma'na nu dimaksud ku pangarang.

b. Unsur Batiniah Rumpaka Kawih

Minangka wangunan puisi, rumpaka kawih mibanda struktur batin, anu ngawéngku téma, rasa, nada (suasana), jeung amanat (Tarigan, 2011:9-10).

Téma asalna tina basa Latin *titéhnai* anu hartina 'tempat neundeun hiji alat'. Pangna disebut kitu lantaran téma nyaéta idéu atawa gagasan anu ngadadasaran hiji karya sastra nepi ka mibanda peran jadi puseur pangarang dina nepikeun karya nu disusunna. Téma mangrupa patalina antara ma'na jeung tujuan (Aminuddin, 1991:91). Téma henteu sawasna aya dina wangun moral atawa ajaran moral. Téma ngan bisa muncul dina wangun panitén pangarang kana kahirupan anu teu kudu ditapsirkeun ku dirina, tapi kudu ditapsirkeun ku nu maca.

Rasa (*feeling*) mangrupa *téh poet's attitude toward his subject matter*, anu hartina sikep panyajak kana jejer pasualan anu aya dina puisina. Rasa mungkin waé aya dina lapis ma'na puisi sabab unggal ngahadirkeun jejer pikiran nu tangtu, manusa dipangaruhan ku sikep nu tangtu anu biasa jadi gumantung kana kaayaan haténa (Tarigan, 2011:12).


Nada (*tone*) mangrupa sikep panyajak ka pamaca atawa ka dirina sorangan. Nada nyoko kana warna émosional atawa warna ma'na tina karya nu nulis tur mangrupa unsur penting tina gunggungan ma'na (Siswantoro, 2014:143). Nada anu diébréhkeun ku panyajak dina hiji puisi aya patalina jeung rasa nu aya dina éta puisi. Nada patalina jeung suasana sabab suasana mangrupa warna dasar tina hiji karya sastra, kaasup dina rumpaka kawih.

Amanat mangrupa kapercayaan, pesen, pesenan, pihapé, popoyan, atawa talatah (Danadibrata, 2009:17). Kitu deui amanat puisi, nyaéta pesen nu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca. Pangarang boga tujuan atawa maksud tina puisi nu dijieunna, boh tujuan pikeun nyumponan kabutuh pribadi atawa nu séjénna, gumantung kana sawangan hirup pangarang

(Tarigan, 2011:21). Tujuan disusunna karya sastra téh nyaéta pikeun kasugemaan pribadi. Ku kituna, dina nyiptakeun hiji karya saperti puisi, pangarang kudu ngaluyukeun diri kana tujuan nu hayang dihontal ku dirina. Amanat dina karya sastra, kaasup rumpaka kawih, mangrupa pesen nu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca atawa nu ngaregepkeun.

Struktur (unsur) lahir jeung struktur (unsur) batin rumpaka kawih sacara umum mibanda sasaran jeung wangun puisi. Minangka wujudiah tina puisi, struktur lahir jeung struktur batin rumpaka kawih bisa dibagankeun saperti ieu di handap

Bagan 4. 1 Struktur Rumpaka Tembang



3. Wangun Jeung Unsur Instrinsik Mantra

Bahan ajar dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung perkara mantra, nya eta: (1) watesan mantra, (2) wanda mantra, jeung (3) apreasiasi mantra. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibeberkeun ieu di handap.

1. Maca Mantra

Ieu bacaan anu aya di handap téh disebutna Jangjawokan bagian tina Mantra. Pék ilo, malah leuwih alus nepi 2-3 balén. Sanggeus kitu baca sing bedas. Sing alus macana!

JANGJAWOKAN PARANTI LINTAR TAWA NGUSEUP

Aki RékrékTuraya
Anak patutan turunkeun
Aing nya pangkonan sia
Bayumas nu lénggang putih
Bayumas nu lénggang hérang
Bumi meneng bayu meneng
Ku sangkilat ku mancorong
Ratna putih sang ibu putih
Undur ku sangkilat sakti
Nya isun sang demit jati

(Dicutat tina *Galuring Sastra*, yasana Budi RT kaca 22)

2. Watesan Mantra

Mantra téh nilik kana wangunna mangrupa puisi (wangun ugeran), sok sanajan teu matok aturanana atawa teu ditangtukeun *guru laguna* (sora dina engang panungtung), *guru wilanganana* (jumlah engang dina unggal padalisan), jeung jumlah padalisan dina unggal padana. Ugeran atawa aturan puisi téh bakal karasa upama geus dibaca atawa dipapatkeun. Dina éta mantra aya wirahma jeung purwakanti, nepi ka ngareunah diunikeunana.

Purwakanti jeung wirahma anu aya dina mantra téh lain ngan saukur mibanda ajén-inajén kaéndahan (*éstésis*) wungkul, tapi aya maksud-maksud anu leuwih jero ti éta, nyaéta ngandung kakuatan gaib (*magis*). Basa anu digunakeunana ogé kawilang ahéng, sipatna ékpositoris atawa hésé katangkep maksudna.

Eusi mantra anu dianggap ngandung kakuatan gaib téh dipapatkeun ku nu boga maksud hayang meruhkeun nu séjén atawa nanjeurkeun kakuatan jeung komara pribadi.

Tujuan digunakeunana mantra téh di antarana pikeun ngawasa sukma nu lian, sangkan diri pinunjul, sangkan padamikaasih, sangkanbédas, salamet gedé sima, ludeungan, nyinglar, jeung ngariksa.

Numutkeun sawatara ahli, mantra téh gumelarna dina mangsa *animisme/dinamisme*, raket patalina jeung kapercayaan urang Sunda alam harita. Dina kamekaranana, kapangaruhan ku ageman urang Sunda sapandeurieunana. Hal éta kapanggih dina sawatara mantra anu ngagunakeun kekecapan tina basa Arab. Bisa jadi mangrupa bukti, sanajan urang Sunda geus ngagem agama Islam, tapi henteu ngaleupaskeun sagemblengna kapercayaan warisan karuhunna.

3. Wanda Mantra

Ditilik tina fungsi jeung suasana ngedalkeunana, nu kaasup kana mantra téh nyaéta: jangjawokan, asihan, ajian, singlar, jampé jeung rajah. Di handap aya sawatara contona, geura pék titenanan masing gemet!

a. Asihan

Asihan disebut ogé pélét, dipapatkeun kalawan maksud sangkan nu séjén mikaasih ka diri nu mapatkeunana. Contona:

ASIHAN SI BURUNG PUNDUNG

Nu cunduk bayu Si Anu

*Nu datang asmana Si Éta
Reujeung satineung jeung aing
Mangka datang jeung ragana
Mangka cunduk jeung bayuna
Mangka naranya jeung satineung
Mangka tunggal asmana
Iya rasa nira
Iya rasa nisun
Saking purbaning pangéran
Asih kaasih ka awaking
Nu bogoh paboro-boro
.....jeungsaterusna.*

(Tina naskah *GaluringSastra*)

b. Ajian

Ajian téh dipapatkeun kalawan maksud pikeun kakuatan; kasaktén, kabédasan, jeung sajabana. Contona:

AJIAN KABÉDASA

Sang Baléga dung bakaling jagat

*Sang Baléga ding bakaling langit
Sang Baléputih bakaling bumi
Sakata hé nyawa punika
Ana ingsun kabéh
Ya ingsun karsadatulloh
(Tina naskah Galuring Sastra)*

c. Singlar

Singlar dipapatkeun maksudna pikeun nyinglar atawa nyingkahkeun hal-ha lanu teu dipikahayang, sapert kasakit, siluman-silemin, jeung sajabana. Contona:

SINGLAR HAMA PEPELAKAN

Seuri céling bang céling palémbang

*Geura los geura leumpang
Ka sabrang ka palembang
Ka kajagi ka patani
Ka batan ka tulangbawang
Ka nu héjololopangan
Ka nu hideung siga nila
Di dinya ka hanansira
Istan, istan, istan!
(Tina naskah Galuring Sastra)*

d. Jampé

Jampé dipapatkeun atawa dipaké pikeun ngubaran atawa ngaleungitkeun kanyeri, kasakit, atawa kabiasaan anu teu hadé supaya jadi hadé, cageur, jsb. Contona:

JAMPÉ KA BUDAK NU SOK CEURIK BAÉ

*Nyi ara-ara
Nyi iri-iri
Ulah sok jail ka adi
Tuh, da sia bawa ngajadi
Jepme neng si abang bayi
(Tina naskah Galuring Sastra)*

e. Rajah Pamunah

Rajah pamunah dipapatkeun maksudna sangkan salamet, henteu kakeunaan ku hal-hal anu teu dipikahayang, saperti barang aya nu maling, keuna ku panggawé batur, kasiku, jeung sajabana. Contona:

RAJAH PAMUNAH BISI HARTA BANDKEUNA KU LONGLONGAN

Bismillahirrohmanirrohim

*Nini Raja Puhara
Aki Raja Puhara
Ulah iri ka pepelakan aing
Maring paré maring sipat sajeneng
Kalawan ingsun sasipat
Kalawan ingsun maujud
Maring datulloh
Maring béas sajéneng
Kalawan ingsun maujud
Maring datulloh
Seuri asih ka bangsa tunggal kagungan
Seuri suci mulya badan
Sampurna tunggal iman
Ambu pancering iman
Bapa tangkaling iman
Gagang aing gagang iman
....jst.*

(Tina naskah Galuring Sastra)

Salian ti éta, aya deu ianu disebut *pileumpeuhan*, *pilengkétan*, *pangemat*, *kasemaran*, *karahayuan*, jsb. Minangka conto mantra, sakitu baé heula. Urang teruskeun kana jangjawokan.

f. Jangjawokan

Jangjawokan dipapatkeun pikeun menta kasalamétan; upama arék ngamimitian hiji pagawéan. Contona:

JANGJAWOKAN PARANTI DI WEDAK

*Pupur aing pupur panyambur
 Panyambur panyangling rupa
 Nyalin rupa ti déwata
 Nyalin sari Widadari
 Nya tarang lancah mentrangan
 Nya halis katumbirian
 Nya irung kuwung-kuwungan
 Dideuleu ti hareup sieup
 Disawang ti tukang lenjang
 Ditilik ti gigir lenggik
 Mangka welas mangka asih ka nu dipupur
 Diténjo ku saider buana kabéh
 (Dicutat tina Pedaran Sastra Sunda)*

Upama ku urang ditengenetan, jangjawokan di luhur téh leubeut ku purwakanti, boh purwakanti rantayan boh runtuyan. Ari anu disebut purwakanti téh nyaéta padeukeutna sora kecap-kecap dina ungkara kalimah atawa gabungan kecap.

Purwakanti nu aya dina jangjawokan di luhur téh kawilang euyeub, di antarana baé:

- Purwakanti *pangluyu*, nyaéta purwakanti anu ngaluyukeun sora atawa wianjana dina kecap-kecap saungkara atawa sapadalisan.

*Pupur aing pupur panyambur
 Nyalin sari Widadari
 Disawang ti tukang lenjang,jsté.*

- Purwakanti *margaluyu*, nyaéta kecap tina tungtung padalisan, dibalikeun deui dina awal padalisan sapandeurieunana:

*Pupur aing pupur panyambur
 Panyambur panyangling rupa*

- Purwakanti *mindooan kawit*, nyaéta aya kecap-kecap anu dipindo dina awal padalisan:

*Nyalin rupa ti Déwata
 Nyalin sari Widadari
 Nya tarang lancah mentrangan
 Nya halis katumbirian
 Nya irung kuwung-kuwungan*

- Purwakanti *laras purwa*, nyaéta murwakanti engang awal kecap, boh rantayan boh runtuyan. Dina jangjawokan di luhur mah runtuyan (antarpadalisan)

*Dideuleu ti hareup sieup
Disawang ti ukang lenjang
Ditilik ti gigir lenggik*

- Purwakanti *laras maduya*, nyaéta purwakanti antarpadalisan nu ayana di tengah ungkara (padalisan):

*Dideuleu ti hareup sieup
Disawang ti tukang lenjang
Ditilik ti gigir lenggik*

Dina jangjawokan di luhur ogé aya babandingan (gaya basa ngupamakéun), anu mindeng kapanggih dina karya sastra buhun saperti carita pantun:

*Nya tarang lancah mentrangan
Nya halis katumbirian
Nya irung kuwung-kuwungan*

D. Kagiatan Diajar

Saréngsena Sadérék niténan pedaran matéri pangjaran ka 4 anu patali jeung Ngungkulan Héséna Siswa Diajar Basa Sunda. Kumaha aya kelemeng-kelemeng atawa henteu? Mun acan aya kelemeng, komo deui nyangkem sakabéhna matéri nu dipedar, pék balikan deui macana. Dina lumangsungna maca, sing tengét naon anu dianggap penting ku Sadérék, héng catet. Ku lantaran kitu, salawasna Sadérék kudu nyayagikeun pulpén jeung buku catétan husus.

Sing ingét anu jadi téma dina pangajaran ka 4 téh ngungkulan héséna siswa diajar basa Sunda. Ti mimiti faktor guru nepi ka faktor lingkungan, ésénsi pesenna kudu kacangkem ku Sadérék. Upama Sadérék geus nyangkem pedaran matéri di luhur, satuluyna Sadérék métakeun boh dina wangun angket boh wawancara ka murid, hasilna tuluy ditabulasikeun. Hasil tina tabulasi, ku Sadérék bisa dicindekkeun faktor naon anu jadi hésé pikeun siswa enggoning diajar basa Sunda?

Lamun pasualan héséna téa geus kapanggih, Sadérék bisa nangtukeun sikep. Rék kumaha jeung kudu kumaha? Jigana waé pasualan “hésé” pikeun siswa dina diajar basa Sunda hususna, geus jadi rahasia umum. Ku lantaran kitu, kacida hadéna éta pasualan téh dipadungdengkeun jeung babaturan saprofési Sadérék, boh di lingkungan kelompok Sadérék, boh di lingkungan komunitas saprofési anu leuwih lega.

E. Latihan

Pigawé soal-soal ieu di handap kalawan daria tur pinuh ku sumanget!

1. Terangkeun naon nu dimaksud kakawihan téh?
2. Naon sababna kakawihan dibédakeun tina kawih? Tetelakeun alesanana!
3. Dumasar fungsina, kakawihan téh dibagi sabaraha rupa? Terangkeun hiji-hjina léngkép jeung contona!
4. Ari rumpaka kakawihan maké aturan anu matok cara pupuh atawa henteu? Tetelakeun alesanana!
5. Ari nu dimaksud ritme jeung wirahma dina kakawihan kumaha? Jéntrékeun!

Baca heula rumpaka kawih ieu di handap!

PAHLAWAN

Sanggian: Mang Koko

*Teu honcéwang sumoréang
Tékadna pahlawan bangsa
Cadu mundur pantrang mulang
Mun maksud tacan laksana.
Berjuang keur lemah cai
Lali rabi tégang pati
Taya basa ménta pamulang tarima
Iklas rido keur korban merdéka
Sinatria dananlaga
Béla bangsa jeung nagara
Dibarengan tékad suci
Berjuang keur lemah cai
Teu ngingetkeun ka dirina
Asal bangsa nagri jaya
Bisa jembar merdéka mukti wibawa
Jasa tujuan pahlawan bangsa*

Jawab atawa tételakeun sakur pananya atawa paréntah ieu di handap!

6. Nyaritakeun naon rumpaka kawih di luhur téh?
7. Kumaha watek pahlawan ceuk éta rumpaka kawih?
8. Naon tujuan pahlawan téh ceuk éta rumapaka kawih?
9. Naon bédana rumpaka kawih jeung rumpaka tembang?
10. Naon baé unsur lahirian jeung unsur batiniah rumpaka kawih? Naon sababna bet sarua jeung unsur-unsur sajak?
11. Naon ari mantra?
12. Nurutkeun pamanggih Sadérék, ari mantra mangrupa pituin kasusastraan Sunda lain? Jelaskeun naon sababna!
13. Kaasup kana wangun naon ari mantra? Naha? Jelaskeun!
14. Naon bedana guruwilangan jeung gurulagu dina manatra?
15. Naon un disebut purwakanti dina mantra?

F. Tingkesan

Dina *Kamus Umum Basa Sunda* nu dipedalkeun ku Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (1976 : 220), nu disebut *kawih* téh nyaéta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh; *ngawih*, ngalagukeun kawih atawa sisindiran.

Ari dina *Kamus Basa Sunda* (Satjadibrata, 1946 : 169) mah nu dimaksud *kawih* téh nyaéta lagu-lagu anu teu maké patokan pupuh; *ngawih*, ngalagukeun sisindiran (lain nembang); *kakawihan*, ngawih lila jeung rupa-rupa; *ngawihan budak*, ngawih sangkan budak saré; *ngawihkeun piwulang*, ngalagukeun papatah.

Kakawihan ceuk Yayat Sudaryat (2015) nyaéta lagu rahayat, lagu katut rumpakana géus matok, sifatna anonim, jeung sumebar dina kahirupan barudak ti baheula mula.

Dumasar kana fungsina, kakawihan téh bisa dibagi tilu rupa, nyaéta (1) kakawihan keur mépéndé budak; (2) kakawihan keur magawé; jeung (3) kakawihan kaulinan.

Dina kakawihan téh aya wirahma jeung ritme. Nu jadi mawa pitunduheun ku lantaran ritme anggér (monoton). Jaba wirahma jeung ritme, kakawihan ogé ngandung amanat atawa pesen nu ditepikeun, sanajan aya ogé anu euweuh naon-naon, ngan sakadar kaulinan wirahma wungkul.

Nu dimaksud wirahma nyaéta irama lagu, salahsahiji sarat lagu supaya ngareunah dilagukeunana sarta ngéunah kadéngéna. Ari ritme nyaéta bilangan ketukan dina lagu biasana disaluyukeun jeung engang dina kecap nu digunakeun dina rumpaka lagu atawa rumpaka kakawihan.

Rumpaka kawih saenyana kagolong kana wangun ugeran (puisi) ngan pédah dihaleuangkeun atawa dikawihkeun. Atuh munasabah lamun rumpaka kawih ngandung unsur-unsur puisi, boh unsur lahiriah boh unsur batiniah. Rumpaka kawih nyaéta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh; mangrupa sekar anu kauger ku embat atawa témpo kalawan rumpaka atawa sair nu tangtu. Kawih biasana dipirig ku gamelan. Kawih biasana disusun ku ahli husus nu disebut panyanggi (Ind: *komponis*), sok dihaleuangkeun ku sindén atawa jurusekar.

Kawih aya bédan jeung tembang. *Tembang* mangrupa seni sora lagu anu wirahmana bébas, ilaharna kauger ku pola pupuh atawa sa'ir lianna. Wangun rumpaka tembang Sunda nyoko kana patokan pupuh, anu disusun dumasar kana katangtuan guru gatra, nyaéta jumlah padalisan dina sapada; guru wilangan, nyaéta jumlah engang dina sapadalisan; jeung guru lagu nyaéta sora tungtung vokal atawa dang-ding-dungna sora panungtung dina tiap padalisan.

Minangka wangunan puisi, rumpaka kawih mibanda struktur lahir jeung struktur batin. Struktur lahir rumpaka kawih ngawéngku imaji, simbul/lambang, musikalitas (wirahma), jeung gaya basa. Ari struktur batin rumpaka kawih ngawéngku téma, rasa, nada (suasana), jeung amanat.

Nilik kana wangunna, mantra téh mangrupa puisi (wangun ugeran), sok sanajan teu matok aturanana atawa teu ditangtukeun *guru laguna* (sora dina engang panungtung), *guru wilanganana* (jumlah engang dina unggal padalisan), jeung jumlah padalisan dina unggal padana. Ugeran atawa aturan puisi téh bakal karasa upama geus dibaca atawa dipapatkeun. Dina éta mantra aya wirahma jeung purwakanti, nepi ka ngareunah diunikeunana.

Nilik kana fungsi jeung suasana ngedalkeunana, nu kaasup kana mantra téh nyaéta: jangjawokan, asihan, ajian, singlar, jampé jeung rajah.

Dumasar kana sajarahna yén mantra téh gumelarna dina mangsa *animisme/dinamisme*, raket patalina jeung kapercayaan urang sunda alam harita.

Dina kamekaranana, kapangaruhan ku ageman urang sunda sapandeurieunana. Hal éta kapanggih dina sawatara mantra anu ngagunakeun kekecapan tina basa arab.

G.Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngawasa 80% ka luhur, Sadérék bisa dianggap geus hasil. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, wayahna Sadérék kudu malikan deui, kudu ngaderes deui materi dina Kagiatan Diajar 4, pangpangna bahan nu can dicangkem.

Réfleksi jeung Lajuning Laku

Ieu kagiatan dilaksanakeun pikeun ningali kahontalna jeung éféktivitas prosés pangajaran anu diilukan ku Sadérék. Lamun geus ngawasa matéri pangbinaan guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis kawih jeung kakawihan, Sadérék bisa nyontréng (✓) kolom “Kahontal”. Sabalikna, lamun can kahontal, Sadérék bisa nyontréng (✓) kolom “Can Kahontal”.

No.	Tujuan Pangajaran	Kahontal	Can Kahontal	Kat.
1.	Ngalatih guru dina nganalisis matéri kawih jeung kakawihan kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
2.	Ngalelempeng guru dina ngamang-paatkeun hasil analisis kawih jeung kakawihan kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
Lajuning Laku:				

KONCI JAWABAN

Konci Jawaban KP 1:

1. Anu kaasup kana komponén karakteristik siswa SMA téh nyaéta umur, wanda jinis (jenis kelamin), pangalaman prasakola, kamampuh sosial ékonomi, tingkat kacerdasan, kréativitas, bakat jeung minat, pangaweruh dasar jeung préstasi saméméhna, motivasi diajar, jeung sikép diajar.
2. Tatakrama téh méh saharti esensina jeung étika, tegésna sopan santun téa. Kaayaan jaman nu ngarobah téh nyaéta nu ngajamanan, tegésna urang saréréa, kamari jeung kiwari. Ku lantaran kitu, atuh tatakrama ogé tangtuna bakal robah, pangpangna dina paripolah-paripolah husus. Ceuk tadi gé kapanan esensina mah ayana konsép tatakrama téh pikeun silih ajénan, silih hormat, ti nu sahandapeun ka nu saluhureun, ti anak ka nu jadi kolot, jst pon kitu deui sabalikna. Dina jaman karajaan mah tanda hormat téh kapanan kudu ngésor sagala rupa – teu meunang mungkuran, kapanan ayeuna mah teu kudu kitu, éta minangka parpolah husus téh.
3. Nu jadi cukang lantaran pangna barudak kiwari kurang tata-titi dina kahirupan sapopoé nyaéta: (1) di lingkungan kulawarga géus méh api lain kana pasualan tatakrama lantaran pangaruh média televisi tembres kana kahirupan barudak sapopoé, (2) di lingkungan masarakat ogé umumna kurang ngarojong kana mageuhan tatakrama; buktina mun aya barudak anu culangung gé kapanan teu dikukumaha, cukup ku diantep waé, (3) di sakol, kapanan henteu aya pangajaran husus tatakrama, nu disebut boga tatakrama téh, cukup ku sun tangan waé, padahal saéstuna lain kitu.
4. Undak usuk basa minangka wujud tina paripolah tatakrama basa, tangtu penting pisan dipageuhan jeung dimumulé. Lantaran, kapanan wujud ngahormat jeung dihormat téh nu paling deukeut nyaéta ku basa. Tatakrama rengkuh kalungguhanana méh teu bisa dipisahkeun jeung tatakrama basa. Ku lantaran kitu, tatakrama rengkuh tetep kudu diajarkeun kudu dilatihkeun ka parasiswa.

5. Poténsi siswa nu aya patalina jeung hirup kumbuh masarakat téh nyaéta basa. Lamun siswa digédékeun ku basa indung – basa Sunda, tangtu éta téh mangrupa modal awal maranéhna enggoning diajar basa Sunda. Poténsi nyamkem basa katut budayana nu diiluan ti barang lahir, éta téh poténsi nu luar biasa. Bakal béda jeung siswa nu digédékeun ku basa indung
6. Lantaran guru salah sahiji komponén anu langsung aduhareupan jeung siswa. Dina sistem pangajaran, guru téh sasat nu nyieun rencana (*planer*) atawa nu ngarancang (*designer*) pangajaran, nu ngalaksanakeun (*implementator*) pangajaran.
7. Anu bisa mangaruhan kualitas guru, kayaning: *teacher formative experience*, ngawéngku: asal muasalna ti mana, kasang tukang kahirupan jeung budayana, ti golongan keluarga nu kumaha (rayat masakat, beunghar, patani, pagawé, padagang, jjrd); *teacher training experience*: tegesna pangalaman-pangalaman anu aya patalina jeung kaparigelan guru jeung kasang tukang atikan guru, kayaning: pangalaman latihan profési tahapan atikan, pangalaman jabatan jeung sajabana; *teacher properties* nyaéta sagala rupa hal anu aya patula-patalina jeung sifat nu dipibanda, kayaning sikep guru kana profésina, sikep guru ka siswana, kamampuh atawa intélégénsi dirina, jeung motivasi kana kagiatan diajar ngajar sagemblengna.
8. *pupil formative experience* nyaéta kasang tukang kahirupan siswa, kayaning: ekonomi, kaayaan jeung kalungguhan kulawargana. jeung ari *pupil properties* nyaéta sifat atawa karakter nu dipilik ku dirina, kayaning: kamampuh dasar, pangawéréh jeung sikep.
9. Méméh nyieun tindakan tanguna ogé kudu ngayakeun heula analisis tina sakabéh aspék anu aya patalina jeung prosés diajar ngajar, kayaning kaayaan guruna, muridna, bahan ajarna, média nu digunakeun/dibutuhkeunana, jeung lingkunganana. Dina geus kapanggih lebah mana anu nglantaran “hésé”, lebah éta anu kudu dioméan atawa dibebenah.

10. Tangtu baé lingkungan téh bakal milu mangaruhan jeung nangtukeun kana hasil diajar ngajar, lantaran upama lingkunganana goréng atawa henteu harmonis, moal bisa ngajamin hasil diajarna hadé. Conto: lingkungan kelas anu jumlah siswana réa (sebut wé 45 urang) jeung kelas anu jumlah siswana 30 urang, tangtuna ditingali tina aspék “kenyamanan” gé geus bisa kateguh, yén nu jumlahna saeutik bakal leuwih nyaman dibanding jeung jumlah siswa anu loba; can ti nu aspék lianna, nu jumlahna loba bakal leuwih rudet batan anu saeutik, jst.

Konci Jawaban KP 2:

1. Poténsi siswa nu aya patalina jeung hirup kumbuh masarakat téh nyaéta basa. Lamun siswa digédékeun ku basa indung – basa Sunda, tangtu éta téh mangrupa modal awal maranéhna enggoning diajar basa Sunda. Poténsi nyamkem basa katut budayana nu diiluan ti barang lahir, éta téh poténsi nu luar biasa. Bakal béda jeung siswa nu digédékeun ku basa indung – basa Indonésia, héng diajar basa Sunda, bakal karasa ngojotna.
2. Hubungan pancakaki patali jeung kamampuh diajar basa Sunda, gedé atawa leutik, tangtuna waé aya. Siswa anu indung bapana pituin urang Sunda tur sapopoéna di imah ngagunakeun basa Sunda, bakal béda jeung siswa nu indung bapana lain urang Sunda – sanajan aya dina lingkungan hirup kumbuh urang Sunda. Lantaran ari basa mah – hususna basa Sunda – basa rasa, ari rasa kapanan ngalirna ku ayana gétih katurunan. Najan bisa nyarita ku basa Sunda (nu lain urang Sunda pituin) can tangtu bakal mibanda rasa basana.
3. Poténsi nu nyampak dina diri siswa urang Sunda nu diajar basa Sunda nyaéta: (1) mibanda kabisa nyarita ku basa Sunda; (2) indung-bapana pituin urang Sunda; (3) hirup aya dina pakumbuhan masarakat Sunda.
4. Ari basa katut budayana salawasna moal bisa cicing dina hiji situasi, géus pasti pindah – robah. Robah-robahna bisa ku rupa-rupa perkara, ku umur, ku pagaliwota jeung séjén sékésélér bangsa, ku pola mikir, ku rupa-rupa kahayang, jrrd. Lain waé basa jeung budaya Sunda anu henteu anggér, tapi sakabéh basa jeung budaya anu séjén ogé sarua pada-pada rarobah. Conto: basa Sansékérta, basa Kawi, kapanankiwari euwéuh komunitas masarakatna, ngan ukur digunakeun dina kapentingan-kepentingan anu kawatesanan. Mana komunitas masarakatna? Naha basa Sunda bakal ngalaman cara basa Sansékérta? Kawi? Jawabanana aya di Sadérék.
5. Konsép Tri Tangtu di Buana téh taya lian nyaéta antara tilu bagian dina sistim kakawasaan kudu layeut, kudu ajeg, jeung adil tangtuna ogé. Ngalarapkeun falasifah *ngagurat batu*, *ngagurat lemah* jeung *ngagurat cai* téh éstu kudu nyerep tebres kana ati sanubari ngajanggélék dina paripolah anu adil wijaksana.

6. Konsép PAKEM / PAIKEM téh nyaéta (a) Siswa aub dina sagala rupa kagiatan diajar ngajar; (b) Guru ngabantu tur ngarojong ku mangrupa motivasi jeung nyadiakeun sarana anu diperlukeun ku parasiswa; (c) guru kudu nyiptakeun suasana nu “menyenangkan”; (d) nyiptakeun suasana diajar kooperatif tur interaktif; jeung (e) guru ngajurung laku siswa dina diajarna nurutkeun kahayang dirina anu tujuanana sangkan idé jeung gagasanana bisa ébréh.
7. Nu kudu dipilampah ku guru nyaéta numuwuhkeun kréativitas siswa, boh dina lebah kamampuh mikir boh dina lebah kaparigelan séjénna. Ari mikir kréatif salawasna sok dimitian ku cara mikir anu kritis – calakan; tegesna anu saméméhna teu kapikiran ayeuna jadi kapikiran, atawa anu saméméhna teu kapanggih ayeuna jadi kapanggih, anu saméméhna hésé ayeuna jadi babari.
8. Hal anu kudu dipilampah dina pangajaran éféktif nyaéta (1) ngayakeun apersépsi; (2) ngalampahkeun eksplorasi, nyaéta ngawanohkeun matéri poko jeung kompéténsi dasar anu baris dihontal ku cara ngagunakeun variasi metode; (3) ngayakeun konsolidsdi pangajaran nyaéta ngaaktifkeun parasiswa enggoning ngawujudkeun kaparigelan (kompéténsi) anu aya patalina jeung kahirupan sapopoé; (4) ngalaksanakeun évaluasi ku cara ngumpulkeun fakta jeung data sarta dokumen hasil diajar parasiswa anu tujuanana pikeun ngoméan program pangajaran ka hareup.
9. Lantaran suasana diajar geus dimimitian ku rasa *énjoy*, resep, betah, jeung sapapadana. Suasana nu “menyenangkan” saéstuna anu mukeun pangrobéda mikir parasiswa. Ku lantaran kitu, ciptakeun suasana diajar téh sangkan parasiswa resep heula, mun geus resep ka dituna bakal tumuwuh sikep parigel jeung rancagé téh.
10. Bener pisan. Sabab suasana “menyenangkan” téh mampuh mukakeun lalangsé dina pikiran. Upama pola mikirna geus kabuka, siswa jadi calakan, mun geus calakan tangtu bisa ngaréngsékeun pasualan, préstasi diajarna ogé jadi ngaronjat.

Konci Jawaban KP 3:

1. Basa nyaéta lambang sora anu sistimatis, pangna disebut sistimatis nyaéta lantaran mangrupa beungkeutan dua unsur – tegesna unsur luar jeung unsur jero – wangun jeung eusi anu silih léngképan dumasar kana aturan nu tangtu pikeun ngahontal hiji harti. Disebut sistématis, lantaran basa téh ngandung unsur-unsur anu puguh éntép seureuhna; ari disebut sistemik, lantaran basa téh mibanda pola atawa aturan anu dumuk sarta bisa diprédiksi/diramalkeun, saperti: aturan fonologi, tatabasa jeung semantik.
2. Basa disebut arbitrér, lantaran patalina lambang sora jeung obyékna euwéuh hubungan logis (sakarepna, sakahayangna, manasuka pamakéna). Contona: kecap imah dina basa Sunda anu hartina wawangun tempat pamatuhan, tempat betah bumétah; dina basa séjén mah diucapkeunana umah (Jawa); rumah (Melayu/Indonesia), *baitun* (Arab), haus (Jerman), *house* (Inggris).
3. Nu jadi ciri internal basa mangrupa hakékat basa, nyaéta (1) basa téh hiji sistem; (2) basa téh arbitrér; (3) basa téh simbolis; (4) basa téh kovensional; (5) basa téh sistem sora; (6) basa téh unik (mandiri); (7) basa téh mijalma; (8) basa téh rancagé; (9) basa téh komunikatif; jeung (10) basa téh ngabudaya.
4. Ciri éksternal atawa lahiriahna basa téh mangrupa jatidir basa, anu nyoko kana (1) idéntitas fisik; (2) idéntitas psikologis; (3) idéntitas géografis; (4) idéntitas étnik; (5) idéntitas sosiologis; jeung (6) idéntitas kontéktual
5. Stilistika téh nyaéta gaya basa katut makéna basa dina karya sastra. Stilistika mangrupa élmu anu maluruh patalina basa jeung karya sastra, kumaha gaya makéna basa dina karya sastra. Idéntitas stilistika nyaéta ciri-ciri basa disawang tina gayana.
6. Kahasan basa Sunda téh ébréh dina tataran sora, tataran kecap, tataran kalimah, jeung tataran kandaga kecap. Dina tataran sora, basa Sunda boga 7 swara (vokal) sarta réa kecap-kecap anu sakabéh vokalna /a/. Dina tataran kecap, basa Sunda beunghar ku raragkén, kecap panganteb, jeung kecap anteuran. Dina tataran kalimah, basa Sunda boga kalimah kahanan (éksistif) anu caritaanana mangrupa kecap pagawéan aya. Dina tataran kandaga kecap, basa Sunda beunghar ku pakeman basa.

7. Pakeman basa atawa idiom téh nyaéta ungkara kecap atawa bisa disebutkeun ogé basa pakém, nyaéta ungkara kecap anu miboga harti husus sarta mandiri sarta henteu sarua jeung harti unsur-unsur nu wangangunna.
8. Kekecapan jeung babasan méh sarua wanguna, papada wangun rajékan. Bédana ari kekecapan mah nuduhkeun hartina langsung lantaran geus mangrupa kabiasaan di masrakat, ari babasan mah miboga harti kiasan najan sarua papada geus jadi kabiasaan di masarakat.
9. *Geus beunta* dina ungkara kalimah “Jang Kodir, ayeuna mah *geus beunta*, kamari gé méré sumbangan ka panitia pangwangunan masjid, géde!” kaasup kana wangun kekecapan. Maksud kecap geus beunta téh nyaéta geus aya kamajuan hirupna dina soal matéri, atawa geus beunghar.
10. Anu jadi ciri basa budak téh nya éta:
 - a. Basa budak mah basajan; ungkara kalimahna parondok diwangun ku sakecap dua kecap.
 - b. Ngawangun kecap anyar ku cara ngarobah atawa dicokot sabagian, contona: ngarobah kecap tina *nyuhunkeun* jadi *ukeun*, tina *ménta* jadi *énta*, nuduhkeun ayana poténsi kréativitas dina wangun anu basajan;
 - c. Kecap-kecap nu dipilih kecap-kecap nu dimimitian ku huruf bilabial/oral-dental (/b/,/m/), labio-dental (/p/, /t/) jeung stop-frikatif (/p/, /f/) conto: *mamam*, *pipis*, *popo* (*bobo*,), *obo*, jst.
 - d. Salila dina jero prosés mibanda basa, omongan budak téh miboga struktur sorangan. Sok sanajan kitu, tetep bakal nyaruaan sistematis kolotna.
 - e. Lantaran patalina basa jeung pikiran téh bisa ditingali tina jihat (a) produksi omongan nu jadi dasar pikiran (b) basa minangka basis dasar pikiran, (c) sistem basa minangka tuduh jalan spesifikasi paham/gagasan, jeung (d) sistem basa minangka tuduh jalan spesifikasi budaya. Ku lantaran kitu, basa teu bisa dipisahkeun jeung pikiran.

Konci Jawaban KP 4:

1. Nu disebut *kawih* téh nyaéta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh; *ngawih*, ngalagukeun kawih atawa sisindiran. Ari ceuk Satjadibrata mah nyaéta *kawih* téh nyaéta lagu-lagu anu teu maké patokan pupuh; *ngawih*, ngalagukeun sisindiran (lain nembang); *kakawihan*, ngawih lila jeung rupa-rupa; *ngawihan budak*, ngawih sangkan budak saré; *ngawihkeun piwulang*, ngalagukeun papatah.
2. Kudu dibédakeun lantaran paripolah kakawihan jeung kawih ganjor. Ari kakawihan sakumaha diterangkun ku Satjadibrata nyaéta ngawih lila jeung rupa-rupa; ari kawih mah nya lagu nu teu maké patokan pupuh.
3. Dumasar kana fungsina, kakawihan téh bisa dibagi tilu rupa, nyaéta (1) kakawihan keur mépéndé budak; (2) kakawihan keur magawé; jeung (3) kakawihan kaulinan
4. Henteu. Kakawihan mah mangrupa karya balaréa (folksong), hartina boro-boro aturanana anu kudu matok, nu ngarangna baé geus teu bisa kapaluruh. Tapi sanajan teu maké aturan anu matok, ari wirahma jeung ritmena mah tetep aya.
5. Nu dimaksud wirahma nyaéta irama lagu, salahsahiji sarat lagu supaya ngareunah dilagukeunana sarta ngéunah kadéngéna. Ari ritme nyaéta bilangan ketukan dina lagu biasana disaluyukeun jeung engang dina kecap nu digunakeun dina rumpaka lagu atawa rumpaka kakawihan
6. Nyaritakeun pahlawan anu bajuang keur ngabéla lemah cai. Teu ngingetkeun ka diri jeung kulawargana, korban jiwa jeung raga, nu penting mah asal kahontal cita-cita bisa merdéka tur ngabébaskeun lemah cai tina pangeréh pangjajah.
7. Watek pahlawan téh teu honcéwang sumoréang, cadu mundur pantrang mulang, berjuang keur lemah cai, lali rabi tégang pati, tara ménta pamulang tarima, bersifat satria, jeung iklas rido sartabisa ngorbankeun jiwa raga asal lemah cai merdéka.
8. Tujuan pahlawan téh nyaéta berjuang keur lemah cai, ngabéla bangsa jeung nagara sangkan lemah cai merdéka, bébas tina pangeréh pangjajah.

9. *Rumpaka kawih* nyaéta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh; mangrupa sekar anu kauger ku embat atawa témpo kalawan rumpaka atawa sair nu tangtu, boh puisi pupuh boh puisi lianna, biasana dipirig ku gamelan. Sabalikna, ari *rumpaka tembang* nyaéta seni sora lagu anu wirahmana bébas, ilaharna kauger ku pola pupuh atawa sa'ir lianna, biasana dipirig ku kacapi jeung suling.
10. Rumpaka kawih mibanda struktur lahir jeung struktur batin. Struktur lahir rumpaka kawih ngawéngku imaji, simbul/lambang, musikalitas (wirahma), jeung gaya basa. Ari struktur batin rumpaka kawih ngawéngku téma, rasa, nada (suasana), jeung amanat. Unsur rumpaka kawih sarua jeung unsur-unsur sajak lantaran rumpaka kawih téh saenyana mah mangrupa wangunan sajak, ngan p'edah sok dihaleuangkeun atawa dikawihkeun.
11. Mantra téh nilik kana wangunna mangrupa puisi (wangun ugeran), sok sanajan teu matok aturanana atawa teu ditangtukeun *guru laguna* (sora dina engang panungtung), *guru wilanganana* (jumlah engang dina unggal padalisan), jeung jumlah padalisan dina unggal padana.
12. Numutkeun sawatara ahli, mantra téh gumelarna dina mangsa *animisme/dinamisme*, raket patalina jeung kapercayaan urang Sunda alam harita. Dina kamekaranana, kapangaruhan ku ageman urang Sunda sapandeurieunana. Hal éta kapanggih dina sawatara mantra anu ngagunakeun kekecapan tina basa Arab. Bisa jadi mangrupa bukti, sanajan urang Sunda geus ngagem agama Islam, tapi henteu ngaleupaskeun sagemblengna kapercayaan warisan karuhunna
13. Mantra téh kaasup kana wangun puisi bébas, lantaran henteu kauger ku aturan anu matok saperti pupouh atawa guguritan
14. *Guru wilanganana* dina mantra nyaéta réaan engang dina unggal padalisan jeung réaan padalisan dina unggal padana anu henteu ditangtukeun cara dina pupuh, sedengkéun gurulagu nyaéta dangdingdungna sora nu mangrupa purwakanti boh nu aya dina sapadalisan (jajaran) boh nu ayaya dina unggal tungtung padalisan nu gelar dina sapada.

15. Purwakanti nyaéta dangdingdungna sora tungtung kecap boh dina saajar boh dina tungtung jajaran

ÉVALUASI

1. Karakteristik anu nyongcolang dina mangsa rumaja atawa mangsa SMA numutkeun érikson ngawengku sababaraha hal. Nu teu kaasup kana karakteristik anu nyongcolang dina mangsa rumaja nya éta ...
 - A. Aya kereteg pikeun ngagunakeun basa deungeun;
 - B. Resep ngabandingkeun kaédah, ajén-inajén, étika jeung kaayaan nu disanghareupanana;
 - C. Réspon jeung amarahna masih kénéh turun naék;
 - D. Paripolahna geus mola sagemblengna
2. Kamampuh mikir antara siswa SMP jeung SMA tangtu béda. Kamampuh siswa SMP dina ngalarapkeun kédah mikir formal téh masih kénéh kawatesanan. Sedengkeun siswa SMA mah kamampuh mikirna geus nepi kana tahap ...
 - A. Generalisasi jeung komperhensi
 - B. Generalisasi jeung abstrak
 - C. Komperhensi jeung abstrak
 - D. Generalisasi, komperhensif, jeung abstrak
3. Ieu di handap kaasup kana kamakeran kacerdasan murid SMA, iwal:
 - A. linguistik (kamampuh maké basa kalawan fungsional)
 - B. logis-matematis (kamampuh nalar)
 - C. pangalamana jeung lingkungan
 - D. musikal (kamampuh nyanggap jeung ngébréhkeun titi laras jeung wirahma),
4. Pikeun siswa, aya sababaraha hal anu bisa mangaruhan kana hasil diajarna, sakumaha diébréhkeun di handap, kajaba...
 - A. *Pupil formative experience*
 - B. *Pupil culture bilieve*
 - C. *Pupil properties*
 - D. *Pupil formative experience*

5. Guru téh diperedih kudu parigél pikeun ngamotivasi jeung numuwuhkeun karancagéan (kréativitas) siswa salila lumangsung prosés kagiatan diajar ngajar ku cara milih, nangtukeun jeung ngadumaniskeun metode anu mampuh numuwuhkeun kréativitas siswa, boh ngaliwatan “kerja kelompok”, “bermain peran”, jeung “pemecahan masalah”.

Ungkara di luhur téh ngébréhkeun pangajaran anu ...

- A. partisipatif
 - B. kréatif
 - C. aktif
 - D. épéktif
6. Nu henteu kaasup kana Konsép PAKEM / PAIKEM nya éta...
- A. Guru nyiptakeun suasana diajar anu jempling, répéh jeung teu ribut lantaran bakal ngaganggu ka kelas séjén
 - B. Siswa aub dina sagala rupa kagiatan anu udagana pikeun mekarkeun cangkeman tur kamampuh ngaliwatan paripolah langsung
 - C. Guru ngajurung laku siswa dina diajarna nurutkeun kahayang dirina anu tujuanana sangkan idé jeung gagasanana bisa ébréh; kitu deui dina miara jeung ngamumulé lingkungan sakolana ditumuwuhkeun rasa mikaresep jeung rasa tanggungjawabna
 - D. Guru nyiptakeun suasana diajar kooperatif tur interaktif boh sacara kelompok atawa séwang-séwangan
7. Modél pangajaran anu nyugémakéun (*joyfull instruction*) mangrupa prosés kagiatan diajar ngajar ...
- A. Anu di jerona aya tatali wargi anu kuat antara guru jeung siswa, sanajan aya rasa kapaksa nu penting katémbong ayana rasa silih asih, silih asuh jeung silih asah
 - B. Anu di jerona aya kohési anu kuat antara guru jeung siswa, sama sakali teu aya rasa kapaksa komo deui aya maké jeung kudu aya tekanan (intimidasi), éstuning katémbong ayana rasa silih asih, silih asuh jeung silih asah

- C. Anu di jerona aya kanyaah anu kuat antara guru jeung siswa, sok sanajan dina kaayaan kapaksa lantaran nu utama mah bisa katémbong ayana rasa silih asih, silih asuh jeung silih asah
- D. Anu di jerona aya gawé babarengan anu kuat antara guru jeung siswa, ulah boga rasa kapaksa, da anu penting bisa katémbong ayana rasa silih asih, silih asuh jeung silih asah
8. Titénan ungkara ieu di handap kalawan telik!
- 1) Umur jeung Wanda Jinis
 - 2) Pengalaman sakola
 - 3) Kamampuh Sosial Ékonomi Kolot
 - 4) Tingkat Kecerdasan
- Nu mangaruhan karakteristik Siswa nya éta ...
- A. 1 jeung 2
 - B. 2 jeung 3
 - C. 2 jeung 4
 - D. 3 jeung 4
9. *Téacher properties* nyaéta sagala rupa hal anu aya patula-patalina jeung sifat nu dipibanda, sakumaha nu ditaan di handap, kajaba...
- A. Sikep guru kana profésina
 - B. Sikep guru ka siswana
 - C. Kamampuh atawa intelegénsi dirina
 - D. Kasang tukang kahirupan jeung budayana
10. Modél pangajaran aktif anu loyog jeung pamadegan Saderék, nyaéta ...
- A. Pamarekan pangajaran anu teu perlu ngalibetkeun aktivitas siswa dina ngaksés informasi jeung élmu pangawéréh anu bakal diguar babarengan dina prosés kagiatan diajar ngajar di kelas, lantaran ari nyayagikeun bahan informasi mah cukup ku guru baé
 - B. Pamarekan pangajaran anu leuwih loba ngalibetkeun aktivitas siswa dina ngaksés informasi jeung élmu pangawéréh anu bakal diguar babarengan dina prosés kagiatan diajar ngajar di kelas, ku cara kitu maranéhna miboga pangalaman anu bisa ngaronjatkeun kamampuh jeung kaparigelan

- C. Pamarekan pangajaran anu teu salawasna ngalibetkeun aktivitas siswa dina ngaksés informasi jeung élmu pangawéruh anu bakal diguar babarengan dina prosés kagiatan diajar ngajar di kelas
- D. Pamarekan pangajaran anu ngalibetkeun aktivitas siswa lamun diperlukeun dina ngaksés informasi jeung élmu pangawéruh anu bakal diguar babarengan dina prosés kagiatan diajar ngajar di kelas.
11. Anu lain mangrupa ciri hakekat basa nya éta...
- A. Basa téh arbitrer
 - B. Basa téh universal
 - C. Basa téh kontekstual
 - D. Basa téh komunikatif
12. Dumasar kana karakteristik lahiriahna, yén basa téh miboga ciri-ciri sakumaha anu tataan di handap, kajaba...
- A. Idéntitas fisik jeung kontéktual
 - B. Idéntitas psikologis, jeung géografis
 - C. Identitas fungsional jeung structural
 - D. Idéntitas étnik jeung sosiologis
13. Pangna disebutkeun hiji sistem, basa téh mibanda sifat sistématis tur sistemik. Nu dimaksud sistematis jeung sistemik téh...
- A. Lantaran basa téh ngandung unsur-unsur anu puguh éntép seureuhna; ari disebut sistemik, lantaran basa téh mibanda aturan anu disaluyuan ku panyaturna sarta bisa diropéa, saperti: aturan fonologi, tatabasa jeung semantik
 - B. Lantaran basa téh ngandung unsur-unsur anu puguh éntép seureuhna; ari disebut sistemik, lantaran basa téh mibanda pola atawa aturan anu dumuk sarta bisa diprédiksi/diramalkeun, saperti: aturan fonologi, tatabasa jeung semantik
 - C. Lantaran basa téh ngandung patokan anu puguh; ari disebut sistemik, lantaran basa téh mibanda aturan anu bisa diropea luyu jeung kahayang para panyaturna
 - D. Lantaran basa téh ngandung ajén-inajén anu geus dipagéuhan ku nu makéna éta basa; ari disebut sistemik, lantaran basa téh mibanda pola

atawa aturan anu dumuk sarta bisa diprédiksi/diramalkeun, saperti: aturan fonologi, tatabasa jeung semantik

14. Basa téh miboga sifat ngabudaya (*cultural*) lantaran salian ti basa mangrupa unsur budaya ogé jadi alat pikeun ngagedékeun jeung ngamekarkeun budaya, hartina...
- A. Tanpa basa, budaya moal bisa mekar. Lantaran basa anu miboga kalungguhan universal
 - B. Tanpa basa, budaya moal bisa mekar. Lantaran basa anu miboga kalungguhan nu komunikatif budaya.
 - C. Tanpa basa, budaya moal bisa mekar. Lantaran basa anu miboga peran penting dina budaya.
 - D. Tanpa basa, budaya moal bisa mekar. Lantaran basa anu miboga kalungguhan katalisator budaya
15. Anu lain mangrupa unsur budaya nya éta...
- A. Pacabakan jeung kamasarakatan
 - B. élmu pangawéruh , pakakas, undagi, jeung téhnologi
 - C. Basa jeung seni
 - D. Agama kayakinan
16. Nu lain mangrupa ciri has basa Sunda nya éta...
- A. Kaunikan Tataran wacana
 - B. Kahasan Tataran Sora
 - C. Kahasan dina Tataran Kalimat
 - D. Kahasan Tataran Kandaga Kecap
17. Pikeun sebutan basa, aliran béhavioris leuwih resep ngagunakeun sebutan *paripolah verbal*, maksudna...
- A. Sangkan leuwih parigél paripolahna saperti paripolah nu liana bisa dititénan (dipelajari).
 - B. Sangkan leuwih katémbong paripolahna saperti paripolah nu liana bisa dititénan (dipelajari).
 - C. Sangkan leuwih lumrah paripolahna sangkan bisa dititénan (dipelajari) ku sing saha baé
 - D. Sangkan leuwih katémbong unsur-unsur basana sangkan bisa dititénan (dipelajari).

18. Unsur-unsur anu teu kaasup unsur méloidi dina rumpaka kawih, nyaéta ...
- A. Laras
B. Surupan
C. Wirahma
D. Pirigan
19. Istilah “rumpaka kawih” dina sastra Sunda téh bisa disaruakeun jeung dina sastra Indonésia.
- A. Lirik
B. Irama (wirahma)
C. Rima (purwakanti)
D. Notasi
20. Lagu-lagu anu wangun rumpakana kaasup kana wangun dangding atawa guguritan disebutna...
- A. Kakawihan
B. Kawih
C. Tembang
D. Lagu pop
21. Di antaran unsur-unsur anu teu kaasup unsur fisik rumpaka kawih, nyaéta...
- A. Simbul
B. Téma
C. Imaji
D. Wirahma
22. Nu henteu kaasup kana fungsi kakawihan nya éta...
- A. Kakawihan keur mépéndé budak
B. Kakawihan keur magawé
C. Kakawihan kaulinan
D. Kakawihan keur atikan
23. Nu henteu kaasup ciri basa budak nya éta...
- A. Yén basa budak mah basajan; ungkara kalimahna parondok diwangun ku sakecap dua kecap.
B. Sistem basa minangka tuduh jalan spesifikasi kasawawaan
C. Ngawangun kecap anyar ku cara ngarobah atawa dicokot sabagian, contona: ngarobah kecap tina nyuhunkeun jadi ukeun, tina menta jadi enta, nuduhkeun ayana potensi kreativitas dina wangun anu basajan;
D. Kecap-kecap nu dipilih kecap-kecap nu dimimitian ku aksara bilabial/oral-dental (/b/,/m/), labio-dental (/p/, /t/) jeung stop-frikatif (/p/, /f/) conto: mamam, pipis, popo (bobo,), obo, jst.

24. EUNDEUK-EUNDEUKAN

*Eundeuk-eundeukan lagoni,
Meunang peucang sahiji,
Leupas deui ku nini,
Beunang deui ku aki.*

Kaasup kana conto kakawihan

- A. Kakawihan keur mépéndé budak
- B. Kakawihan keur magawé
- C. Kakawihan kaulinan
- D. Kakawihan keur atikan

25. Ditilik tina wangunna mantra téh kaasup wangun...

- A. Puisi
- B. Prosa
- C. Prosalirik
- D. kawih

26. Upama nilik kana fungsina, jangjawokan, jampé, jeungajian kagolong kana

- A. uga
- B. cacandtan
- C. candrasangkala
- D. mantra

27. Ayana gurulagu jeung guruwilangan dina mantra, sipatna...

- A. aya, tapi henteu nguger statis
- B. aya sarta nguger jeung mangrupa patokan anu maneuh
- C. aya jeung teu ayana henteu jadi pasualan
- D. teu maké aturan

28. *Sang Balégading bakaling langit*

Sang Baléputih bakaling bumi

Sakata hé nyawa punika

Ana ingsun kabéh

Ya ingsun karsadatulloh

(Tina naskah *Galuring Sastra*)

Mantra di luhur dipapatkeun sangkan

- A. Nu séjén mikaasih ka diri nu mapatkeunana
- B. Dibéré kakuatan, kasaktian, kabledasan jeung kadugalan
- C. Dijauhkeun tina hal-hal anu teu dipikahayang
- D. Ngubaran jeung ngaleungitkeun kasakit, kanyeuuri atawa kabiasaan

29. Conto kalimah anu ngagunakeun purwakanti mindoan kecap nyaéta ...

- A. Hirup jeung dulur téh kudu saucap, saréngkak, jeung saparipolah.
- B. Hujan ngaririncik, kawas méré kila-kila yén bakal hujan cisoca.
- C. Jung geura nangtung geura sakola ka Bandung.
- D. Hayang ulin ka Bandung téh da hayang panggih jeung manéhna.

30. Nyi Ara-ara

Nyi Iri-iri

Ulah sok jail ka adi

Tuh, da sia bawa ngajadi

Jep meneng si jabang bayi

Mantra di luhur miboga fungsi ...

- A. Ngubaran budak nu geuring
- B. Ngubaran budak nu ceurik waé
- C. Nyinglarkeun tina pangjail batur
- D. Sangkan si jabang bayi salamet

KONCI JAWABAN ÉVALUASI

No	Jawaban nu bener	No	Jawaban nu bener
1	D	16	A
2	A	17	B
3	D	18	D
4	A	19	A
5	B	20	C
6	A	21	B
7	A	22	D
8	D	23	B
9	D	24	C
10	B	25	A
11	C	26	D
12	C	27	A
13	B	28	B
14	C	29	B
15	D	30	B

PANUTUP

Modul Kelompok Kompetensi A SMA/SMK diwewegan ku Penguatan Pendidikan Karakter (PPK). PPK mangrupa program pikeun mageuhan karakter siswa ngaliwatan harmonisasi étik, kaéndahan, literasi, jeung kinéstétik kalawan diwewegan ku rupa-rupa pihak anu gawé bareng antara sakola, kulawarga jeung masarakat. PPK ogé mangrupa bagian tina Gerakan Nasional Révolusi Méntal (GNRM). Tina sawatara ajén-inajén karakter bangsa, aya lima karakter utama anu diadumaniskeun jeung matéri nu aya dina ieu modul. Éta karakter téh ngawengku kana ajén religious, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

Saréngséna Sadérék ngalaksanakeun kagiatan diajar ngaliwatan ieu modul luyu jeung tahapan (prosudur) nu géus ditangtukeun, dipiharep kompetensi Sadérék bisa nambah parigél. Ti mimiti pedaran matéri kahiji nepi ka pedaran kasapuluh ku Sadérék géus kabaca sakabéhna. Pamuga baé éta matéri téh bisa kacangkem sagemblengna. Pikeun ngukur kahontal henteu tujuan nu géus disebutkeun boh tujuan sagemblengna modul boh tujuan nu aya dina unggal-unggal bagian, tangtu kudu dibuktikeun ngaliwatan évaluasi. Ku lantaran kitu, di bagain ahir ieu modul aya kagiatan évaluasi.

Carana, Sadérék kudu jujur ka diri lamun tujuan Sadérék hayang bisa. Teu meunang ngaheulakeun ningali konci jawaban. Kajaba mun Sadérék géus rengse migawé sakabéh soal, keur nganyahokeun hasil pagawéan Sadérék, kakara Sadérék ningali keur ngakurkeun hasil pagawéanana. Pék peunteun ku sorangan! Lamun skor Sadérék can nyugémakéun, wayahna balikan deui diajarna.

Ieu modul téh henteu ngan sakadar midangkeun kaweruh perkara matéri ajar, tapi diwewegan ku lima ajén atikan karakter. Eta lima ajén karakter téh integratif dina kagiatan diajar. Dipiharep sabada maca jeung ngulik bahan dina ieu modul, kompetensi guru dipiharep undak dina ngalaksanakeun tugasna. Jaba ti éta, guru bisa ngalarapkeun tur ngabiasakeun lima ajén atikan karakter utama dina ngajalankeun tugasna jeung dina hirup kumbuhna.

DAPFTAR PUSTAKA

- Durahman, Duduh. 1987. *Sastra Sunda Sausap Saulas*. Bandung: Medal Agung.
- Effendy, Onong Uchjana. 2002. *Hubungan Masyarakat (Suatu Studi Komunikasi)*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Effendy, Onong Uchjana. 2004. *Komunikasi Éféktif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Faturohman, Taufik. 1984. *Cupu Manik (kumpulan karangan bacaeun murid sakola lanjutan)*. Bandung: Medal Agung
- Iskandarwassid. 1992. *Kamus Istilah Sastra (Pangdeudeul Pangajaran Sastra Sunda)*. Bandung: CV. Gégér Sunten
- Koswara, Dedi. 2010. *Sastra Sunda Buhun*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, Universitas Pendidikan Indonesia.
- Koswara, Dedi. 2010. *Sastra Sunda Modern*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, Universitas Pendidikan Indonesia.
- Lembaga Basa jeung Sastra Sunda. 1976. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung : Tarate
- Mustappa, Abdullah. 1992. *Saratus Sajak Sunda*. Bandung: CV. Gégér Sunten.
- Pateda, Mansoer. 1990. *Aspék-Aspék Psikolinguistik*. Yogyakarta : Nusa Indah.
- Rosidi, Ajip. 1983. *Dengkleung Dengdek*. Bandung : Angkasa
- Rosidi, Ajip. 1983. *Ngalanglang Kasusastraan Sunda*. Jakarta : Pustaka Jaya
- Rustiyah NK.1998. *Strategi Belajar Mengajar*. Jakarta: Rinéka Cipta.
- Rusyana, Yus. 1998. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Rachmat Cijulang
- Satjadibrata, R. 1948. *Kamus Basa Sunda*. Jakarta: Bale Pustaka.
- Sanjaya, Wina. 2010. *Perencanaan dan Desain Sistem Pembelajaran*. Jakarta: Kencana Perdana Média Group.
- Sudaryat, Yayat. 2014. *Linguistik Umum (Élmuning Basa) ulikan ilmiah*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, Universitas Pendidikan Indonesia.
- Sudaryat, Yayat. 2015. *Wawasan Kesundaan*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, Universitas Pendidikan Indonesia.

- Sudaryat, Yayat dan O. Solehudin. 2009. Psikolinguistik. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, Universitas Pendidikan Indonesia.
- Sudaryat, Yayat. 2003. Pedaran Basa Sunda (Pangajaran Basa Sunda pikeun SMU, Mahasiswa PGSD jeung Guru Basa Sunda). Bandung: CV Gégér Sunten.
- Sumarsono, Tatang. 1984. Pedaran Sastra Sunda pikeun murid SLTA. Bandung: Medal Agung
- Yudibrata, Karna, dkk. 1989. Bagbagan Makéna Basa. Bandung: Rahmat Cijulang

GLOSARIUM

<i>aspék inkoaktif</i>	=	aspék kecap anu nuduhkeun harti panegés paripolah, saperti: <i>jung</i> nangtung, <i>gék</i> diuk, <i>léos</i> indit
<i>believe sistem</i>	=	kapercayaan anu géus ngadarah daging
<i>body languagé</i>	=	basa obahna raga, péta, rengkak
<i>constancy</i>	=	sacerewelena
<i>distinctive</i>	=	pikeun ngabédakeun
<i>esensi</i>	=	enas-enasna, acining ati
<i>fungsi personal</i>	=	gunana tatakrama pikeun ngukur kaajegan pribadi hiji jalma
<i>fungsi sosial</i>	=	gunana tatakrama téh pikeun ngukur luwes henteu hiji jalma dina hirup kumbuh di masarakat
<i>fungsi cultural</i>	=	<i>gunana tatakrama téh pikeun ngukur nepi ka lebah mana adab-adaban jeung kaluhungan budi hiji jalma</i>
<i>fungsi edukasional</i>	=	<i>gunana tatakrama téh pikeun ngukur nyakola henteun hiji jalama</i>
<i>fungsi integrative</i>	=	gunana tatakrama téh pikeun nuduhkeun patula-patalina dina sistim kamasrakatan
<i>fungsi instrumental</i>	=	gunana pikeun ngolah lingkungan nepi ka kajadian atawa hiji peristiwa bisa lumangsung
<i>languagé acquisition devide (LAD)</i>	=	mangrupa alat biologis anu diteundeun dina otak anu fungsi husus pikeun kapentingan basa
<i>gérerality</i>	=	nurutkeun lumbrahna, kumaha ceuk umum
<i>habit béhaveor</i>	=	kabiasaan paripolah

<i>innateness hypothesis</i>	=	hipotesis nurani
<i>intentionality</i>	=	dihaja diayakeun
<i>intrinsic reinforcement</i>	=	meunang pangdeudeul ti dirina sorangan
PPK	=	Penguatan Pendidikan Karakter, mangrupa program pikeun mageuhan karakter siswa ngaliwatan harmonisasi étik, kaéndahan, literasi, jeung kinéstétik kalawan nyoko kana ajén religious, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.
<i>primary reinforcement</i>	=	pangdeudeul utama pikeun ngaenyakeun
<i>pupil formative experience</i>	=	kasang tukang kahirupan
<i>pupil properties</i>	=	karakter nu dipimilik ku dirina
<i>rule-governed</i>	=	ngawasa kaédah basa
<i>selective reinforcement</i>	=	pangdeudeul pilihanana <i>unduring laku jeung lajuning laku</i> = nyoréang laku ka tukang pieunteungéun lampah ka hareup
<i>voluntariness</i>	=	foném nu sahayuna